ISSN 0235 - 0130

# Гьудуллъи

16+

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ




80
ЛЕТ
СОЮЗУ
ПИСАТЕЛЕЙ
ДАГЕСТАНА

# ГЪУДУЛЛЪИ



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературияб ва художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Дагъистан Республикаялъул хIукумат

**Учредитель:** Правительство Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**3**

**2016**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова
ТубхIат Зургьалова - *жавабияй секретарь*
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.

**Номералда руго:**

## ЮБИЛЕЙ

**М. АхIмадов.** Рамазанил борхалъи.........................................................................3
**Р. ГIабдулатIипов.** ВатIаналде кагътал. *КучIдул*..................................................6
**Р. ГIабдулатIипов**. Нухда унаго рачIарал пикраби............................................20

## ХIИСАБАЛ, СУАЛАЛ

**М. ПатахIов.** ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунила.......................................28

## ЦIИЯЛ АСАРАЛ

**М. АхIмадов.** Эменги васги.................................................................................34
**ГI. Малачиева.** КватIун тIинкIараб магIу. *Хабар*................................................39

## БИХЪАРАБ, БАТАРАБ, ЛЪАРАБ

**ХI. ХIамзатов:** «Дие хириял цIаразул дица киданиги учучу гьабичIо».............47

## БАКЬАГЬЕЧIИСА ЧIАНКIА ГЬАВУРАЛДАСА 150 СОН.

**Ш. МухIидинов.** ГIелмуги гIакълуги цолъун гIамал куцарав шагIир................57
**БакьагьечIиса ЧIанкIа**. *КучIдул*..........................................................................62

## ИСЛАМАЛЪУЛ ТАРИХ

**А.ХIасанов**. Гъазизабазул ирсилал........................................................................69

## КУЧIДУЛ

**ГI.Ибрагьимова**........................................................................................................80
**А.СултIанахIмадов**..................................................................................................86

## ЛЪАЛИЩ НИЛЪЕДА?

М.-Р.Гъиматил. Умумузул цо-цо тIаг1алабазда ва роцабазда цIарал..................91

## ЦIИЯЛ ЦIАРАЛ

**К.Малачиева.**............................................................................................................93

## ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБ ЦОЯБГИ

**ЦIадаса ХIамзат**. Къадакоги росги. *(Басня)*.......................................................95

Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Журнал зарегистрирован Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций. Регистрационный номер ПИ №ТУ5-0013 от 20 мая 2009 г.

**Типография: Издательский дом "Дагестан"**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №3 2016 г.**
май - июнь
*На аварском языке*

Выход в свет 6.06. 2016 г. Тираж 720 экз.
Заказ № 0503 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*
***Адрес редакции и издателя:*** *367025, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова 55.*



## РАМАЗАНИЛ БОРХАЛЪИ

Къоло цо соналъ цебе дица хъван букIана Рамазан ГIабдулатIиповасе сайгъат гъабураб кечI. Гъеб букIана Совет Союзги биххараб, рохелги лъугIараб, кIудияб улка, кескалги гъарун, гьородахъ биччараб, гIадамал щиб гьабилебали лъаларого хутIараб, тIадчагIи лъавудаса араб, араб кIочон тараб, жакъасеб къваридаб, букIинесеб накIкIулъ тIерхьараб, хьул къотIараб, къасд билараб, анищ щущараб, гIумруялъул магIна магIилъ бахчараб заман. Дица политиказеги, тIадчагIазеги, бечедал чагIазеги киданиги кечI хъван букIинчIо.

Амма Рамазан ГIабдулатIиповасе сайгъат гьабураб гьаб кечI, цIалеб хIухьел гIадин, гIадатго ва хIажатго жибго чвахун бачIана:

**Рамазан, заманалъ тIаса рищарал**
**ТIадчагIазда гьоркьов кинан вугев мун?**
**Мунагьал гIемераб дуниялалда**
**Дагъистаналъе как балев ватила.**

**Рамазан, заназде къулараб заман,**
**НагIана магIилъ лъун, балагьун буго.**
**Балагьалъул накIкIукь тIепараб улка,**
**ТIерхьун араб бакълъун, лъугьунеб буго.**

**Рамазан, загьруяб мугьру чIван буго**
**ЧIвадарухъабаца унел нухазда.**
**Халкъазул магIил цIад чвахулеб буго,**
**Миллатал молода лъун унел руго.**

**Рамазан, заманалъ тIаса рищарал**
**ТIадчагIазда гьоркьоб кьуре дуца михъ,**
**МагIарулас гIадин гьеб кьуруларин**
**Кьуруге кидаго дурго нухдаса.**

**Рамазан, гъудузда бичIчIуларо цIум,**
**ЦIудуца кидаго кколаро тIутIал.**
**ТIогьазда вижарав тIогьазда хола,**
**Борхалъуда хварав гьенив вукъула.**

**Рамазан, баркала, Дагъистаналъе**
**Дур как къабуллъаги лъикIлъи цIунизе.**
**Ралъдалъ билун гьечIо лъебелазул лъар,**
**Лълъар борхулеб буго дица дур рахъалъ.**

Гьаб кечI хъван арал гIемерал соназдаса хадуб Рамазан ГIабдулатIиповасул гIумруялда гIемерал хиса-басиял ккана, гьес хIукуматалъул гIемер кIуди-кIудиял идарабазе нухмалъи гьабуна, ахирал соназ Дагъистаналъул БетIерлъун ккана, дунялалда рагIарав Россиялъул политиклъун лъугьана.

Рамазаниде бугеб рекIел божилъиялда бижараб гьаб кочIол магIна жакъа киназдаго бихьуледухъ ва рагIуледухъ рагьун бачIун букIиналдаса дун вохарав вуго, магIарулав гIадин, дагъистанияв гIадин.

Рамазан ГIабдулатIипов вуго цIар рагIарав политик, гъваридав гIакъил-философ, гьелда тIадеги шигIрабазулги, бакънazулги, суратал рахъиялъулги гьунар гIадамазе бикьулев махщалил устар. Жиндирго кинабго гьунар гьес Дагъистаналъе кьуна ва кьолеб буго:

«Дагъистан буго мугIрузул улка. МугIрул ккола тIубаго батIияб дунял. МугIрул – руго берцинлъи ва кIодолъи. МугIрузда лъикIал гIицIго мугIрул гурони рукIунаро. Дир ГьебгъутIа росу буго Дагъистаналда Кавказалъул мугIрузул тIогьиб. Гьениб накIкIаздасаги тIадехун гIумру гьабулеб букIана дир умумуз. Гьезул батIияб бухьен букIана тIабигIаталъулгун. Аралъул щибаб къойил хIасил гьаби, жидерго ишазе философиялъулаб къимат кьей, гIадатияб гIумруялъе, хIатта цIакъго хIажат гьечIилан кканигицин, цо хасаб магIна кьезе бажари, гьединго тIадаб борч, яхI, намус, къадру жидеего хасаб къагIидяалъ бичIчIи – гьединаб буго магIарулазул хасият, гьез гIумру гьабулеб къагIида»,

- абун хъвана Рамазан ГІабдулатІиповас ва жиндирго кочІолъ ахІана Дагъистан, рагІабиги дугІаялде сверизарун:

**Дагъистан – дир дугІа, даимаб рокьи,**
**Дур рагъазулъ чанги дир би чвахана.**
**МунгІан тІадегІанаб борхалъи гьечІо,**
**Дуда цебе бетІер къулулеб буго.**

**…Дагъистаналъ рана гІемер къарнаби,**
**Къадру-намусгун гьеб цадахъ бижана.**
**ЦІакъ кІудияб талихІ кьун буго нилъей,**
**Бокьизе хирияб Дагъистан букІин.**

**…Дагъистан – мугІрузул беразул канлъи,**
**Дагъистан – дир рекІел гама чІолеб бакІ.**
**ТІадвуссуна духъе дун рикІкІадаса,**
**Мун буго магІналъун дир гІумруялъул.**

Жиндирго гІумруялъул магІналъун бугеб Дагъистаналъе гІоло, ватІаналъе гІоло, ватІаналъул тІогьаллъун ругел магІарулазе гІоло, тІогьол квацІилъун кенчІолел кучІдузе гІоло, гІадатиял гІадамазе гІоло, магІарул росабазе гІоло, росабалъ кенчІолел иццазе гІоло, инсул тІалъиялъул тІадегІанлъиялъе гІоло, тухум-кьибилалъул кьалбаллъун бугеб къадруялъе гІоло, къарну цІунулеб гІакълуялъе гІоло, гІакъиллъи батараб, цІумазул гьаркьал росараб рахьдал мацІалъе гІоло, гІумру цІунун бугеб цІаралъе гІоло, цІаралда хІур хъвачІеб гІамалалъе гІоло, рокьуе хисичІеб хасияталъе гІоло, хасаб берцинлъи бугеб гьунаралъе гІоло, каранда къалъараб лъикІлъиялъе гІоло, Дагъистаналъул даимаб кІодолъиялъе гІоло, эбел-инсуе, гІагарлъиялъе, гьудуллъиялъе ритІухълъиялъе гІоло гІумру гьабуна ва гьабулеб буго Рамазан ГІабдулатІиповас. Гьеб буго гьесул талихІ, гьесул Рамазанилаб борхалъи ва Рамазанилаб чІухІи:

**Дица цІакъ гІащикьго гьабуна гІумру,**
**Ва дир къадар буго кІудияб къисмат.**
**Умумулги, халкъги, дирго ватІанги –**
**РукІана хириял – гьезий хІалтІана.**

Гьединав вуго Дагъистан абураб цІаралда Рамазан абураб цІар цІакъ рекъон кколев Рамазан ГІабдулатІипов.

***МухІамад АХІМАДОВ,***
***Дагъистаналъул халкъияв поэт.***

Рамазан ГІАБДУЛАТІИПОВ

# ВАТІАНАЛДЕ КАГЪТАЛ

## ВАТІАН БОКЬУЛЕСДА МАКЬИЛЪ БИХЬУЛА

ВатІан бокьулесда, рикІкІаде индал,
Рихьула макьаби, ургъалил цІурал.
Диде гьудулзабаз гІайиб гьабула,
ГІагараб ракьги тун, щай аравилан.

ВатІан бахчун буго дир гьинал рекІелъ,
Гьеб дица толаро, гьелъ дунги течІо.
СихІкъотІарал сагІтаз, дир пикрабаца
Кидаго толаро гьелдаса тІезе.

ГІагараб улка тун ине ккана дун,
Гьаб фарси мацІалъул пачалихъалде.
Гьаниб Памиралъул рикІкІалъиялда
Россиялъул мурад тІубала дица.

Дир щаклъи кколаро гьудуллъиялда,
Гьелдасан махІрумлъун чІезе рес гьечІо.
ТІадчагІаз гІундузе ахх бачине те,
Нилъ халкъалъул рухІгун рекъезе ккола.

ВатІаналде бугеб рокьи цо-цояз
Хисана учузаб бечелъиялъухъ.
Багьа гьелъул хехго хисизабуна, –
ВатІан гьечІонани, гьечІо дий гІумру.

Риччай политиказ рицине гьерсал,
Бичараб ритІухълъи хъвазе газетаз.
Дун дирго халкъалда цадахъ вукІана,
ГІагарал-божарал дица ричичІо.

Божула, цІилъила ватІанги халкъги,
Гьанже лагълъиялъул гьерсаз гуккулел.
Россиялъул кьолболъ буго гьудуллъи,
Гьереси бицунев патриот гуро.



## ЦО ВАТIАН НИЛЪЕЦА КЪАНАБАКЬ ЛЪУНА

**Цо ватIан нилъеца лъуна къанабакь,**
**Буго Россиялда чIегIер бараб мех.**
**Амма улка буго каранда цIунун,**
**РакIалъ балагьула цIияб гIагарлъи.**

**ЦIияб ками ккелин, хIинкъун ратани,**
**ХIажат буго нилъей цадахъ рукIине.**
**ВатIаналъе кьезе нилъерго гьунар,**
**Нилъ къуватал руго цолъун ругони.**

**ВатIаналъе хIинкъи бугел чIукIинаби**
**Риччай гIорцIичIого хутIизе даим.**
**ГIадада ккеларо нилъер хIаракат,**
**Баракат рещтIине буго халкъалда.**

**ТIолго берцинлъигун тIегьала ватIан**
**Нилъер киназулго каранда жаниб.**
**ГIагарлъе, гIадамал, цолъе нуж, халкъал,**
**Къадруги рокьиги кье ватIаналъе.**

**Анищал цIи гьарун, цIар борхизабун,**
**Баккила цIидасан ватIаналъул бакъ.**
**ВатIан бокьулезда хIалхьи лъаларо,**
**Нилъ цадахъ рахина борхалъиялде.**

Россиялъе нуцIби рагьила ракьалъ,
РачIина паракъат нилъ лъикIлъиялде.
Божана, божула дун ватIаналда,
Бокьана, бокьула дие дирго халкъ.

ВатIаналъул заман борцуна веказ,
Гьеб даимаб буго дуе ва дие.
Гьал ургъалил цIурал жугьабиги хъван,
Гьедула: ВатIан – гьеб дир къисмат буго.

## МУГIРУЗДА ТIАД БУГО ГВАНГЪАРАБ КАНЛЪИ

МугIрузда тIад буго гвангъараб канлъи…
ЛъимергIан вацIцIадго вуссунев вуго,
Росулъе, мугIрузде гьале цIидасан,
ГIолохъанал соназ вачунев гIадин.

Вахуна анищаб борхалъиялде,
Даим Аллагьасде гIагарда бугеб.
Гьелъ нилъее гIоло гьабуна хIукму,
МугIрузе къулизе кколин нилъилан.

Пула борхалъуда кутакал гьурал,
Гьаниб гIумруялъ шавкъ данде гьабула.
Рахуна мугIрузде, рогьалилъ рахъун,
Гьеб цо лахIзаталда берчIвазе гIоло.

МугIрузде рахиндал, черхалда лъала,
Ччорбазул ссудигун хIатIазул свакай.
Щибаб гохIгун щобалъ тIаде цIала ракI,
Берцинлъи пикругун цолъун рачIуна.

Дица дирго мугIрул гьаб къисматалъе
Къаси сардилъ, свакан, баркала кьола.
ТалихI – дунялалда даимаб букIин
Дир гьитIинаб росу – хирияб бусен.

## БОРХАТАБ МАГIАРАДА БУГЕБ ДИР РОСУ

Борахатаб магIарда бугеб дир росу,
Даимаб жиндирго гIумругун рекъон.
БухIараб бакъукьги, моцIрол канлъукьги
Кидаго гьеб буго дир къисмат цIунун.

Азарил сонаца гьаниб кинабго
Бижулебги буго, холебги буго.
Цо–цоял рокьула, цоял – рихуна,
РосугIан хирияб бакI дие гьечIо.

Росдада тIад буго сихIкъотIи, хIалхьи,
АхIула кечI даим цого–цо тIогьаз.
Цоцазулъ къец балел ругилан ккола,
Кидаго ва кибго хвел гьечIеб гIадин.

Ва гIагараб росдал даимаб звангъи,
СихIкъотIидул рекIел къвакIилъун бугеб.

Нилъер чIаголъиги, нилъер макьуги
Ракьалде бачIуна борхалъудасан.



РФялъул тIоцевесев президент Б. Ельцингун

Сверухъ мугIрул руго хъаравуллъуда,
ГьитIинал росаби дандеги гьарун.
Печазул кIкIуй буго зобазде унеб
ГIахьалаб хинлъиялъ цIунараб росулъ.

МугIруз цIалеб буго бацIцIадаб хIухьел,
РоцIарал иццазул цIорораб лъадал.
КIкIалабахъ хIанчIазул чIичIиди буго,
Херазул сасараб хабар гIадинаб.

Цо-цо лъимал руго рекерахъдулел,
Росдае гьез рохел цIикIкIинабула.
Лъимадулаб бадиб цIа кунчIулаго,
Гьез балъго босула тIогьазул гIамал.

РакIалде щвеязул гьакида рекIун,
РачIуна тIадруссун арал гIасраби:
МагIарулалъ хъвала, цебе гIадин, хер,
Херав магIарулас кьурула михъал.

Мискинаб ракь буго нилъер магIарухъ,
ГIадамаз захIматго хIалтIизабулеб.
Мугъзада ракь баччун, гьарурал хурзал,
Руго сверухълъуда, болъаби гIадин.

Намусги ияхIги рухI кьун цIунулеб
ГIамалгун хасият буго магIарухъ.
Рецц–бакъ хIажат гьечIо магIарулазе,
ГIамал квешаз гьаниб гIумру гьабичIо.

ХIинкъучазе тIогьаз нагIана кьола,
Инсан бегьуларо хIакъир гьавизе.
Памятникал гьанир эхетуларо,
ИяхI, ясбер гIадин, цIунула гьаниб.

Росдада тIад лъола цIудуца бусен,
Буго борхалъуда гIатIидаб гIумру.
Щивго гIадамазда тIад чIухIуларо,
МугIрузул васият – къадруяб гIумру.

Росабазда цадахъ нилъер щивавги,
Прометеял гIадин, руго магIарухъ:

Нилъ, ХIамзатил цоял, Расулил цоял,
ГIагараб ракь кочIолъ ахIулел руго.

Жакъасеб къисматалъ нуцIа къаниги,
Къалъула берцинлъи Дагъистаналъул.
Лъала, гьанив Шамил кIочене гьечIо.
Гьесул рухIги яхIги билизе гьечIо.

Икъбалалда щайзе гIайибал чIвалел,
Къадру–намусалъул къуват билидал.
Гьал мугIрузе ккола къулизе бетIер,
Ханзабиги реццун, хIелхIедичIого.

**Жакъа – магIарулав, бетIер хъахIлъарав,
Цогидав чи гуро, дун унев вуго.
Инсул доб некIсияб сухъмахъалдасан,
Росугун гIагарлъи буго балагьун.**

**Йохъ, тIадвуссун гьечIо Дагъистаналде
Инсул азбаралда магIу тIезе дун.
ХIалтIизе, гьел мугIрул чIаго гьаризе,
Къадруяб нух тезе вуссун вуго дун.**

**Лъала, росдаца тIадкъан буго дида,
Къадруги гIамалги цIунейин абун.
МагIарулав вуго намус бугев чи,
Гьев хIадур вукIуна къадругун хвезе.**

**Унго, дица нахъа танщинал нухал,
Вуссана росулъе дун цIакъго свакан.
Инсул некIсияб дарс кIочон танани,
Цо щибниги магIна гьечIо гIумрудул.**

**ХIурматияб свери бахъулеб гIадин,
Дун, росдал къватIал ккун, вуго хьвадулев.
Гьанир цоцазухъе гьоболлъухъ уна,
Ина дунги гьанив вац ГIабасихъе.**



**Азербайджан Республикаялъул президент И. ГIалиевгун**

МагIарухъ гIадамал сабурал руго,
Рохел–пашманлъидулъ хIалакин гьечIо.
Гьезул щибаб ргIулъ кучIдул рижула,
Гьобол гьез шагIирлъун къабул гьавула.

Къокъаб гIумруялъул халатаб сапар,
Хиялаца вачун рикIкIаде арав.
РикIкIун гIемер сонал къватIир раниги,
Рокъове вуссине дида кIоченчIо.

## НЕКIСИЯБ СИЯЛЪУХЪ – ГЪЕБГЪУДА РОСУЛЪ

НекIсияб сиялъухъ – Гъебгъуда росулъ
ЩайтIабазул бертин гьабулеб буго.
Гьенире ахIичIо нижер щивниги,
Набил АхIмадица бакъан хъваниги.

ХIухьбахъи гьабула къад щайтIабаца,
Бокьуларо гьезий къалъараб заман.
Къаси, сардилъ рахъун, гьабула бертин,
Асадулас гьениб  зурма бачуна.

Ана магIарухъа багIарараб къо,
МегIер бахчун буго сардил пардавалъ.
Сиялда аскIосан рагIад паркъола,
Мехтараб гьаракьгун щайтIан ахIтIола.

Абула цо-цояз, хабалъа рахъун,
Гьел бертабазул кеп босулел ругин.
Лъица щив берталъе ахIананиги,
Гьел цоцазда данде руго кьурдулел.

РукIуна гьеб берталъ ахIулел кучIдул,
РагIана пандрида рачунел бакънал.
Балъгояб рагIадалъ цIун бугеб сиялъ
ЦIала тIаде, даим, нилъер пикраби.

Амма, дагьаб цебе, щайтIаби чIана,
Щаяли бертадул гьаракь къотIана.
РагIана «Ямаха» щун бугин гьезий,
Кьун батила япон щайтIабаца  гьеб.

ЦIидаса чIегIерал рагIадал руго,
Рихьулел рукIкIарал мугIрузул рагьухъ.
ЩайтIабаз жидерго кучIдул ахIула,
ГIадамаца тараб росу батани.

Дун хIинкъулев вуго хутIилин росу,
Тоге, воре рехун, жамагIат, росу.
Гъез хъаравулзаби тезе бегъулин,
Тоге кьолбодаса ратIа гьаризе.

Амма къаси сардилъ, хабалъа рахъун,
Росулъе руссина нилъер умумул.
Хабалъе тIинкIарал гьезул бераздa
Росулъ нилъ дагь рукIин бихьизе гьечIо.

НекIсияб сиялъухъ – Гъебдуда росулъ
ЩайтIабаца бертин гьабулеб буго.
Гьаниб кидалгоги гIумру букIана,
Нилъеда релъулел руго шайтIаби.

## ДИР РОСУ

Дир росу бижун буго
Божулеб хабаралъе,
Арал соназул кьогIлъи
МагIналъун лъугьун бугеб.

Ниж гьанир гIурал руго,
ГIайиб лъицаго чIвачIо,
Гьелъие нугIлъи гьабун,
ХъахIлъарал бутIрул руго.

Дунгицин вуго херлъун,
Лъуна тIад инсул тIагъур.
Дагъистан буго ватIан,
ТIуркIуларо мугIрул вас.



Чачан Республикаялъул президент Р. Къадировгун

Накалда хIехь бекула,
Каранда цIул бичIула,
Жеги чIаго вукIина,
ТIаде их бачIинегIан.

Гьанир тIогьал – рорхатал,
Гьава – цIакъго бацIцIадаб,
ЦIорол тIагIеллъун бекун
Инилан кколеб буго.

Вац ГIабас, тIамур хъвалев,
ТIохда кьурдулев дунги;
Гьаб росдада ниж лъала,
Тушбаби гьанир гьечIо.

ЧотIахъанлъун вахъине
Гьанже дий кватIун буго,
ТIуркIизаризе ракIал
ГIолохъанал ясазул.

Бокьилаан воржине,
ГIолохъанлъи тIадбуссун,
Амма бетIералда тIад
Херлъиялъул кIкIуй буго.

ГьечIо арал къоязул
ХутIарал гьудулзаби,
Махсаро гьабизеги,
Гьединго кIалъазеги.

Дир росу бижун буго
Хвел гьечIеб хабаралъе,
Хабалазулъе уна
Гьанир, намусги цIунун.

## ДАГЪИСТАН – ДИР ДУГIА

Дагъистан – дир дугIа, даимаб рокьи,
Дур рагъазулъ чанги дир би чвахана.
МунгIан тIадегIанаб борхалъи гьечIо,
Дуда цебе бетIер къулулеб буго.

Мун кверде босула цо дир рокьуца,
Бикьун лъугIуларо дуде дир гIищкъу.
ГIадамалги рокьун, тIаде ворхарав,
Борхатаб Дагъистан берцин гьабурав.

Дагъистаналъе гьал балагьал киса,
Кескал лъугьинарун, гьаб тIутIун балел?
ГIалхулаб хъудигун, гьалдолеб бугеб
Дагъистаналъ дир ракI ссудизабула.

Кинан Дагъистаналъ цIунулеб жибго
Жиндирго чорокал лъималаздаса.
ДугIа рагIуларо БетIергьанасда,
Билараб куц буго нилъер божилъи.

Дагъистан, дун цо дур пикрабалъ вуго,
Дур магIнаялъ цIураб буго дир гIумру.
Дур къадру цIунулеб даимаб рагьда
Дица васасулаб налъи тIубала.

Дагъистан – шавкъалда угьулеб рагIи,
Даимлъидул улка, къисмат къалъараб.
Дагъистан, цIидасан такрар гьабула,
Гьинал ракIалъ дур цIар, вохун ва унтун.

Дица дур гьитIинаб горда гъоркьги чIун,
АхIула дир бищун лъикIал саринал.
Мун, шапакъат гIадин, бихьула макьилъ
Сардил сихIкъотIараб сагьвилъиялда.

РагIула, ахIула МахIмудица кечI,
Каранзул хазина Муие кьолеб.
Сордо рогьинегIан дир макьабазулъ
Шамилица мугIрул цIунулел руго.



Лъади Инарагун

Дагъистаналъ рана гIемер къарнаби,
Къадру–намусгун гьеб цадахъ бижана.
ЦIакъ кIудияб талихI кьун буго нилъей,
Бокьизе хирияб Дагъистан букIин.

Дир рекIей гIагараб ватIан буго мун,
РатIа тIеязулги рокьулги улка.
Дагъистан, духъ чIалгIен гIемерал соназ
ГIумрудул чIолареб чвахи буго дий.

Дагъистан – мугIрузул беразул канлъи,
Дагъистан – дир рекIел гама чIолеб бакI.
ТIадвуссина духъе дун рикIкIадаса,
Гьеб буго магIналъун дир гIумруялъул.

## БАЛАГЬУЛЕБ БУГО

Балагьулеб буго билараб алжан,
ЖужахIалъул гIазаб хIехьезе ккараб…
РагIа–ракьан гьечIеб совет хIукумат,
Кинан, щайзе, вацал, нилъ ратIалъарал?

Умумуз къулчIана гIемер гIакъуба,
ГIумру ритIухъаблъун лъугьине гIоло.
Гьудулзаби ругин балаан ахIи,
Ана доб гIахьалаб улка рахъ–рахъалъ.

ЦIидасан батана нилъеда ватIан,
Инсухълъи батизе гIечIо замана.
Нилъеца цебесеб гимн ахIаниги,
Тарихги ракъдаллъун, чIун буго гама.

Нилъ киналго цадахъ хинлъизарулеб
ЦIияб бакъ баккилин кколаро тIокIалъ.
КIоларо кIочене кIудияб ватIан,
Доба хутIана дир даимаб рокьи.

Амма гIодун гуро гIумру гьабулеб,
БачIун буго тIаде цIияб замана.
Киб бугеб мун улка – хераб ябучу,
Кибе босун араб букIарабщинаб?

РакIалде щвеязулъ шавкъ балагьула
Ва хъахIал расазда тIад квер бахъула.
Аралъул пикраби, рекIел рахIатхвей,
Дица, гьудулзаби, кинго цIунила.

Дие хIажат гьечIо хисулел цIарал,
РукIана гIадамал цоцалъ гIагарал.
Капитализмаялъ талихI гьаричIо,
Бечедасул лагълъун вуго мискинав.

## ТАДЖИКИСТАН

РикIкIадисеб улка, багIарараб ракь,
Кьола дуца дие мугIрул сихIкьотIи.
Таджикистан – алжан гьудулзабазе,
МугIрузул гьуинаб макьу гIадинаб.

Амма дир макьабалъ буго Дагъистан,
КигIан берцинаб бакI гьаб букIаниги.
Россия буго дир рикIкIадисеб хIинчI,
Даимаб борхалъи буго гьеб дие.

РакIалде щвеязул рихxи-хочигун
Эркенлъидал баркат лъала нилъеда.
Дие бокьун гьечIо гьудуллъи хвезе
Ва ругъназул унти цIилъизабизе.

Дун духъе вачIарав вуго, Таджикстан,
КIудияб Россиялъ вакиллъун витIун.
Мунго цохIо гуреб, нижеда цадахъ
Гьудуллъидул бакъалъ гьумер къалъизе.

ТIолго суалазе жавабал ратун,
Роржине нилъеца рорхила куркьбал.
Бокьараб бицеян абе тушбабаз,
Щаклъи гьечIо, щвезе буго баракат.

Нилъер гIумруялъул бищун хирияб
Хазиналъун буго гьудулллъи ва иш.
Къисматалъ нилъее кьун буго ватIан,
РитIухъго гьабила гьелъие хъулухъ.

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ДАИМАБ АХIИ

Дир Дагъистаналъул даимаб ахIи,
Дида цадахъ буго, рикIкIаде индал.
Манзил – квалквал гуро ватIан бокьизе,
ГIагараб ракьалъул рухIалъ ккола нилъ.

**Къурабазул магIу бецIцIулеб буго,**
**БахIарчияб дир ракь гIазабалъ буго.**
**Дагъистан, мун буго гIакъилав херав,**
**Мун – дир дугIа буго, дир алжан буго.**

**Йохъ, дида кидаго мун кIочон течIо,**
**ГьечIо цоги улка, мунгIан хирияб.**
**Лъала, инсуе мун цIакъ бокьулаан, –**
**ЦIакъ релълъарал руго эменги дунги.**

**ЦIияб кьвагьи буго Дагъистаналда,**
**ЧIван ва лъукъун руго хириял чагIи.**
**Гьеб дие унтиги ахIиги буго,**
**АхIмакъзабазе гьеб салютлъун буго.**

**Диде ирга щвечIо, амма гIемерал**
**ГIадамал ахирал соназда чIвана.**
**Гьелги рокьулаан гIагарлъиялъе,**
**Лъималлъун рукIана гьел кидаяли.**

**РагIула гъоркьлъалий росанин чагIи,**
**Ричулел ругин гьел, куйдул гIадинан.**
**Нилъехъа Дагъистан бахъун бугеб щай,**
**ГIадамазул гIадаб гIумру гьечIеб щай?**

**Амма ахал ихдал тIегьазе руго,**
**Бергьина лъикIлъиги квешлъиялдаса.**
**Щвела халкъалъухъе кватIараб канлъи,**
**ЦIунила Дагъистан балагьалдаса.**

**Хасел ун хадуса их бачIунелъул,**
**БачIина мугIрузде ракълилаб заман.**
**КIутIбуздаса бидул къатIраби рацIцIун,**
**БорчIила Дагъистан, хвалил макьу ун.**

## КЬЕ НЕКІСИЯБ КЬОЛБОЕ КЬЕЗЕ ККОЛЕБ НУЖЕЦА

**Кье некIсияб кьолбое кьезе ккoлеб нужеца,**
**Ва цIилъун рачIина нуж гьелда цадахъ кидаго.**
**Кьолбохъе гIедегIе нуж, ратIалъуге гьелдаса,**
**Ракьалдаса тIагIуна наслуялдаса тIурал.**

**Тухумалъ нахъе тана рикIкIада хутIараб нух,**
**Гьелъ данде гьарурал нуж цолъиялде рачIуна.**
**Щивасе хирияблъун лъугьине ккола тухум,**
**Кинабго гIагарлъидул гIахьалаб къисмат гIадин.**

**Риччай кьолболал иццал къунареллъун рукIине,**
**ЦIилъиялъул кьалбазе гьекъезе лъин букIине.**
**Тухум–кьибил кидаго нужей тайпалъун буго,**
**Даим аб гIумруялъул гIащикълъилъун лъугьараб.**

**Бекьулеб ракьалъ бахчун бугебщинаб гьварилъи,**
**ХIалтIи цолъула гьениб даимал хабалалгун.**
**Кьолбол балагьалдаса гьабуге дуца инкар**
**Намусалда ракIги чIун, нахъе бачахъе хIинкъи.**

**Гьудулзабигун дандчIвай кьолбол гIорхъиялда нуж,**
**Инсул рукъ киданиги тушманасухъе кьоге.**
**Бищунго тIадегIанаб чIухIи буго чиясе**
**Кьолбол къадругун къимат цIунун вукIине кIвани.**

**Мун щив, киса вачIарав, кинаб кьибилалъул вас, –**
**Гьеб мун гьавилалдего къотIараб хIукму буго.**
**ХIалаке халкъалъухъе кьезе дурго пикраби,**
**Баракат гIемерлъизе гьелъие кумек гьабе.**

**КIочон тоге вачIине кьолбол хабалазухъе,**
**Дурги  нух гьенибейин ахир-къадги буссунеб.**
**Кьолбода хадув ине дуда тIадаблъун буго,**
**Гьеб дур талихIкьин гуро, къисмат буго дуй кьураб.**

**Кьолбол къисмат кидаго дуйги гIахьалаб буго,**
**КIудияб иццухъ бугеб гьитIинаб къатIра гIадин.**
**Гьеб бича–хиси гуро, хвел гьечIеб магIна буго,**
**Унтун черх угьданиги, рухIалъ кучIдул ахIулеб.**

**Ва, кида букIаниги, азарго соналдасан,**
**Щиб лъалеб, цIидасан дур цIар ахIизе бегьула.**
**Гьеб букIина дуй жаваб, дуца таралъухъ кьолеб,**
**Рокьи яги рокьукълъи тухумалъ цIунун бугеб.**

**Рамазан ГIАБДУЛАТИПОВ**

## НУХДА УНАГО РАЧIАРАЛ ПИКРАБИ

* * *

***ГIадамазул ихтияралги цIикIкIинаричIого, законал гIемерлъизариялъ гIадлу-низамалде рачунаро;***

* * *

***Щибаб районалда, республикаялда, улкаялда гIуцIун руго законал рахъиялъул идараби. Гьебго заманалда, лъицаниги тIалаб-агъаз гьабулеб гьечIин абизе бегьула гIамал-тIабигIат, хьвада-чIвади лъикIаб рахъалдехун сверизабиялъул.***

* * *

***Биччанте нужер ресалда рукIиналъ кумекалде хIажатал хIакъир гьарунгутIизе. (Олигархазул хIакъалъулъ)***

* * *

***Цоцалъ рекъон халкъаз лъикIабщинаб гьабиялъул нухалдалъун лъикIлъи гIемерлъизаби ккола халкъалъул гьудулъи.***

* * *

***Халкъалъ лъие бетIер къулулебали гуро аслияб, аслияб буго гьеб халкъалъул гIамал–хасият, гIадатал, рукIа-рахъин.***

* * *

***Нилъеца халкъалъухъе буголъи тIадбуссинабуна, амма ВатIан бахъана.***

* * *

***Пачалихъалъул ишазулъ рекIел асаралги лъугьине ккола законалъул роценаллъун.***

* * *

***ЛъикIлъиялъулги ритIухълъиялъулги законал – гьел руго дунялалъул киналго халкъазул законал.***

* * *

***Улкаялъе нухмалъулев вищилелде балагье, кин гьес нухмалъи жиндирго хъизан-рукъалъе гьабулеб бугебали.***

* * *

***Виччаге бетIерлъуде бечедав чи – гьев, гIарацги кьун, законалдаса эркенлъула. Виччаге бетIерлъуде мискинав чи – гьев живго вичун восизе бигьалъула.***

* * *

***ГIурусаздеги Россиялдеги лъикIаб бербалагьи бугев чи квеш балагьизе рес гьечIо Россиялъул цогидал халкъаздеги. Гьединго гьелъул гIаксалдагиха.***

* * *

***Жиндирго халкъалъе битIккейги, хIинкъи гьечIолъиги, цебетIейги бокьулев, квеш балагьизе рес гьечIо жиндирго ВатIаналъухъги.***

* * *

***ТIадал ишал тIуразаруляреб халкъалъухъа ихтияраздаса пайда босунги бажаруларо.***

* * *

***Квешлъиялъул зарал лъала, гIицIго гьеб нилъер цересел гIадамазда хъинтIараб мехалъ.***

* * *

***ХIинкъизе ккола, жужахIалдасаги шайтIаналдасаги гуреб, жужахIалдеги шайтIаналъул мурад тIубаялдеги рачунеб нухалдаса.***

* * *

***Законал хвезарула бищунго цебе гьел рахъулес, гьединго, тIуразаруралъухъ харж босулес.***

* * *

***ГIорхъи–рахъ гьечIеб бечелъиялъ гIорхъолъа араб балагьалде рачуна.***

* * *

***Инсаниtogalда жанир жеги цIакъ гIемер руго маймалакалдаса гIадамасде щвезегIан бугеб нух лъугIичIел чагIи.***

* * *

***РитIухълъи, халкъалдаса тIадегIан, амма гIадамасда бащадго буго.***

* * *

***Законал рахъулес бахъизе бегьуларо халкъалъе, жиндаго квешго гурони бичIчIулареб закон.***

* * *

***Дие Макка буго дир росу, дир тIоцересел аварагзабиги руго дирго эбелэмен.***

* * *

***Законазда дандеккун гIадатазул батIалъи буго, гьел хIалгьабун тIуразаризе тIамизе бегьунгутIи.***

* * *

*Властгун къеркьей – гьеб буго носол бал кквей гIадаб жо.*

* * *

*Ракьалъул бечелъи бараб буго чиясул захIматалдаги гьунаралдаги.*

* * *

*Ханждал къандалъо бащалъула гIетIул стаканалда.*

* * *

*Росдал гIадат Президентасул указалдасаги тIадегIанаб букIуна.*

* * *

*ТIутI кквезе кIоларев цида хадув лъугьуна.*

* * *

*Чиясул мацI гIусаз тохлъукьего хIанчIула.*

* * *

*ЛъикIаб гIумруялъ живго жинцаго чIваялде вачунаро чи.*

* * *

*Москваялда бачараб бакъаналда рекъон кьурдула Кавказалда.*

* * *

*Кавказалъул мугIрузул гуро, гIадамазул билана эркенлъиги къадруги.*

* * *

*Генералзабазул чахьал кIодолъулел ругебгIан мехалъ Кавказалда рагъ лъугIуларо.*

* * *

*Хъулухъ буго хехго бечIалеб тIегь.*

* * *

*Кина–кинабги кIулалъ гуро сандукI ричIулеб.*

* * *

*Мунги нижехъе тIугьдулгун вачIинчIо.*

* * *

*ХIабургъараб лъим росулъа, амма хIабургъарал ишал тахшагьаралдаса.*

* * *

***Карачелалъ вачана Кремлиялде.***

* * *

***ДагIнил цаби-гIусазда капуста бекьуларо.***

* * *

***«Киналго рохьазе салам» абураб жиндирго партия гIуцIула гIоштIоца.***

* * *

***МегIералда къвал базе гIицIго пикрабалъ бегьула.***

* * *

***Ханжу гьабилелде тIощел бакIаризе ккола (политтехнологазул хIакъалъулъ).***

* * *

***Россиялда рукIуна халкъалъ кидаго захIмалъаби хIехьезе кколел нухмалъулел.***

* * *

***БацIил хIатIида куйдул бох бухьана (охранаялъе).***

* * *

***Унтарал, цого цо тохтурасе рохел. (МахIачевасул хIакъалъулъ).***

* * *

***Вакъарав милиционерасул халкъалъе хIинкъи букIине рес буго, гIорцIарав милиционерасулин абуни, хIакъикъаталдаги халкъалъе хIинкъи букIуна.***

* * *

***ГIадалаб нухмалъиялда гьоркьое ккарай гIакъилай чIужугIадан. (Тайгибат).***

* * *

***Гьелъ гIемерисеб мехалъ, жиндирго гьунаралдаса эбелалъулаб рокьи тIадегIанаблъун гьабулаан. (Фазу).***

* * *

***Гьесул гьунар букIана гIиси-бикъинал ишазулъцин. (Расул)***

* * *

***Ватана жиндиего бихьинчи, амма лъалеб гьечIо щиб гьесда гьабилебали. (Инара).***

* * *

***Дада ватичIо, амма эмен вуго. (Заира).***

* * *

*ГӀелму бугел олигархал рукӀунаро. (ГӀ.Халикъ).*

* * *

*Гьес, гӀемерисеб мехалда, гьаваялде кьвагьулаан. Щайгурелъул, гьесул рекӀел гӀатӀилъиги гучги ракьалда хӀебтӀулароан. (ХӀажикӀо).*

* * *

*Минералияб лъадалъ гъанкъизабуна прокурорлъи. (И.Я.)*

* * *

*Лъай гъваридал прокурорал, гӀемерисеб мехалъ, къуват гьечӀел рукӀуна. (Сабир).*

* * *

*Заманалда вачӀана, амма заманалда инчӀо. (М.М.М.)*

* * *

*Таваккал гьечӀолъиялъ улка биххиялде рачуна. (Горбачев).*

* * *

*Нухмалъулезе хилиплъизе бокьичӀолъиялъ, ВатӀаналъе хилиплъиялде вачана. (Бакатин).*

* * *

*Гьел гьарула хун хадуб.*

* * *

*Гьесул гӀакъиллъи кунчӀизабулаан васасул электростанциялъ. (ХӀ.М.)*

* * *

*Торпедоялъ жагъаллъизабичӀеб бергьун кӀудияб гӀакълу. (Ш.ГӀ.)*

* * *

*Яргъид гӀуцӀарал хъаравулзабаз кумек гьабулаан нухмалъизе бугеб ба-жари бихьизабизе. (С.А.)*

* * *

*ТӀасанккараб гӀакъиллъиялъ рачуна тӀасанккараб цӀодорлъиялде. (М.Г.)*

* * *

*Улкаялдасаги цӀикӀкӀун жиндирго яс йокьулаан. (Б.Н.)*

* * *

*Гьесул рекӀел гӀатӀилъи гьесул цӀайиялда бащалъулаан. (Г.Г.)*

* * *

*Лъимер ккола хъизаналъ кьураб хӀасилги, нахъе толеб букӀинесебги.*

* * *

*Мискинчиясул сахаватлъи бергьуна къарумасул бечелъиялдаса.*

* * *

*Хьаг гьалделеб бугони, щив вукIаниги гьелде жаниве ккечIого хутIуларо.*

* * *

*Гьобол хIалтIулев – хважайин хIухьбахъулев (мигрант).*

* * *

*ГIакълуялъ малъула кин букIине колебали, рекIеца – кин бокьилебали.*

* * *

*РекIел асаралъ гIорхъи чIвай гьабула гIадамасул гIакълуялъул ругел ресазе.*

* * *

*РекIел асаралдасан байбихьулареб гIакълуги, лъикIаб пикруялъе цебехъанлъи гьабулареб рекIел асарги щвалде щвечIел рукIуна.*

* * *

*ГIакълуялъул аслияб масъала ккола магIнаяб куцалда рекIел асаргун рекъей.*

* * *

*ГIакълу ккола рекIел асар бичIчIиялъ куцай.*

* * *

*РекIел асар ккола гIакълуялде битIулеб ругьел.*

* * *

*РекIел асар, гIемерисеб мехалъ, гIакълуялдаса къоларо.*

* * *

*ХIинкъа гIакълу цадахъ гьечIеб рекIел асаралдасаги, рекIел асар цадахъ гьечIеб гIакълуялдасаги.*

* * *

*ГIадатияб тIагърикь бергьун кIудияб гIакълу. (Л.Ю.М.)*

* * *

*ГIакълуялъ лъугьинабула хIайван гIаданлъун, рекIел асаралъин абуни, гIакълуялъулъ гIаданлъи бижизабула.*

* * *

*ГIакълу дагьлъиялъ бижизабула гIорхъолъа араб рекIел асар.*

* * *

*РекIел асар – эбел, гIакълу – эмен. Гьезул рокьул хIасил ккола лъимер.*

* * *

*ЗахIматаб масъала буго, гIакълу рекIел асаралда тIад хIалтIийищ, яги рекIел асар гIакълуялда тIад хIалтIийищ кIвар цIикIкIараб бугебали чIезабизе.*

* * *

*Бищунго захIматаб рагъ ккола рекIел асаралда тIад гIакълуялъ гьабулеб рагъ. ХIакъикъаталда рекIел асар бергьуна гIакълуялдаса.*

* * *

*РекIелъан бачIуна рокьи гуребги, ццимги.*

* * *

*КIудияб гIакълуялда чIвазе кIвезе бегьула, рекIел гьалдеялъул асарги.*

* * *

*Жибго рокьи щиб кколебали бичIчIиялъ, гъваридаб гIакълуялда кIола гIадатияб рекIел асарги кIудияб рокьиялъул борхалъуде бачине.*

* * *

*Мекъса ккараб гIакълу ккола, рекIел асаралъул бакIлъи хIехьезе кIвечIеб гIакълу.*

* * *

*Гвангъараб рекIел асаргун гвангъараб гIакълу къанагIат дандчIвана.*

* * *

*РекIел асаралъ пикру гьабуларо, пикрабазе асар хIажалъуларо.*

* * *

*Инсанасул лъавукълъиялъул гIорхъаби ккола рагъги чIвай–хъвейги.*

* * *

*Щивав сахав чиясулъ гьесда татарав вихьулаан. (М.Ш.Ш.)*

* * *

*Зулмуялде, лъавукълъиялде, хIалихьалъиялде данде гьабулеб рагъ – гьеб буго цого цо ритIухъаб рагъ.*

* * *

*Бажари бугел, гIакъилал гIадамал гIемер чIвала.*

* * *

*Рималъул империя биххи Рималдаса философал рачахъиялдасан бай-бихьана.*

* * *

*Цо чи цIакъго тIокIворчIун, тIадегIанаб даражаялде вахинавулаго, аза–азар, миллионал гIадамал къурбанлъун ккола.*

* * *

*Жиндирго халкъалде бугеб рокьиялдасан рачIинчIел законаз ритIухълъиялъе хъулухъ гьабизе рес гьечIо.*

* * *

*Инсаниялъе лъикIабщинаб гьабулел гIадамал гIемерисеб мехалъ инсаниятальул квердасан хола.*

* * *

*Портфель гьечIевни министр жеги бегьила, амма бетIер гьечIев министр бегьизего бегьуларо.*

* * *

*Пачалихъалда гIадамазе гьабулеб хIалтIуе къимат кьолаго, тIоцебесеб иргаялда балагьула жиндиего пуланав чиясул бугеб пайдаялъухъ, амма гьев пайдаяв вукIине ккола улкаялъеги халкъалъеги.*

* * *

*Закон бахъулесе машгьурлъи щвела,*
*Законлъун ритIухълъи гьабизе кIвани.*
*Вичун восзе кколев закон бахъулев –*
*Бищун квешаб загьру буго халкъалъе.*

* * *

*Гьесул гIакълуялъги бажариялъги хъулухъ гьабуна улкаялъул Конституциялъе. (ХI.ГI.ХI.)*

* * *

*Гьев вукIана кьер-кьерал галстуказул министр. (Г.)*

* * *

*Гьев вукIинаан цIакъ лъикIав культураялъул министр. Амма вахъана спорталъул бищун культура бугев министрлъун. (Ш.Къ.)*

* * *

*ГIаданлъиялъул гьоркьорлъабазул рахъалъ профессор вукIиналъ гьев вахъана гугариялъул рахъалъ профессорлъун. (Ю.Ш.)*

## ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА КЬУРДАГИ РЕКIУНИЛА

МахIачхъалаялъул аслияб майданалда «Гъудуллъиялъул рокъоб» букIараб данделъиялда бица-таралъул пикрабиги гьарулаго унев вукIана дун кIиабилеб базаралъул мухъалдехун. МагIарул мацIалда рахъулел газеталгун журналазул редакторзабиги, адабияталъулгун маданияталъул бакIазда хIалтIулел цо-цо цогидалги гIадамалги, аваразул миллияб автономиялъул вакилзабиги гIахьаллъараб дандеруссин букIана гьеб. Ахираб къого-къоло щуго соналда гьединалго тадбиразда бицаралдаса батIияб-цIияб жо рагIичIониги, нилъер мацIалъулги, гьеб мацIалда рахъулел басмабазулги суал цоги нухалъ гьоркьоб лъеялъги, гьезул бугеб захIматаб хIалалъ киназулго рахIат хвезабун букIиналъги, дагьа-макъабго букIаниги, лъикIаб асарги гьабуна рекIее.

Гьеле гьеб майданалдаса базаралдехун гIадамал хьвадулеб нухда, гIодор тIиритIун тIахьалгун, гьел ричулел чагIиги рукIуна кидаго. Ругон гьел гьадаб къоялъги. Балагьана батIияб-цIияб тIехь бугищали. Ругоан цогидал тIахьазда гьоркьор, Расул ХIамзатовасул гIурус мацIалда рахъарал «Сатира и юмор», «Колесо жизни» ва «Четки лет» абурал тIахьалги.

«Нужеца гъоба данделъиялда щиб бицаниги, гьадинаб бугоха жакъасеб ахIвал-хIал», – илан абулеб бугин кколаан гьеб лъабабго тIехьалъ. Абиларебги кинха, букIиндал заман, гIурус мацIалда бахъараб Расулил тIехь сайигъаталъе кьуни, доб кIудияб СССРалда, кигIан кIудиявги хIакимас, кигIан кIудиябги къваригIел тIубалеб. ТIад живго ХIамзатовас хъвай-хъвагIай гьабураб бугони, гьелъул бицинего ккелаанищха. Гьединлъидал, гIурус мацIалда бугеб Расулил тIехь щвезеги цIакъ захIматаб жо букIана, нусаза-азар тиражалгунцин гьел къватIире ричалел рукIаниги.

Гьединабго къимат букIана нилъее магIарулазе нилъерго мацIалда къватIире ричалел нилъерго хъвадарухъабазул тIахьазулги. Щибаб райцентралдаги шагьаралдаги ругел тIахьазул тукабазда анкьалъцин бегун хутIулароан цониги цIияб магIарул тIехь. Библиотекаялде рачIунел гIадамазги кьолеб тIоцебесеб суал букIунаан, магIарул мацIалда цIияб тIехь гьечIищилан.

ТIахьалги магIарул мацIалда хIалхьезегIан ричалаан доб заманалда. Советияб пачалихъалъ ахирисеб хIухьел цIалел соназдагицин кIиябго издательствоялъ – Дагъгизалъги Дагъучпедгизалъги цадахъго лъагIалида жаниб бахъулаан кIиаза- азар, лъабаза-азар тиражгун, нилъер хъвадарухъабазул 40-45 батIияб тIехь. Республикаялъул «БагIараб байрахъ» (гьанжесеб «ХIакъикъат») газеталъул тираж лъебералда щуазаридасаги тIаде унаан. АнцIила микьазаргониги чияс хъвалаан «Гъудуллъи» журнал. ГьедигIанасебго къадар букIун батила «Лачен» ва «МагIарулай» журналал цIалулезулги. Районазул газетазулцин тираж лъабазаридасаги тIаде унаан.

Гьединал мисалал жеги рехсезе бегьила.

Хъвадарухъабаздаги цогидалги творческиял гӀадамаздаги гьабулеб кверчӀвайги кверцӀалтараб букӀана пачалихъалъул.

Доб гӀуцӀиялъе жакъа лъица кинаб къимат кьуниги, буго цо хӀужа тӀадкӀалъазе, дагӀба базе бакӀ гьечӀеб. Советияб пачалихъалъ гӀисинал халкъазул мацӀалги, адабиятги, маданиятги цӀуниялъе, цӀилъизабиялъе, цебетӀезабиялъе бергьун кӀудияб хӀалтӀи гьабулеб букӀана. Гьелъул хӀасилалда гӀун бачӀана доб заманалда, гъваридаб лъайги лъикӀаб хӀалбихьиги бугеб, къуватаб творческияб интеллигенция – хъвадарухъаби, артистал, адабияталъулгун мацӀалъул гӀалимзаби ва цогидалги.

Гьеле гьединал, гьуинаб макьугӀанги рикӀкӀалъарал ракӀалдещвеязул суратал паркъана дир ботӀролъ дол Расулил тӀахьал рихьараб мехалда.

Хадуб ккараб нилъеда лъала.

Пачалихъалъ тӀубанго мугъ реханин абизе бегьула адабияталдеги маданияталдеги. Киналниги творческиял союзал сверизаруна жамгӀиял гӀуцӀабазде. Хасго захӀматаб хӀалалде ккана Дагъистаналъул миллиял адабияталги маданияталги. ЛъикӀги квешги дагьа-макъабго шагьи-параги кьун, тӀурагъуран хутӀун ругин абизе бегьула, хасго миллиял мацӀазда тӀахьал рахъулеб издательствоги миллиял журналалги. Изательствоялъул бицен ккун бугелъул абилин, ВатӀанияб рагъул заманалда рагьараб (1943с.) Дагъистаналъул цӀалулгун педагоглъиялъул издательство къана, цо хасал гӀадамазул мурад цӀунун, ункъоялда анцӀабилел соназда. Цо хутӀараб Дагъистаналъул тӀахьазул издательствоялдаги 500 экземпляр тиражгун ункъо-щуго тӀехь гурони бахъизе рес рекъолеб букӀинчӀо. Ахирал соназда гьеб тиражги 300-ялде ккана. ХӀисаб гьабеха, 800 азаргониги чи вугеб магӀарул халкъалъе – 300 тӀехь. Гьеб тиражгунги исана лъабго тӀехь гурони бахъизе кӀолеб гьечӀо магӀарул мацӀалда гьеб издательствоялда. Цогиялъул бицун щай, магӀарул тарихалда цого цо вахъарав Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан Муса МухӀамадовасул 90 сон тӀубаялъул юбилеялде тӀехь бахъизе рес гьечӀо гьеб издательствоялъул. Гьебго заманалда, кӀиго сональ цебе рагьана «Дагъистанилан» цӀарги лъун, республикаялъул бюджеталдаса гӀарац кьолеб цоги издательство. Гьелъ миллиял мацӀазда тӀахьал рахъулищ, рахъуларищали Аллагьасда лъалеб батила. Щиб, кинали лъалареб цӀияб издательство рагьичӀого, 90 соналъул бечедаб тарих бугеб Дагъгизалда дагьабниги рухӀ речӀчӀизабурабани лъикӀ букӀинароандай?

Цоги мисал:

Республикаялъул Литературияб журналазул редакциялда щибаб миллаталъул «Гъудуллъи» ва «Лачен» журналазда хӀалтӀулев вукӀана гьанжелъизегӀан кӀи-кӀи чи. Пачалихъалъ биччалеб гӀарац дагълъиялдалъун гьел цо-цоязде ккезариялде рачӀунеб гӀадин буго. (Советияб заманалда «Гъудуллъиялда» лъабго, «Лаченалда» кӀиго чи вукӀана). Гьебго заманалда гӀурус мацӀалда рахъулел «Дагестан» ва «Народы Дагестана» жураналазул тӀурарал редакциял руго. Дагьалдасан анцӀ-анцӀ чиниги гьезул щибалъул редакциялда ватила.

Кин, щиб букӀаниги, 2006-2009 соназда хъвадарухъабаздеги, журналистаздеги, цогидалги маданияталъул гӀадамаздеги кьолеб кӀвар нилъер республикаялда гӀемерго лъикӀлъана. ЛъикӀаланго цӀикӀкӀана харжал журналазулги, газетазулги, театразулги, библиотекабазулги хӀалтӀухъабазе. Дагъистаналъул тӀахьазул издательствоялъги къватӀире риччазе байбихьана, тираж добго 500

букIаниги, советияб заманалдаго гIадин 15-20 тIехь магIарул хъвадарухъабазулги.

Гьеб гуребги, гIезегIанго творческиял гIадамазул гIумру-яшав лъикIлъизабиялъеги гьабуна хIукуматалъ дол соназда гIарцудалъун кумек.

Гьале гьанжеги улкаялъего гIаммаб кризис. Добго ункъоялда анцIабилел соназда букIараб, жеги квешаб хIалалде кколеб гIадаб хIисаб буго хасго адабияталъул пачалихъалъ тIалаб гьабиялъул. ТIеренабгIан бекулин, катанабгIан багьулин гурищха абулеб?

ГIажаиблъи гьабизе жо гьениб щибниги гьечIо. Гьеб буго жакъасеб гIумруялъул хIакъикъат.

Аммаха ккана Дагъистаналъул адабият бокьулелги, жибго адабияталъул жамагIатги бохараб ишги. ЛъагIелалъ цебе Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул хIаракаталдалъун Россиялда тIоцебе – МахIачхъалаялда рагьана Поэзиялъул театр. Гьанже гьенир щибаб къойил гIадин рукIуна поэзиялъулал спектаклялги, хъвадарухъабазулгун дандчIваялги, гIолохъанал авторазул семинаралги, гIемерал цогидалги тадбиралги. Цоги цебе букIинчIеб цIияб жо ккола, гьеб театралъул хIаракаталдалъун щибаб миллаталъул адабияталъулгун маданияталъул анкьал тIоритIи. Нилъер халкъ адабияталаде гIагар гьабиялъе квербакъулеб годекIанлъун лъугьунеб буго къо бахъанагIан гьеб Поэзиялъул театр.

Гьанже тIадруссинин доб данделъиялде. Бицана гьениб гьанже районазул газетазул бугеб хIалалъулги, творчествоялъул гIадамал цолъизе ккеялъулги, тIаде гIолеб гIелалъулъ нилъерго мацIалдеги, адабияталдеги, маданиялдеги рокьи бижизабизе хIажат букIиналъулги. Гьеб мажлис гIуцIараз хIаракат бахъулеб букIана Хъвадарухъабазул союзалъги, Авар театралъги, МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъги, газеталъги гьабизе кколеб букIарабщинаб хIалтIи тIаде босун, гьеж гурун хIалтIулел ругин жалилан бихьизабизе. ТIоцебе гьединаб данделъиялде вачIарав чиясда, хIакъикъаталдаги ракIалде ккезе бегьулаан, цебеккун нилъер мацIалъулги, адабияталъулги, маданияталъулги суалго лъицаниги борхулебго бук1ун батиларин.

Бокьилароан дие гьадал рагIаби мажлис гIуцIаразда гIайибчIвай хIисабалда ричIчIизе. Гуро ва нахъеги гуро! Гьезул гIемерисел руго жалгун цадахъ дун хIалтIарал, чакар-чайниги цоцазе гIахьал гьабурал, лъикIаб-квешаб дандбарал гIадамал. Цоги нухалъ абуниги, дун вохана цIидасан гьеб суал борхиялъ. Цоги нухалъилан щай абулеб бугеб, къоло щуго соналъ батIи-батIиял бакIазда данделъун борхулебго борхулеб, бицунебго бицунеб, мажлис гIуцIаразе рецц-бакъги гьабун, гьелда лъугIулеб, тIокIаб цебехун унареб хабар бугелъул гьеб. Гьедин ккеладай гьадаб дандеруссиналъулги къисмат абураб буго хIинкъи. Ккезе цIакъго цIакъ бокьилароан.

РакIалде щвезарилин гьединал гIуцIабазул цереккун рукIарал цо-цоял.

Араб къарнуялъул ункъоялда анцIабилел соназда букIана нилъер, МагIарулазул миллияб багъа-бачариян цIар тараб гIуцIи. Гьелъул мурадги нилъерго тарих лъазабиги, миллияб мацIги, адабиятги, маданиятги цIунизе квербакъи гьабиги бугин бицунаан мех-мехалда гьарулел гьезул съездаздаги, цоги цоги дандеруссиназдаги. ХIакъикъияб мурадин абуни гьелъул батIияб батана. Нилъер мацIги цIарги цIуниялъеги, адабиялдагун маданиялда керчIваялъеги кинабгIаги хIалтIи гьез гьабичIо.

Хадуб чанго нухалъ хIалбихьана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул сюзалъулги, Литературиял журналазул редакциязулги, Авар театралъулги, МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъулги вакилзабиги гIахьал гьарун «ХIакъикъат» газеталъул редакциялда цебе МагIарулазул миллияб культурияб центр гIуцIизе. Гьениб, цоги бакIазде данде ккун ресал цIикIкIарал рукIин букIана аслияб. Гьелда гьоркьор рукIана гьанжесеб мажлис гIуцIарал церехъабаздасан МухIамад БисавгIалиевги ПатIимат ГьитIинова-ги. Дунги доб цолъи гIуцIизе бокьараздаги хIаракат бахъулездаги гьоркьов ахирисев вукIинчIо. Гьебги киназдаго лъалеб хIужа буго.

ГIиллаби батIи-батIиял рукIун ратила, ккечIо хIасил гьелъулги.

Нахъеги, анцIго соналъ цебе АхIмад МуртазагIалиевас гIуцIулеб букIана «БолмацIилан» цIар лъураб цолъи. Бащдаб лъагIелгIан заманаялъ щибаб анкьил цо къоялъ данделъулаан гьадал цереккун рехсарал идарабазул вакил-забиги, цоги цоги гIадамалги кин щиб гьабилебали бицине. Бицун гурони, гьабун цебе тIолеб жоги лъугьинчIого, киназдаго цого хабарги чIалгIун, биххана гьеб гIуцIиги.

Гьел гурелги, Хъвадарухъабазул союзалдаги, МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталдаги, Авар театралдаги, радио-телевидениялдаги, газеталъул редакциялдги дагьалищ рукIарал нилъер мацIалъулги, адабия-талъулги, маданияталъулги суал гьоркьоб лъурал дандеруссинал? Щибха гьезулги ккараб? Щибниги хIасил ккечIо.

Бицуна гьединал данделъабазда гьабги гьабизе кколила, добги гьабизе кколила, доб цоябги гьабизе кколилан. Амма кин гьеб гьабилеб абураб суал бачIунаро.

КигIан гьитIинабги хIалтIи гьабизе гIарац хIажалъулеблъи лъиениги балъгояб жо гуро. Гьеле гьеб гIарац бугони гурони гьабги, добги, доб цоябги – цонигияб гьабун бажарулареблъиги хIакъаб буго.

Сайгидпаша ГIумахановас бетIерги гьабулеб Аваразул миллияб автономи-ялъ ахирал соназда гIезегIанго хIалтIаби гьарулел руго магIарул мацIалдаги цIаралдаги хурхарал ишазе. Цогиялъул бицинчIониги, щибаб соналъ февраль моцIалда мацIазул къоялъ Авар театралда гьез тIобитIулеб тадбиралъги нилъер адабиятги маданиятги бокьулел данде гьарула, цоцазулгун пикраби дандразе, лъугьунеб-толеб бичIчIизеги бихьизеги квербакъула. Гьенирго кьола адабияталъулги, маданияталъулги, журналистикаялъулги гIадамазе гIарцулал сайгъаталги дипломалги.

ГIаммаб куцалда босани, магIарулги цогиялги литературиял мацIал батIалъи гьечIо, цIунула гьеб мацIалда жал хъвадарулел гIадамаз – хъвада-рухъабаз, журналистаз, мацIалъул гIалимзабаз, гьединго театралъул актераз. Доб цебеккун рехсараб советияб заманаялда гIун бачIараб творческияб интеллигенция нилъер лъугIун унеб буго. Гьал хъвай-хъвагIаял гьарулаго дица хIисаб гьабулеб букIана, тIадкIалъай гьечIого, махщалида магIарул мацIалда хъвадарулел 27 чи тIаса ун вуго нилъер ахираб анцIго соналда – хъвадарухъабиниги, мацIалъул гIалимзабиниги, журналисталниги. ТIаде рачIунелги цIакъго дагь гурони гьечIо. Гьанирги дораги режичIел панкъазул гIадаб «тIагIамалъул» тIахьал рахъулелги гIемерисел профессионалиял хъва-дарухъаби кколаро. Гьанир дора рукIарал, цогиял махщелазул гьанже хIалтIи гьечIого хутIун «ХIакъикъат» газеталде рачIарал гIадамалги журналистал

гуро. Гьелъие хIужа хIисабалда данде кквезе бегьила, магIарул литературияб мацI кигIан загIиплъулеб бугебали бихьизе, гьединго махщаликълъи «цебетIолеб бугеб куц» бичIчIизе, доб советияб заманалда рукIаралги, доб мехалда хъвадаризе байбихьаралги авторалги, гьанже кир-кирги тIахьал къватIире риччалел цIиял «хъвадарухъабиги». Ялъуни, 10 соналъ цебе букIарабги, жакъасебги «ХIакъикъат» газеталъухъ балагьизеги бегьила.

Дица цо лъиданиги гIайиб гьабун абулел рагIаби гуро гьел. Батани гIайиб, дидаги, дудаги, досдаги, долдаги – адабияталдаги, маданияталдаги, журналистикаялдаги, мацIазул гIелмуялдаги жанир ругел киназдаго буго. Гьебго заманалда, гьадинаб ахIвал-хIалалде нилъ ккеялъе, аслияб куцалда улкаялда миллиябщиналде тIалабчилъи лъугIи буго гIилла. МагIарулазулги, Дагъистаналъул цоги халкъазулги щай гурин, кIудияб гIурус халкъалъулцин буго жакъа гьеб унти. Гьезулгицин къоялдаса къоялде загIиплъулеб буго профессионалияб махщелчилъи.

Гьединлъидал, тIоцебесеб иргаялда нилъее хIажат буго тIаде гIолеб гIелалда гьоркьоб хъвадаризе махщел-гьунар бугел гIадамал, кир гьел ратаниги, тIатинаризе, ралагьизе. Гьезул махщел камиллъизабиялъеги махщалиде ракIбазабиялъеги бажарарабщинаб гьабизе. ГIадада гурелъулха абулеб, махщел-гьунар беэдун гIезабизе кколилан. Аслияб куцалда гьединал гIадамал росабалъ рукIунелъул, щибаб районалъул газетазул редакциязги, лъай кьеялъулги, культураялъулги, гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъулги управлениязги гьел данде гьаризе лъикIаб букIинаан. Гьезда гьоркьоса дагьабниги кунчIи бугезул ракIбатизабиялъе жидер ресалда рекъараб материалияб кумекги гьабизе бегьилаан районазул нухмалъияз. Гьезул хъвараб-тараб районалъулги республикаялъулги газетазда, журналазда бахъиялъеги хIалтIи гьабизе рес букIинаан. Дагьабниги гьунар бугезе, гьел церетIеялъе малъа-хъваял гьаризе Хъвадарухъабазул союзалъги журналазулгун газетазул редакциязги тIаде босилаан.

Гьанибго абила, Хъвадарухъабазул союзалъги Литературиял журналазул редакциялъги хIисабалде босун буго, хъвадаризе гьунар-махщел бугел гIадамазул щибаб районалда дандеруссинал тIоритIизе. Гьездасан тIаса рищизе бегьула букIинеселде хьул гьабизе бегьулел гIолилал. Исана гьединал тадбирал гьаризе къотIи-къай ккун буго Гумбет, Гъуниб, Хунзахъ районазда. Хадубккун киналго магIарул районазде щвезе ракIалда буго нижеда. Гьунар-махщел бугезул кучIдулги харбалги рахъизе руго «Гьудуллъи» ва «Лачен» журналазда. Амма тIахьал рахъизеги цогияб гьезул ракIбатизабиялъе материалияб кумек гьабизеги нижер рес букIунаро. Гьединал ишазе магIарулазул миллияб аватономиялъ квербакъани, гIемер лъикI букIинаан.

ТIахьал рахъиялъул бицен ккун бугелъул абилин, гьеб автономиялъ къватIире риччана гIезегIанго тIахьалги. Хъвадарухъабзул ратаниги, цогидал ругониги, тIахьал рахъиялъул иш Хъвадарухъабазул союзалдаги, МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталдаги, цоги гьединалго идарабаздаги дандбани лъикIаб букIинаан. ХIажат бугищ нилъее – магIарулазе пуланаб тIехь абураб суалги цебе лъун, рачIине бегьилаан, бахъилищ, яги бахъиларищ гьеб тIехь абураб хIасилалде. Масала, доб къоялъ МухIамад АхIмадовас борхараб, аваразул поэзиялъул чанго томалдасан данде гьабураб антология бахъизе ккеялъул суалалъул киназго рахъ куна. ХIакъикъаталдаги

гьеб цIакъ нилъее хIажатаб масъала, жеги анцIгониги соналъ цебе борхун букIана Хъвадарухъабазул союзалъ. ГIуцIун букIана редсоветги, дандбан букIана лъица кинаб том хIадур гьабилебалиги. Доб мехалда гьелъие къайимлъи гьабулев чи ватизе кIвечIо нижеда. Гьанже гьеб масъала тIубазабиялъе Сайгидпаша ГIумахановас квербакъулеб бугони, нилъер адабияталъул тарихалда цIакъго кIудияб лъугьа-бахъинлъунги, наслабазе хутIулеб хIалтIилъунги букIинаан.

Гьединго хIажат буго нилъее, тIаде гIолеб гIелалъул нилъерго мацIалде рокьи бижизабизелъун, лъималазе батIи-батIиял маргьабазул тIахьал рахъизеги, магIарул мацIалда мультфильмал хъварал кассетаби къватIире риччазеги.

Бокьун буго гьанибго цоги гьадинаб пикруги бицине. Доб мацIазул къоялъ творческиял гIадамазе кьолел сайгъатазулги гьабуни бегьилаан мухIканлъи. Лъие, щай, сундухъ гьеб кьолеб бугебали киназдаго лъалеб къагIида гIуцIизе рекъараб букIинаан. Масала, араб соналда бахъараб лъикIаб тIехьалъухъ, халкъалъ къабул гьабураб ахIулеб кечIалъухъ, магIна камилаб шигIру-назмуялъухъ, хабар-къисаялъухъ, кIвар бугеб масъала борхараб макъалаялъухъ, сценаялда лъикI хIараб ролалъухъ ва гь.ц. Хасаб сайгъат букIине бегьилаан газет-журналалда рахъарал дагьалниги мадарал асаразухъ гIолохъанал авторазе. Гьезие къимат кьезе ва тIаса рищизе гIуцIизе рекъараб букIинаан хасаб, киналго творческиял махщелазул гIадамаздасан жюриги.

МагIарул мацI цIуниялдаги, гьелде хадусел гIелазул рокьи бижиялдаги тIасанлъидал нилъер хабар бугеб, росабалъ жеги, лъикIлги, квешлги гьеб тIаг1иналъул хIинкъи гьечIо. Амма шагьараздаги гIодоблъиялъул росабалъги гьелдаса магIарулал къо бахъанагIан рикIкIалъулел руго.

ЛъикIаб букIинаан, хасго шагьаразда магIарулал бетIергьаналщинал тукабазда, кафеязда, цогидалги гIадамал рачIунел бакIазда, маршруткабазда, автобусазда магIарул мацIалда ахIулелги, нилъер шагIирзабаз ва артистаз цIалулелги кучIдул, махсаро-хочIалъул харбал, гара-чвариял кидаго риччазе. Рес бугелъуб, видеокассетабаздасан гьелги, магIарул театралъул спектаклялги рихьизаризе.

Ратила, тIад ургъани, жеги-жеги батIи-батIиял къагIидабиги, нилъер мацIалдеги, адабияталдеги, маданияталдеги гIолохъанаб гIелалъул рокьи бижизабилъе, гьеб кинабго гьезул ракIазулъе лъугьинабиялъе.

Амма буго, гьеб кинабгоги, гьелда релълъанщинабги хIасил кьоледухъ лъугьунгутIиялъе цо гIилла. Киназго бицунебги буго цохIого жо. Киназго борхулебги буго гьебго суал. БукIаниги, цадахъ рекъон хIалтIи гьабулеб гьечIо. Ункъабго бокIоналдеги руссун, жиде-жидерабго бицунел гьаб ахIвалхIалалде асар гьабизе кIолел идараби ругогIан мехалъ, бицунебго бицунел нилъги хутIизехьин руго. Цоги дида бичIчIараб жо, киназго гьениб жидеего тIокIлъи, церехъанлъи балагьулеб буго, яги хIисаб гьабулеб буго, дие алдаса щолеб щиб бугеб абун. Церехъанлъи цIехейги добегIан тун, гIаммаб ращалъи щибаб идараялъги цIунани, дие алдасан щолеб щибилан гуреб, дидаса алъие щиб щолебилан щивасда ракIалдеги ккани, гьединаб къасд-нигатгун цадахъ рекъонги хIалтIани, ккола нилъеца цебе лъураб масъалалъул хIасил.

ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунилан гIадада гурелъул нилъер умумуз абулеб букIараб.

***МухIамад ПАТАХIОВ***



МухIамад АХIМАДОВ

## ЭМЕНГИ ВАСГИ

*Дир васасе Расулие.*

**Э М Е Н**

**Дир вас, гьаб дуниял дида лъикI лъала,
Лъабкъого сон бана, бетIер хъахIлъана.
БитIараб бицани, кьурул рагIалда
Кьурди гьабулаго, гьаб гIумру ана.
ГIемерал дарсазул цIурал хулжалгун
Халатаб нухдасан унев вуго дун.
Дунялалъул дуе ургъелищ гьечIеб,
ГьечIин дуца щибго дида гьикъулеб.**

**В А С**

**Эмен, дур дуниял батIияб буго,
РитIухълъигун тIекълъи тIокIкIун бихьулеб.
Вухьарав вуго мун мугIрул ракьалде,
Бокьуларо дуе хъудулеб шагьар.
Дун – гьаб шагьаралъул лъимерлъун вуго,
ЛъикIлъиги квешлъиги цоцалъ жубарав.
Дуе бокьаниги, бокьичIониги
Кьуна нилъей гIумру батIи-батIияб.**

**Э М Е Н**

**БатIиябилая? Инсудаса вас
БатIияв вукIине ресго бугебищ?
Щиб дуца бицунеб? Мун варис вуго,
Инсул ирсги босун вукIине кколев.
Дурги дирги пикру данде ккечIони,
Дуниял тIатIала ккеларищ, дир вас?
Росдал кьалбал дуда кIочон танани,
Чияр вас гIадинан, хутIиларищ мун?**

ВАС

Дада, дуца дида гIайибал чIваге
ГIайибазул цIураб дуниялалда.
Дун лъикIав вас гьечIин гIарзал гьаруге
ГIазабазул цIураб заманаялда.
Дун гIуна гIадатаб чадил тIагIан лъан,
Лъим гуреб лъамалъи дица гьекъечIо.
Гьикъе бокьарасда, гIела гьеб хIужа, –
ХIажатаб мехалъ дун аскIов вукIана.

ЭМЕН

У! Мун дир вас вуго… Дуца цIунизе
ТIад лъураб буго дир ботIрода тIагъур.
Дир рекIел кIутIилъ, сагIтица гIадин,
Дуде бугеб рокьи буго борцунеб.
Бугониги, даим духъ валагьидал,
Аллагьасде гьари гьабула дица,
Гьав дир васасе нух битIизабейин,
БетIергьан, ритIухъаб гIумру цIунейин.

ВАС

Кинаб ритIухълъидул дуца бицунеб? –
РитIухълъи – гьеб буго дур кочIолъ хутIун.
Мун гьаб шагьаралъухъ лъикIго валагье,
Аллагьги кIочон тун, илбис босараб.
Рахсидаса тIураб ццидалаб гьвелъун,
Нахъасан речIчIизе къачIараб шагьар
Гьаб заманаялъул кинабго загьру
Ругьунго къватIазда тIолеб бихьула.

ЭМЕН

Кинаб загьру, дир вас? – Дур гIолохъанлъи
ГIаламалда чIчIараб нур гIадин буго.
ГIадамазда гьоркьоб дуе кьураб бакI
БукIинеселъ буго берцин гьабулеб.
Дуда цебе буго эркенаб дунял,
Дунялалда дуе кьун буго ватIан.
Мун, цIияб мехалъул хазина гIадин,
ХутIизе ккола гьаб цIияб векалда.

ВАС

Жибго загьру буго, дада, замана,
Заназухъ валагье мун хабалазул:
Гьезул гIемерисел гIадада хвана,
ГIолохъанго къанщун, къаникье ана.
Наркотиказ кIвекIун, гIаракъиялъ чIван,

ЧIвадарухъабазул мухъилъ эхетун,
Хадур «рохьалазул» жулица лъухьун,
Хьул къотIарал къоял къаданирги чIун.

ЭМЕН

Кинан къосун кколел къого сон барал,
Сонги, цIваби гIадин, кунчIун рукIарал.
Рохалил роцIараб гьаракь рагIула
ГIолохъанлъиялъул дида ракьалда.
Гьединаб букIана дир гIолохъанлъи,
ГIорхъи гьечIеб ватIан талихIлъун бугеб.
ТамихIлъун лъугьунеб кинан гьеб, бице,
Цо лахIзаталъ лъалхье, гIедегIарав вас.

ВАС

Дада, жакъа дунял батIияб буго,
ГьетIарал нухазул гIомо бигъараб.
Квер багъарараль ухъ шагьи цIехолеб,
Шагьарги балъгояб балагьлъун буго.
Валагье сверухъе, рихьулел гьечIищ
Лъай гьечIел руккелал дир кьерилазул.
Кьерда чIун руго гьел, хIалтIи гьечIого,
ХIалихьалъиялде рачунеб нухда.

ЭМЕН

ХIалтIи, балагьани, бокьараб щола,
Бокь бахъе, ракь бухъе, магIарухъе а.
ГIолохъанлъиялда хIинкъи лъаларо,
Росулъеги руссун, магIишат гьабе.
МагIарул ракь буго нилъехъ балагьун,
МагIарул мацI буго цIакъ нужехъ урхъун.
Дир ургъалил гъугъай тIаса босила,
ТIад Гьонода дуца мина банани.

ВАС

Дир хирияв эмен, гьел маргьабаца
Дуе кинидахъ кечI ахIулеб буго.
Дуца бицунеб щиб? МагIарухълъи тун,
РачIараз хвезабун буго гьаб шагьар.
ШагIир мун вугелъул дур макьабазе
Кьолеб батила гьелъ гьуинаб талихI.
Гьанже магIарухъе тIадруссинчIого,
ТIинда гIумру гьабун чIола гIолилал.

ЭМЕН
**ТIинда гIумру гьаби – гьебищха мурад,**
**МугIрул цIумал гIадал гIолохъабазул?**
**Дир вас, росулъ буго дур кIудадал хоб**
**Дуда гьеб кIочани, дунги кIочена.**
**ГIолохъанлъи сахаб букIине ккола,**
**Унтараб замана сахлъизабизе.**
**Дир цIарги, дир цIваги, дир гъасда цIаги**
**Кидаго хутIана магIарул росулъ.**

ВАС
**Унтарал сахлъула лъикIаб даруялъ,**
**ГIадамал сахлъула лъикIаб гIамалалъ.**
**ГIалам мекълъиялъул къорикье ккураб**
**Замана нужеца тана нижее.**
**Нуж рачIана гьанир, росабиги тун,**
**Нуж хутIана гьанир, улбулги кIочон,**
**Улкаги нужеца биххизабуна,**
**Рохелги нужеца билизабуна.**

ЭМЕН
**Дур ритIухълъиялъул унго гIассилъи,**
**Сири базабулеб буго черхалда.**
**Амма дица дуда абила, дир вас,**
**Восейин дун росдал хабалазулъе.**
**МагIарул эбелалъ гьавуравщинав**
**МагIарул ракьалде вуссине ккола.**
**МугIрузул кьалбазда вижаравщинас,**
**Божилъун, авар мацI цIунизе ккола.**

ВАС
**НуцIа къана гьанже авар мацIалде,**
**ЦIалигун лъай буго чияр мацIалда.**
**Чиярлъана ракIал гIолохъабазул**
**ГIодулелцин руго чияр магIу тIун.**
**МагIарухълъи, дада, дуниялалда**
**Динлъун букIана дуй…Амма пайда щиб,**
**Пайда гьечIебщиналъ кверде росарал**
**Васал гIемерлъана магIарулазул.**

ЭМЕН
**Гьезда гьоркьов мунги вугевищ, дир вас? –**
**Босулеб хIухьелалъ кьола гьеб суал.**
**Суалалъе жаваб балагьизе дун**
**Дургун накъиталда вуго пикрабалъ.**
**Пакъирлъи рещтIунеб буго гIумрудулъ,**

Бальгояб хIинкъиялъ къулун буго мугъ.
Мун гурел, киналго магIарул васал,
Дир васаллъун руго гьаб лахIзаталда.

### В А С

Дица киназулго жаваб кьоларо,
Дирго жаваб кьезе кIолареб мехалъ.
Амма дица, дада, дуда абила
Бугин суалалъулъ кьогIаб ритIухълъи:
ВатIан дий бокьула, мунги вокьула,
Йокьула эбелги, яц, гIагарлъиги,
Амма дун гьавуна гьаб шагьаралда
Шагьаралда дица цIунила ватIан.

### Э М Е Н

Гьелъухъги баркала, бек-бекун бараб
Къисмат бакIаризе къуват гIеладай?
ГIолохъанлъиялъул хIинкъи гьечIолъи
ХIинкъарал къоязе къабуллъиладай?
Кинан букIаниги, ракI къварилъидал,
Дуца ахIе, дир вас, дир росдал сарин.
Ракьалда бищунго дие хирияб
БукIанин Дагъистан, магIарухъ тараб.

### В А С

Дагъистаналъул вас вуго дун, дада,
Дуда гьеб лъикIа лъала – дун дур вас вуго.
Дудаса ирсалъе щвараб кинабго
Кидаго ракьалда кIочон толаро.
Дида Каспиялъул карачелаби
Карахун рихьула, мугIрул гIоралллъун.
ГIодой виччай, дада, Дагъистаналда
Инсул ракI босичIев вас вукIунаро.

### Э М Е Н

Дица Аллагьасде гьари гьабула,
Гьардарав БетIергьан, ватIан цIунейин.
Амма дир гьаридул гьаракьлъун вуго
Гьаб ракьалда вугев дир хирияв вас.
Дие бокьилаан гьес дир цIаралъе
ЦIияб магIна кьуни магIаруллъидул…
МагIил гарида тIад тIегь бижун хъвараб
Дир ургъалил шигIру гьесда рагIани.



**ГIайшат МАЛАЧИЕВА**

## КВАТIУН ТIИНКIАРАБ МАГIУ

I.

Жамалги Жамилатги данделъун анцIила щугонигин сон букIана. ГIисинго лъабгониги лъималги хун, тIаде гьарурал васги ясги, гъансинир лъун цIунарал, къиматал жавгьаралгIанги, хиралъун ва рухIбухьун хьихьун рукIана гьаз. Анкьго сон балев вугев васги щуго лъагIел балей йигей ясги цадахъ рачун, гьал шагьаралде гочана. Росулъ букIараб мина-картги бичун, чияр рукъккун жалгоги чIун, ракьги босун, жидеего мина базе лъугьана.

Бан ргIалде бахъинчIеб минаги тун, Болъихъе хIалтIизе ине хIукму ккана Жамалил. Рачун, лъимал-хъизанги росулъего, жиндирго эбел-инсул бакIалде рахъинаруна. Мина лъугIизегIанниги вугебго бакIалда хIалтIулев чIезе бегьуларищан гьарулеб букIана Жамилатица росасда. Жив рагъулав хъулухъчи кколин, шагьаралдеги гьебго хъулухъалдасан гурищин витIун вукIаравин, гьанисаги жидер часть Болъихъе рагIизабун бугилан, росасул чIванкъотIараб жаваб щвана лъадуе. Гьеб хIукму кигIанго ракIалъе къабул-лъун букIинчIониги, тIаде рагIи аби гIададисеб букIинги бичIчIун, гIенеккун чIезе ккана гьайги.

БачIинахъего рекIел хIалги бахчун, чаракъосинги хIехьон, вакьад-якьа-далъе яслъиги гьабун, лъималазул тIалабалда йикIарай Жамилат, къобахъа-нагIан жидерго рукъалъул бокIоналъухъ урхъизе, гIумру гьабиялъе кигIанго шартIал гьечIел ругониги, гьенибего ракIалъ цIазе лъугьана. КигIан хIалимай якьадги, гIайиб чIвазе бакI батичIев вакьадги ругониги, гьоболлъухъ йигей гIадин, гIажаибго намуслъиялъ, ракI гIодобиччан йикIине кIолеб букIинчIо гьалда. Цо рукъалъул хал-шалги гьабизе, лъималазе гIиси-бикъинаб къва-ригIараб-таралдаги хадуй ине къасд ккун бугилан росасул эбел-инсудаги абун, Жамилатица росу нахъа тана.

Нух тезегIан, Жамалудинилги жиндиргоги цадахъ гIумру гьаби байбихь-иралдаса, букIарабги лъугьарабщинабги тIехьалъул тIамач бегулеб гIадин, щибаб къоялъул сурат щибго течIого, ракIалде щвезабулеб букIана гьалъ. КIигIанго хирияв вукIаниги, рикIкIалъиги, телефоналъ кIалъазегIаги бухь-ен гьечIолъиялъги, бахчараб рекIелхвейги букIана гьесде. Гьаналъ бицараб гIадин, цо гIилла гьечIого гьединаб асар жиндилъ бессун хутIулареблъиги бичIчIулеб букIана гьалда.

Пикрабаздаса йигьарай гIадин, машинаялъул гордухъе балагьидал, гьалда тахшагьаралде лъугьунеб бакIалде гIагарлъун ратана. Нухда цадахъ рекIи-нарун, жалго рачарав чиясе баркалаги кьун, нух тезегIан кьижун рукIарал

лъималги макьидаса рорчIизарун,  Жамилат  гIодой рештIана. ГьебсагIатго гьелъул бер речIчIана, гьаниса ун лъабго моцI иналдего, жидер минаялъе бетIергьанлъи гьабизе лъил букIаниги къасд ккун букIиналда. Каву лъезегIанилан, къотIа-сотIарал хъарщалги цоцазда рацIцIун, кIалтIа эхетизабун букIараб бакIаб чIемгIаги букIараб бакIалдацин гьечIоан, гордалги гъурачункун, цIорол рекалаби киса-кирего щущан ругоан, рагьизеян къеркьеялъ, рахайги тIезабун, гьетI-гьетIизабун нуцIаги бугоан. РощногохIтIаса босараб гIадаб бусен-къайиги рукъалъул бокIнилъ тIибитIун, тIад гьве бегилареб гIадаб сипат-сурат гьенибги бугоан. ГIодорго тIиритIун гъадаро-щурумги, гIебса-гIебса рарал шушбиги ратидал, щаклъи гьечIого, гьекъолдухъабаз жидеего данде руссине бакI батун букIин бичIчIулеб букIана. Бихьаралъ бадиб магIуги ххулун, хехго вацгIал Камилиде телефоналъ кIалъана. ГIемер мехго иналде, жиндирго машинаялда  гьевги  тIаде гIунтIана.
– РакIбакъваялъ гьабизе жо гьечIо. Гьаниве рукъалъул бетIергьан тIадвуссаравлъи лъалеб гIаламат букIинабизе ккола. ГьабсагIат, Жамилат, рачун лъималгун мун нижер дое ина. – Гьаб  хIалтIи рукIалиде ккезабизе дида тIадги тела дуца, – абун, гьес жиндирго шофергун цадахъ цин цере гьал жиндихъего нухарегIана.

Камил вукIана рагIи билълъарав, гьорлъе лъугьараб иш рагIалде бахъинабулев, гIагарлъиялда гьоркьов бищунго мугъчIвазе бегьулев чи. Гьелъ бигьалъиги ракIалъе лъугьун, Жамилатги вацгIаласул хъизан-лъималазда рештIана. Эльмирацаги гьал, гьимулаго къабул гьаруна, росасул гурей, жиндирго яцгIал йигейгIанги гьалъиеги йокьулей йикIиндал Жамилат.

КIиго-лъабго къо иналде, Камилица  устарзабиги цадахъ рачун рачIун, цIцIурдулги лъун, тIад маххул хьуралги регъон гордалги рекъезаруна, рахайги хисун, гьетIа-кIичIараб бакIги битIизабун, нуцIаги къачIазабуна, рокъове лъугьине ракIалде ккарав чиясе бигьа-бихъаго квербазе кIолеб бакIги  течIо.

– ГIумру-сон халалъагиха, Камил, дуе, вацгIаллъун гурев, кидаго вацлъун вихьана дида мун. Дуда кинабго базабизе кколарилан вагъулев Жамалги вукIуна диде, лъидеха дица ахIи тIамилеб букIараб, гьаб кIудияб шагьаралда дудаса цевесев чиги гьечIони…

– Жамалихъе ахIичIониги бегьила, бажарараб кумек гьабизейин гIагарлъиги гIадамалги рукIунел. Мунгоги, ургъел тун, ракI гIодобиччан ине бегьила гьанже эхеде, – ян, гIедегIун жиндирго ишалъ ана Камил. Эхеде ине хиялго букIинчIей Жамилат, рукъалъе жанисан кIвараб рацIцIа-ракъалъиги гьабизе, жинда бажарулебниги гIиси-бикъинаб хIалтIиги тIубазе ишалде машгъугъуллъана. ЦIакъ гъира букIана гьелъул, гьаб минаги лъугIун, гьаниб жаниб гIумру гьабизе. Цо рахьалъ гьеб рохел хвезабизе гIураб гIиллалъун лъугьун букIана бетIергьанчи цадахъ гьечIого, гьанийгIаги магIарухъниги рукIине кколеб букIин. Кин бугониги, бахунги бохьунги, гьабурабгIан берцинлъулеб хIалтIиялъ гъира цIикIкIинабидал, ракIалде ккана риибакьулъ рехун гьабги тун, эхеде гIедегIинчIого, лъималги кIодоэбелалъухъе регIун, жинда бажарарабниги гьабизе гьанийго чIезе. Жамилатица жинцаго урхъахъе гьабизеги гьабуна.

Гьоркьо-гьоркьов вачIун, гIарац кьун хIалтIухъабиги тIамун, Жамалицаги борхулеб букIана гьабизесеб хIалтIул кIудияб рахъ. Лъималазеги лъадуеги

квен-тIехалъеги ретIел-хьиталъеги харж гьабизе кодоса жо лъугIунги толел гьечIо гьес. Жинца таралъуйго йикIинчIого, дудего кколаребщинаб гьабулей йикIунилан, гьоркьо-гьоркьов гьалдеги ццидахине лъугьунев вукIана. Гьелъулги рекIел хIалалъул хIисаб гьабидал, дагь-дагьккун гIодов вуссинеги лъугьунаан гьев.

Цо нухалъ, жиндирго эбелалъухъе щвезе Гъизляралде арай тIадюссун щвелалде, руччабазул сагIатги столалда лъун батун, гьелъ гIемерал суалал рижизаруна Жамилатил. Сонги жакъаги Жамал тIадвуссун вачIинеги рес гьечIин, церекъад хIалтIуде, гIодоркъоял лъугIизегIанцин течIого, хадуб ахIиги бахъун, ун вукIарав гьев, гьанжеялде виччанги ватиларин, жуба-гъубарал хIисаб-суалал рагъана пикрабалъ. Гьай рокъое щун мех бахъилалдего, гьим-гьимиялда, тIаса бер босичIого гьалъухъги балагьун, ячIун гIодой чIана мадугьал Аминат. Столалда лъовухъе букIараб сагIатги кодобе босун, цо-цо гьелдеги балагьун, цо батIияб хабар-калам байбихьана гьелъ.

– Сон мун арайгоха, Жамилат, цо гIажаибай, йорхатай, цо тамашаяб гIамал-тIабигIаталъул, цо гьабин абизе лъалареб ретIа-къаялъул гIадан гурищха дида нужехъе ячIуней йихьарай!.. Дида лъаларо, нужер гIагарлъиялда цо гьединай…

– Жийго цохIойищ йикIарай? НуцIаги жинцаго рагьунищ? КIулги дихъги Жамалихъги гурони букIинчIин?.. – ан гIедегIун-хехлъун лъугьана Жамилатил кIалъай.

– НуцIани гьелъ жинцаго рагьичIо, Жамалица рагьана. Дица ворчIами кьуниги, гьесда рагIичIеб лъаларо, жавабги гьабичIо. ГIезегIан мехалъ анирги рукIун, рукIкIел рехараб мехалъ аниса унелги рихьана дида гьел…

Аминатица берал Жамилатил бадиса росулел рукIинчIо. Гьелъие бокьун букIана, кигIан кIваниги хехго, жиндаго ракIалде ккараб тасдикъ гьабизелъун, гьелъул гьумер хисулищалиги, щиб жаваб жиндиего щолебалиги лъазе.

Жамилатил канчIхъахIилал береазда хIинкъи лъалареб, пашманлъи лъалареб асар рештIана. Гьаракь лъалаго сорозе лъугьана. Къалмица мухъ сверун бахъарал гIадин берциналги багIаралги кIутIбузда пашманлъидул дандгъва лъугьана.

– Гьейни гIагарай гIадан ятила, дун гьечIеб мехалъ аниеги ккун, нахъйиссун ун ятиларищха…

– ГIагарай гIаданги данде ккунищха, додин гIедегIун хIалтIуде ахIун ун вукIарав Жамал, мунги Гъизляралде регIун, тIадвуссун вачIарав? МунгIан берцинайги гьечIейха дой, Жамилат. Данде кколеб гьечIоха, Жамилат… Дидани цо нухалъ гурейха гьей йихьун йикIарай, амма дур ракIбакъвалилан, бицинчIого тун букIана.

– Гьанжеги бицинчIебаниха, Аминат, дуца дида гьеб, гьединаб магIнагун. Нилъ дагъистаниял руго, магIарулал руго, дагьалищ рукIунел гIагаралги, лъалел-хъвалелги, гьудул-гьалмагъзабиги, цадахъ хIалтIулелги гIадамал. Киназдагойищха щаклъилел?

– Мун гьаний гьечIейщинахъедайха гьел анире рачIунел, лъалел-хъвалелги, гIагарал-гIунтIаралги?.. Данде кколеб гьечIоха, Жамилат, кинго данде кколеб гьечIо, – абун, махсароги хIалае ккун, ялъаргъуней йикIана Аминатица гьай.

– БатичIони, дуего данде кколедухъ теха, Аминат. Дида росасул бихьараб,

щаклъизе ккарабниги ццин бахъине рес бугебниги жоги гьечIо. Гьебги батила цо кингIаги…

– Дунги гьеб гьедин батизе къваригIарай гIадан гурейха, мадугьал. Дунги, дуе квешлъи бокьун, бицуней йикIинчIо, – абун, жиндирго гьурщараб расалги цоцазда кьурулаго, тамашаго рорхун-риччан, кьунсрулги расандизарулаго, нахъе ине лъугьана гьей. Гьеб хабар бицине ячIиндал, дагьабги чIегIерлъун бихьана Жамилатида, гьоркьгоги кIкIубаб, Аминатил гьумер.

– Гьаб нухалъ цо жиндаго бащалъизе яхъарай ясгиха, Жамилат, элда цадахъ йигейан! – абун ахIана, каву къан, къватIиехун щварай Аминатица.

– Гьеле, гьудул, Аминат, гьанжени дур эл кIигоял гIуна. Цадахъ ясги ячунищха эй эсда цадахъ ячIун йикIарай? ГьелъгIаги бицунарищ, гьел чагIи гIагарал яги.. – абун цойги кинаб жаваб гьелъие ургъилебали лъаларо хутIана, каву рагьун, гьелда хадуйги яккун, Жамилат.

– Гье, гьудулай, Жамилат, эдинха дов росин абулев чи, ара-аралъуве виччазе бегьуларев, эдинин дов нилъедаго аскIов чIезавизе кколев, эркенлъи кьезе кколареб…

– Гьединлъидалищха, дуца дуравго, кивего виччачIого, диваналдаги вегун, къоялъ телевизоралъухъги балагьун, кроссвордал цIезарулев чIезавун вукIунев?! Диравни хъизан-лъималазе гIарац балагьулев, хIалтIулев вугин! – ан гьаракь борхана Жамилатица.

– Диени гIарацго гьечIониги, рокъов вукIине бокьила гьев, цее ккара-ккаралда цадахъ лъугьун вукIинегIан, – абун, жиндаго хадуб кавуги къалаго, Жамилат жиндирго азбаралдехун цуна Аминатица, дагIба-рагIи ккелалде, гьениса нахъе тIурун лъикIиланги ккун.

Кавудул кIулги кьурун, азбаралъубго сокIкIун рукIарал хъарщазда тIадги гIодой чIун, ургьиехун гIодана Жамилат. Гьел хъарщазда гьоркьан раккун ругоан, сагIнил конфеталги кванан рарал гIурччинккарал кагъталги, аскIобего бортун бугоан, багIараб кьералъул расанкIабазул гьитIинабго гъудги.

2.

– Гьанжесалъ вачIараб мехалъ, гьадаб чIабаралда хъарщи кьабун лъугIизабилилан гурищ мун вукIарав, Жамал? Гьабизе ракIалдаго бихьуларогури, дуда гьеб? – ан гьикъана Жамилатица, жиндаго ругьунаб разилъигун, росасде жиндирго рекIелъ бугеб барщиги бахчун.

– Гьебги-добги гьабизе гуро дун гьабнухалъ вачIарав! – ан дагьабго бакъвараб жаваб рагIана гьалъул гIиналда.

– Батани, рокъобе ракIщун вачIун ватилаха, яги нижеде ваккизе щун вукIун ватила? – абун, гьанжесалъги хIал бахчизе жигар бахъана лъадуца.

– Ватила…

– Жамал?.. Дудехун цо кIудияб бега-бежараб рокьи букIун батичIониги, эбел-инсуца кьураб бакIалде, дуеги дун гурони данде кколей гьечIилан абулеб букIиндал ячIун йикIана дун дуе лъадилъун. Киданиги лъадулаб налъиги гIодоб течIо, лъималазе эбеллъиги нахълъизе биччачIо, батIаго дуе бегьилārей гIадай гIаданги дун йикIинчIо. Щиб, доб цебе букIараб рекIел хинлъи ссун арав гIадин гурищ мун вихьулев вугев? – ан цIехолдизе жуяна Жамилат, рокьи букIинчIилан абуниги, гьелщинал соназги жанисан ракIалъе вокьулев вугониги, гьеб загьир гьабизе намуслъулей гIаданалъ.

– ВокьичIого, ячIараблъи лъалеб букIинчIо, – ян хIикматго балагьана гьав лъадухъ. Цойги рагIи гьес абилалде Жамилатица хадубгъезабуна:

– Рихун ятани, нахъе аянги абизе бегьулебха дида.

– ГIантал жал рицинчIого чIолейани, мун, Жами.

– Дирни хIасрат бергьун букIана, гьаб минаги жаниса кунчIизабун, тIубараб хъизамги данде буссун, унго-унгояб, берцинаб гIумру гьабизе. Дуцайин абуни…

– Дуе гIоларого бугеб жогIаги щиб, йо?! Бана мина, лъугIизе кватIун батаниги, рахъун руго жанире. Нужее гIарац дица бачIунеб буго, цо-цогIаги дунгоги вачIунев вуго, гьединги гIечIони…

– Гьединги гIечIони, гьалда аскIов чIелилан гурищ дуе абизе бокьун бугеб, дир гьудул? – абун, рачелги кIиго килщида гьоркьобги ккун, росасда цебе дализабуна Жамилатица, дой бальгояй гьудулалъул гьоркь хутIун батараб сагIат.

– Гьелда аскIов вукIаниги, нуж щиб камун дица тун ругел? – абун, дагьавго хъачIлъана гьанже, гIезегIан мехалъ, щиб абилебали лъаларогоги хутIун, алда кинабго лъан бихьулилан хIисабги гьабун.

– Гьеб лъазе бальго хадуй лъугьун йикIинчIого, дурго ишазде юссун йикIани лъикIан дуеги, – абун тIадеги жубана.

– ЛъидагIаги, сундагIаги хадуй лъугьинего ккечIо дун. Гьале, гьаб бакIалда, нужехъа хутIараб бакIалда, гьале гьаб сагIтица жинцаго бицана кинабго.

– Мадугьалалъги кумек гьабун батиларищха…

– МадугьалгIаги дуе щай, дудаго гIайибги букIун?

– ЧIужу ячин гIайиб гуро, Жамилат. Хасго, бадиеги балагьун, чIужугIаданалъ жий ячейилан гьарараб мехалъ, ячинчIого тани дие хIакъ букIинарищ? ТIадежоялъе, нилъер диналъги ункъо ячине биччалелъул…

– Диналда данде чIарай гIадан дун гуро, Жамал. ГIицIго гьаниб гьабулеб хIалтIи роцIцIинегIангIаги бегьуларoанищ яхI гьабизе, дуего щолеб мухьгIаги кIибикьизе ккечIого букIинеха. ГIададайищха аб байтулман, лъугIун рагIалде бахъинчIеб. Гьанир разе къоялго ратиларо диеги хутIун… – абун, цо бальголъи жинхъаго рагьун борчIараб гIадин, хIинкъун, тIуркIунгицин ячIана гьай.

Гьел рагIабаздаса хадуб, цебехун лъалеб букIинчIеб, гIажаибаб кьерхен халлъана гьалда Жамалил беразулъ.

– Ункъиде бикьизе кканиги, дица гьабулелъул хIукму дихъго те, Жамилат. Ралел къоязулги бальголъиги нилъехъ гуреб бугеб. Щиб лъалеб, гьанив халлъизе диейищ хъван бугеб, дуейищали? Кколареб дагIба багъаричIого, живго те дун, свакаравги … чи…

– ТечIого, чIвалевищ гъарин дица мун вугев? – абун, щакъраххун нахъарокъое лъугьун унеи гьелъ, цIакъго сас бахъинедухъ къана, жиндаго хадуб нуцIаги.

– ЧIвазеги букIана нужоца камун!..

«Нужоца» абураб рагIул магIна, хъизан-лъималазин абурабищ яги кIияйго чIужуялъин абурабищ букIарабали гьес жинцагоцин хIисаб гьабичIого, абун бахъун ккарабищали бичIчIичIо Жамилатида.

ДагIба-рагIи халат гьабизейищали, хадувго вачIунев вукIарав Жамал, балагьун хутIана, чурун, итуги бахъун, бакIида бан букIараб гьесул гIурччинаб хъулухъалъулаб форма шифеньералда базеян кодобеги босун, карандеги къан,

гьелдаса махIги сунтIулаго, гьабсагIат букIараб кIалъа-басайги кIочон тун, гьебги гьурмадаги цузабун, недегьаб кету гIадин, хутIун йихьана гьасда Жамилат. Михъилъеги гьимун, ццин-кIварги чучун, лъимадулгIан хехго ракIги батун, гьелдацин вихьилалде, тIогьиса хIатIазда, цIогьохъего гIадин, нахъе-нахъехунги вилълъунаго, жанахIалъуве щвана Жамал. «Вокьунго вукIун рагIуларо дун алъие. Вокьизеяли гьабсагIатгицин вокьула дуе дун…» абун рагIун-рагIиларедухъ живго-жиндаго гаргалев вукIана гьав.

3.

– ГIажаибаб унти буго, Дибирова дур гьаб. Дир хIалбихьиялда жеги дандчIвачIо дида гьединаб гIузру. Гьаниб гьелда жеги битIараб цIар лъун бажаричIо. Рес батани, Москваялдеги цоги бакIалдеги ани лъикIан дуе. Нижеца гьабулеб дару ккола дуе дагьабниги бигьалъиялъе, дуда цIикIкIун унти лъачIого букIиналъе гьабулеблъун. Дуца доре-дорегIан ругел, гIатIидал ресалги ругел санагIалъабиги чIезарурал лабораторияздасан гьабизе ккола хадубккун цIех-рех, гьенире нухбахъизе гIамал гьабе, – ян, рагьун абуна Жамилатида тохтурас. РитIухълъи бадибе абизе захIмалъун букIиналъищали, цIоробералги рахъун лъун, цIир-цIирун надалда баккараб гIетIги бацIцIун, вуцIцIун чIана гьев.

Жамилатида лъачIо жий кин рокъое щвараяли, кинан нухдасан араяли, кигIан мех жинцаго гьединаб макьилъ гIадаб асаралда гъоркь барабали. Цебеккун щаклъи букIаниги, гьедигIан рагIа-ракьанде щун жиндир черхалда гIузруялъ кверщел гьабизе лъугьун батилилан гьелда ккун букIинчIо. БукIана, дару-дарман гьабун бахъиндал, дагьабниги бигьалъи ккелилан хьул.

Нахъисеб къоялъ, радалго тIаде яхъана Жамилат. Какги бан, дугIа-алхIамги тIубан, тIаде яхъунаго, бачIинахъего кьурана якьадалъухъе. Расги хIал лъазе течIого, гьикъа-бакъарана, жийгоги лъикI йигин абуна. Жанисан кинабго хIалтIиги лъугIун бугин, рукъзал хинлъизаризе рогIразухъе жакъа-метер лъимги биччалин, цIакъго цIороялъ кверщел гьабилалде, нухазда квалквалги букIунгутIизе, лъимал рехе ритIизе санагIат гьабейилан гьарана.

РитIун лъималги рачIана. Рохун, цоцаздаса урхъи буссунарого, эбелалъ лъимал каранде къан, лъимал эбелалда хурхун, балъго балагьарав чиясда берзул магIу кквезе кIвелареб гIадаб, рухIдаллъилеб сурат букIана цIияб рокъобе буссараб гьитIинаб хъизамалъул. Амма гьеб талихIги гIемер халат-бахъинчIо.

Цо кутакал гьурал рахьарал къояз, цIа свинабун, рокъоб цIакъго квачан букIана. Биччараб гIазу цоцахъе хъамун балеб, чIамучIал, рукIкIарал гIадал къоял ризлъана. РицIцIимахIабазде бахунеб гIадаб борхалъиялъул лъим, ракьги гIорцIун, гIодобе цIцIун инеги кIоларого, лъар щвараб гIадин, къватIахъ тIибитIун букIана. Унтилин хIинкъун, лъимал, тIад хинаб ретIелги ретIахъе, тIасан юргъабиги рехун, бусалъго чIезарун рукIана. Гьеб къваридаб гьава-бакъги хIалае ккун, токги газги цадахъго свинабун букIиналъ, чай гьабизе лъим гьализеги, хинаб квен гьабизеги рес букIинчIо. ЦIибалеб авалго дунялалдаса тIураб гIадин кколеб букIана. Гьадин тIураларилан, таксиги ахIун, гьаб нухалъ Камилилихъе инеги намуслъун, шагьар бакьулъ бугеб квартираялде – росасул гIагарлъиялъухъе ине хIукму ккана.

Гьоболлъухъ тIуран рукIаго, чанго къо иналде, росулъан ахIи бачIана,

вакьад къадаралде щванилан, Жамалихъеги ахIизе кIоларин, гьесухъе Болъихъеги ун, цадахъгIаги эхеде рачIайилан.

Сапаралъ яхъине къачIарай Жамилат, цин ясалда, цинги васасда, хисхисун къочарана, кьижарал ригьинаредухъ, гьаругьин тIад кверал рахъана, нахъе-нахъеги гьезда кIаркьен цвизабуна.

– Вореха, СалихIат, дие щибгIаги ккани… цощина дун йиссинчIони, дуца дир гьай ясалъул тIалаб гьабе, дир аманат буго дуде! – ян гьарун абуна Жамилатица, къватIие лъугьунаго.

– Аставпируллагь, щибгIаги дуца бицунеб, щиб дуе ккезе кколеб? Щай мун юссинчIого йикIуней? – ан, хагарай гIадин, гьикъана СалихIатица, хIинкъиги гIажаиблъиги жубараб гьаракьалъ.

– Гьай, гьудуля, СалихIат, дидаго лъаларищха дирго черхалъул бугеб хIал…

– Ясалъул гуребги дирги гьабизе кколарищ, баба тIалаб? – ан, гьикъана, гIоди-гIодиялда ван, макьидаса бералги кIвекIулаго, вахъун вачIарав Ризваница ва эбелалъул жагъабазда, кверазда убачал гьаризе лъугьана.

– Мун инсуца теларев ватила, дарман, амма Сапишка яслъидалха… Гьей дагьайги гьитIинайги гьечIищха… Мун тIасияб соналъ школалде вачине гIолев вас ккола. ГIодизе бегьуларо бихьинчи, – абун магIилъан гIадин гьимулаго абуна гьелъ, цинги гьесда рихьиларедухъ, берал рацIцIана.

Унго-унголъунги, рагъулаб заставаялдаса рикIкIад, кIиго мегIералда гьоркьобе кколеб, Жамалида хассаб хIалтIи бугеб бакI, бухьен гьечIеб, райцентралдегIан рачIани гурони, телефоналъ кIалъазе рес гьечIеб бакIалда букIана. Рагъулаб часть чIараб бакIалде щваниги, Жамилатида Жамал гьенив ватичIо. ВатичIониги, эменлъидалин хун вугев, хехго гьев валагьизе санагIалъи гьабейилан гьараниги, гьеб кIудияб къварилъи букIин жидедаги бичIчIулин, бугониги, гьев хассаб тIадкъаялда вугин, хIукуматалъул балъголъаби лъудбузда бицине ккоарин, тIадвуссун вачIараб мехалъ, гьев эмен вукъизе виччазе вугилан лъазабуна гьалда командирас. Бахъараб ццидакьего, къолъикIинцин гьесдаги абичIого, кьабизе нуцIаги биччан, гьениса нахъюссине ккарай Жамилат, жийго ана росулъе рекIине машина балагьизе.

Мадиро гьабулеб гIадин, цоялдаса-цоялда рекIун, кIиго-лъабгониги машинаги хисизе ккун, жидерго росуаххада рещтIана Жамилат. Гьенибин абуни, шагьаралдасаги цIорораб гьаваги, цIер къараб нухги, дагьабги ццидалаб цудунго щвараб хаселги дандчIвана гьалда. Гьенисан тIаде сухъмахъалъ лъелго унаго, гъоркьгоги загIиплъараб чорхол ахIвал-хIал расги лъикI букIинчIо. Сорон, цабиги дандкьабулел рукIана, рукIкIине лъугьунеб заманги букIана.

МагIирокъой гIодиялъги нухда захIмат бихьиялъги сваканги унтунги, риччалъе ккарай гIадин лъугьана Жамилат.

Рогьалилъго гьей йорчIана Жамалил цIурмил гьаркьихъе.

– Жамилат, уяб хабарищ, эмен… – гьесда букIине кколедухъ рагIи абун бажарулеб букIинчIо, гьоркьо-гьоркьоб къотIарулеб, рагIуларого кIалъайги букIана.

– У, гьудул, Жамал! Ун вуго нилъер лъикIав эмен! – абун, трубкаялъуе гIодулей йикIана Жамилат.

Къадекакил гIуж щвелалде, гIурухъеги щун, гьаниб гирулеб жого гьечIого хутIун вугилан кIалъана нахъеги лъадухъе Жамал. Жамилатин абуни, гьебса-

гIат яхъун, ракIалъ течIого, хъештIолел, хIетIе кин чIелебали лъаларел долго сухъмахъаздасан, къокъиднухалъ гьесда данде йилълъана.

– Гьаб нилъер заманалдаги, гьадигIан техника цебетIулеб гIасруялдаги дуе щвараб хIалтIигиха, хваравги аравги лъазавизе рес гьечIеб, абизе къваригIарабги къулчIун, чIалгIенги бахчун нижги чIезарураб?! Угьдилел лъималги тун, лъугIун уней, рокъое рехун чIужуги тун, дудагоги кIвей!.. Ахират кьун вохун ватаги, нилъер хIеренав Тажудин-дада, дунгIан Аллагьги разилъаги гьесдаса, – абун, берал рацIцIана Жамалатица. Каранда гьейги къан, гIекк-гIеккун гIодана Жамал, абизе рагIиги батуларо, хварав инсуда хадуб ракIхвейялъги, хиралъун ячун йикIарай лъадул хIалакълъиги загIиплъиги бихьун, рихьичIого араб моцIида жаниб, лъадул бакIалда хисун цогияй гIадан лъурайгIанги гIажаиблъунги, жинцаго такъсир гьабурабгIанги нечезе бачIунги.

– Гьаб цIорораб къоялъ, гьадигIан кIвезего кIоларого, мун щай дида данде яхъарай? Дуца щай дида унтун йигеблъи лъазабичIеб? Тохтирзаби щайзе рукIунел чагIи, дараби сундуе риччан ругел жал?! – абун, бадибчIвай гьабулеблъунги, жиндирго гIайиб бацIцIине гIадинги, абулеб букIана Жамалица.

– Гьеб киналдасаго, мун аскIоса ками букIана захIматаблъун… Дуда гьедин чIезе кIвей букIана батIаго бакIлъараблъун… Дуца дун цогиялъухъ хиси букIана бищунго бухIараблъун…

– ХисичIо дица мун лъихъниги. Камизе вукIинчIо дун дуеги лъималазеги. УрхъичIого вукIинчIо дун нужехъги, – абун, дагьавго хIалимлъун гIадинги лъугьун, живго ритIухъ гьавулев вукIана гьес.

Рокъоре гьал щваралго, тохтир ахIана Жамилатиде. Укол гьабун мех иналдего, гьай кьижун ккана. Рохалил лъалареб, гIазабалъул лъалареб гIажаибаб гьимиги букIана гьелъул гьурмада лъалхъун…

– Я, дир вацги яги, гIарац гьечIел чагIиги нуж рукIинчIин, сахгьайизе ячинчIого чIезегIаги кин нужеда кIвараб?

– БухIун унебги, кина-щинабго хIалтIи-пишаги тун, унтуе дару гьабизе ккелароанищ, букIараб, дир лъимал?

– Цин мина бачIого, черхалъул тIалаб гьабизе кколарищ, гьудулзаби?! – абуралги цогиялги – гIемерал суалалги бадибчIаялги рукIана гьезие гIагарлъиялъ гьарулел.

– ГIажалалъе дару гьечIогоха! – ян, гирунго-гирун магIугун, щурун абулеб букIана Жамилатица.

Эмен вукъун лъабабилеб къоялде, магIирукъцин биххилалде, тIаде Жамалги къулун, къан гьесул кверги ккун, Къуръан цIалейилан гьесда бичIчIизабизе жигарги бахъулаго, босун ана Жамилатил рухI.

КIийихъан ккараб ками бакIлъарав Жамал, зигара буссинабизе гьаракь къватIибе бахъизе кIоларедухъ, щакъраххун, бералги риччун вихьулаан. Пайда щиб, кватIун тIинкIараб магIил.

**ХIажи ХIАМЗАТОВ:**

## «ДИЕ ХИРИЯЛ ЦIАРАЗУЛ ДИЦА КИДАНИГИ УЧУЧУ ГЬАБИЧIО»

*Исана 5 маялда 90 сон тIубана ХIажи ХIамзатов гьавуралдаса. ГIезегIан гIатIидго, байрамалъул даражаялда кIодо гьабуна гьесул юбилей нилъер республикаялда. ГIахьаллъана гьенир Россиялъулги къватIисел улкабазулги машгьурал гIалимзабиги, хъвадарухъабиги, политикиялгун жамгIиял хIаракатчагIиги. Гьеб лъалеб жоги буго. ХIажи ХIамзатов вукIана Северияб Кавказалдаса Россиялъул ГIелмабазул Академиялъул тIоцевесев академик, анцIгогIан соналъ Дагъистаналъул ГIелмияб Централъеги, лъебергоялдасаги цIикIкIарал соназ Тарихалъул, мацIалъул ва адабияталъул институталъеги нухмалъи гьабурав, нилъер улка тун къватIивехунги лъалев кIудияв гIалимчи ва гIуцIарухъан, Россиялъулги къватIисел пачалихъазулги къадруял гIелмиял премиязул лауреат, гIелмиялги жамгIиялги цIар рагIарал батIи–батIиял гIуцIабазул член…кинабго рехсон бажариларо, гьеб сияхI гIезегIан кIудияб буго. Гьелъул бицине гIезегIан заман хIажалъила.*

*Гьеб киналъулго гIатIидго, мухIканго бицана ХIажи ХIамзатовасул юбилей кIодо гьабулел дандеруссиназдаги, газетаздагун журналазда ва цогидалги басмабазда рахъарал гIалимчиясул хIалтIуе мустахIикъаб къимат кьурал макъалабаздаги. Нижеда лъикIаблъун бихьана, ХIажиясул гIумруялъул нухалъулги гIелмияб хIаракатчилъиялъулги бицунеб, гьединго гьесул къартIаб*




**ХI. ХIамзатов ИЯЛИялъул гьанжесев директор М. МухIамадовгун**

*гIамал-тIабигIатги рагьулеб, церегIан соназдаго гьабураб гьаб гара-чIвари журналалда бахъизе. Гара-чIвари байбихьун бук1ана гьесул лъимерлъиялъул биценаздасан, Дагъистан хIайран гьабурав шагIирги, гIакъилги ЦIадаса ХIамзатил вас ва дунялалда цIар рагIарав поэт Расул ХIамзатовасул гьитIинав вац хIисабалда гьесул ракIалдещвеяздасан.*

– ХIамзат машгьурав поэт вукIинги, гьесухъ гIадамаз гIинтIамулеб букIинги, халкъалъ гьесул хIурмат гьабулеб букIинги, гьесда жиндаго гьеб бичIчIулеб букIинги – гьеб пикру цIакъ нахъа щвана дихъе. Дица гьелъул хIисаб гьабулароан, – ян абуна ХIамзатил ХIажияс. – Нижер хъизамалда жанив бищун гьитIинав вукIана дун. Жеги школалде инелдего дун инсуца кверги ккун годекIаниве вачунаан. Гьесул тIингъилъ, аскIов гIодов чIун вукIунаан дун. Инсуе дун вокьулевлъиги лъалаан дида. Гьес веэдун гIуна дун.

Дида кIочон толаро, щуго-анлъго сон бараб мехалъ тIимугъ гьабуна гьес дие. Гьебги ретIун лъималазда цадахъ мажгиталде унаан дун какал разе. Мажгит нижер рукъалда аскIоб букIана. Как базе инсуца малъун букIана, эбелалъ цIикIкIун малъун букIун батизеги бегьула. Гьанже тIубан ракIалда гьечIо.

Цоги дида ракIалда буго, мажгиталда цере гамчIазда гIодор чIун рукIунаан гIадамал радал-бакъанида хабар-кIалалда. Гьеб букIун батилин ккола лъебералда анкьабилеб-микьабилеб соназда. Бицен ккана, гьанхъадерил росдал тIарадаса лъимги бачун, цIегьулдерил росдал лъадал масъала тIубазабиялъул. Абулеб букIана гIадамаз, добаса гIодобе рогIрахъан гьеб лъим Тобтихъе щвезегIан инила, гъобасан ЦIадабе кинила гьеб бахинебилан. КIиго-лъабго бал гIадинаб бакIалдасан эхеде бахине ккола лъим. Гьеб мехалъ инсуца дун витIана рокъове, лъадал цIураб хъабаги, чIобогояб гулгунги босейилан. Гьел дица рачIиндал, гьес хъабаялъуса гулгуналъубе тIураб лъим гулгуналъул моцIуялъусан къватIибе бачIана. Гьале гьадинаб къагIидаялъ бачIунила гьаб лъимилан, цогидазул щакдари къотIизабуна инсуца. Хадуб школалда цIалулеб мехалъ «Закон о сообщающих сосудах» малъулелъул дида ракIалде щвана гьеб лъугьа-бахъин. Гьединаб философия букIунаан инсул кинаб суал бижаниги, гьелъие жаваб батизе, мухIкан гьабизе.

**– Инсухъе 1933 соналда Тихоновги, Луговскойги, Павленкоги рачIараб мех ракIалда бугищ дуда? Гьелъ кинаб асар нужее – ХIамзатил лъималазе гьабун букIараб?**

– Гьалбал инсухъе гIемер рачIунаан. Гьезде ниж – ХIамзатил лъимал цIакъго гьитIинго ругьунлъана. Доб къоялъ, гьалбал рачIараб мехалъ, ракIалда буго, Расулилги дирги дагIба ккана, лъица кинаб чу хIорде гьекъезе бачинебали. Лъил кинаб чуяли нижеда щибха лъалеб. Амма дол гIадамалги доб къоги дида ракIалдаса инчIо.

**– Хадусеб, 1934 соналда МахIачхъалаялдеги ахIун, ХIамзатие Дагъистаналъул халкъияв поэт абураб цIарги кьуна, гьесул кучIдузул «ГIадатазул жул» абураб тIехьги къватIибе биччана, Хъвадарухъабазул тIоцебесеб съездалдаги гIахьаллъана гьев. Гьеб сапаралдаса тIадвуссиндал кинаб дандчIвай росуцояз инсуда гьабураб?**

– Эмен гьеб сапаралдаса вуссараб мех дида ракIалда буго. Амма ракIалда гьечIо щиб даражаялда дов доб мехалда вукIаравали. Сапаралдаса чи вуссин росулъ лъугьа-бахъинлъун букIунаан. Гьедин, ХIамзат вуссун рагIулилан, гьесул квер босизе, гьикъа-бакъаризе рачIана доб къоялъги нижерго росдал



**XI. ХIамзатов гъудул - гъалмагъзабигун ва пикруцоялгун**

гIадамал. Лъаларо, инсуе сайгъат гъабурабищ яги бичун босарабищ гьеб букIарабали, патефон бачIана инсуца гьеб сапаралдаса. Пластинкаги лъун КIогьориса ПатIиматил кечI букIана ахIулеб. ТIоцебе патефон бихьулел гIадамал гIажаиблъун рукIана гьелда. Цо–цоял, гъоркье тIаде балагьун, кечI ахIулей гIадан ялагьулелцин рукIана.

Инсуца бицунеб букIана гьел къоязда бихьа-рагIаралъул. Гьес цIакъ гIажаиблъи гьабулеб букIана кочIолги литератураялъулги пачалихъалъ гьабулеб тIалаб-агъазалда. РекIехъе рикIкIана МахIачхъалаялда жинцаго цIаларал, «ГIадатазул жулалда» рахъарал кучIдулги.

**– Нужерго росулъги сверухъ ругел росабалъги, цоги бакIаздаги инсул къадру-къимат бихьулеб букIун батила дуда. ХIамзатил васин абураб тIокIлъи, рекIел чIухIи букIунаанищ дур доб мехалда?**

– Инсуда цадахъ ккедал, гьав дур васищилан гIадамаз ботIрода квер бахъидал разилъи гурони, цоги лъималазда гьоркьоб тIокIворчIи дир букIунароан, ракIалдецин ккolaроан гьединаб жо. Дир гуребги, нижер цонигиязул, ХIамзатил лъималазул букIинчIо гьединаб хасият. БукIана цого цо дун вохулеб жо, тIоцебесеб классалдсанго байбихьун дун лъикI цIалулаан. Гьелъухъ учительзабаз инсуе баркалаги кьолаан, дие рецц-бакъги гьабулаан. Гьедин дун лъикI цIалулев вукIиналъ, эменги дидаса рази вукIунаан.

**– Расул кинавчи вукIарав гьитIинаб мехалъ?**

– Расул гьитIинаб мехалъго чIагояб гIамал-хасияталъул чи вукIана. Гьесул жиндирго агълу букIунаан. ГIелцоял васалгун гIемерисеб мехалъ къватIахъ вукIунаан гьев.

ГIажаибаб ракIцIодорлъи букIана Расулил. Инсулги цогидазулги кучIдулги газеталги годекIанир гIадамазе цIалулаан гьес. Дидаса лъабго соналъ гурони кIудияв вукIинчIо гьев. Расулида ричIчIулел рукIун ратила инсул кучIдулги гьел гIадамазе рокьулел куцги, гьесул гьабулеб адаб-хIурматги. Гьес жинцагоги гьитIинго байбихьана кучIдул гьаризе.

Доб мехалда нижер кIудиял вацал МухIамадги Ахилчиги цIалулел рукIана педучилищеялда. Байбихьуда гьеб букIана ГIарани-хъаладухъ, хадуб Буйнакс-

киялде гочана. Расулицаги лъугIизабуна гьеб педучилище, кIиго соналъ дунги цIалана гьенив. Рагъ байбихьараб мехалда, эбел-инсул тIалаб-агъазалъе чи вукIинчIого, рехун тезе ккана. Гьеб педучилищеялда цIализе щвей анищлъун букIунаан киназулго. ЦIакъ лъикIаб лъай кьолеб, лъикIа-лъикIал учительзаби ругеб бакI букIана гьеб.

**– Лъай кьеялъул, лъай щвеялъул бицен ккун бугелъул, цо гьадинаб суал бачIунеб буго. ХIамзатица магIнаялъулги мацIалъулги – кинабго рахъалъ тIокIборчIун лъикI, живго Пушкиница магIарул мацIалъ хъваралгIанги махщалида руссинарун руго гьесул кучIдулги, хасго «Руслан ва Людмила» абураб поэмаги. ХIамзатида бицинегIан лъикI гIурус мацIги лъалеб букIинчIелъул, бичIчIулеб буго Пушкинил гъварилъуде гьев ваккизе кIоледухъ подстрочникал гьарун рукIараллъи. Гьедин бечедго доб мехалъго гIурус мацI дуда, магIарухъ гIурав чиясда лъалеб букIараблъи гIажаиблъи гьабизе ккараб жо гьечIищ?**

– Гьанжесел гIадамазда бичIчIуларо, бичIчIизе ресги гьечIо, доб заманалда цIакъаб школа букIана. ТIоцебесеб иргаялда, рукIана лъикIал учительзаби. Гьелги рукIана Россиялдаса ритIун рачIарал гIурусал. ГIурус мацI лъазеги бичIчIизеги гьез кумек гьабулаан. Хасго кIудияб кIвар кьолаан гIурус литератураялде. Дида ракIалда буго, ГIарани школалда кIиабилеб тIалаялда рукIана ниж цIалулел. Къадазда седон рукIунаан гIурусазулги БакътIерхьул улкабазлуги литературиял героязул суратал. Гьединго чIахIиял, цIар рагIарал гIурусазул хъвадарухъаби Пушкинил, Лермонтовасул, Толстоясул, Некрасовасул ва цогидазулги юбилеял кIодо гьарулаан, гьезул хIакъалъулъ хъварал тIанчал нижецаго гьенир цIалулаан.

Дида ракIалдаса унаро, нижер вукIана тIадегIанаб лъайги бугев, цIакъ лъикIав учитель БакьагьечIиса МухIамадов Бадави. Хадуб гьес литератураялда тIасан тIоцебе гIелмабазул кандидатлъиялъул диссертация цIунана. Рагъ ккараб мехалда рачIана, нилъеразде дандеккунги бажариги лъайги бугел учительзаби, Ростовалдаса, Харьковалдаса, Воронежалдаса, Волгоградалдаса, Астраханалдаса ва цогидалги бакIаздаса. Гьез малъараб жо дида кинабгIаги ракIалда буго. Цинги, Буйнакскиялъул педучилищеги букIана цIакъ лъикIаб лъай щолеб бакI.

ГIемерал кучIдул рекIехъе лъалаан дида, хасго Пушкинил. Сценаялде вахъунги цIалулаан дица гьел. Гьедин ругьунлъана дун.

Пушкинил «Руслан ва Людмила» поэмаялъул подстрочник гьабуна дица кIикъоялда анкьабилеб-микьабилеб соназда. Гьеб гьабилелде жибго поэмаялъул гъварилъи, магIна бичIчIизе хIаракат бахъи гуребги, дица цIалана «Руслан ва Людмилаялъул» хIакъалъулъ хъварал тIахьалги. Цо-цо мухъалда жанир магIна инабизе кIвечIел бакIазда кIи-кIи мухъал гьаризе ккарал бакIалги рукIана. Гьелъул хIакъалъулъ хъвараб хасаб макъалаги буго дир.

Подстрочник гьабулаго захIматал, ричIчIуларел гIадал рагIабазе баяналги кьолаан дица. Дир гьитIинаб машинкаги букIана инсуца босараб. Дос, дица гьарурал подстрочникал жиндиего гIажам хатIалъ хъвалаан, тIаде балагьарабго ричIчIизе бигьаго рукIунин жиндиеян. Дир архивалда нахъе цIунун руго гьел.

**– Эмен – эмен вуго, хIалтIи – хIалтIи буго. Мун ХIамзатил литературияв секретарьлъун вукIана. Гьеб рахъалъ дудехун тIалабчилъи кинаб букIараб гьесул?**

– Дун инсул литературияв секретарьлъун вукIана 1939 соналдаса байбихьун, гьев хвезегIан. Дов вукIана кинабго жоялъулъ тартиб, тадбир, мухIканлъи бокьулев чи. Гьебго тIалаб гьабулаан гьес дидасаги.

Подстрочникал гьарулаго, досда гIурусазул образал тIубанго ричIчIиларин ккун, дица тIаде предложениял журан, цо-цо пикраби халат гьарулаан. Дос абулаан, гьедигIан халат гьаричIониги дида гьел ричIчIулилан. Шагьрудин Шамхаловас, кечIалъе ХIажиясул гьунар бугищан гьикъараб мехалъ, инсуца абун буго, кечIалъе гьесул гьунар гьечIин, хабаралъе мадар гьабулилан.

Дос абулаан, кечIалъе рукIине кколел гурони, цониги хIажат гьечIеб рагIи бегьуларилан. Дир пикру буго дол подстрочникал басмаялда рахъизе. Гьезие гьадинги гьадинги кканилан баяналги кьезе.

ХIамзатида Пушкинил «Руслан ва Людмилаялъулги» Инхоса ГIалихIажиясул «Макка бахъиялъулги» релълъарал бакIал ратана. Нижехъе рачIарал литератураялда хурхен бугел гIадамазе гьес цIалулаан, кIиябго поэма дандеккун, гьединал бакIал.

ХIамзат литература бичIчIулев, гьелъул агьлуялъул чи вукIана. Халидин абун вукIана Ливаналдаса гIалимчи, литературовед. Гьесул букIана Европаялъул литератураялъул хIакъалъулъ гIарабалъ хъвараб тIехь. Гьеб тIехь щун букIана инсухъе цIализе дагьаб мехалъ МухIамадсагIид СагIидовасухъан. МухIамадсагIид хвараб мехалъ тIагIана гьеб, лъихъе ккарабали лъаларо. Европаялъул романтизмалъул хIакъалъулъ цIакъ лъикI хъван букIана гьелда. Гюгол, Байронил, Вольтерил ва цогидалги хъвадарухъабазул хIакъалъулъ ругел бакIал гьеб тIехьалда тIасан хъван рукIана инсуца. Гьел гьесул архивалда цIунунги руго.

ХIамзатица гIараб мацIалъ хъван букIана Европаялъул литератураялъул хIакъалъулъ очерк. БагIарал жилдалги ругеб, чвантиниб лъолеб гьитIинаб книжка букIана гьеб. ЦIализе кьурав чияс нахъе щвезе течIо гьеб очерк.

**– Бицуна ГIабдурахIман Даниялоvги цоги-цоги чIахIиял гIадамалги рачIунаанила ХIамзатихъе диналъулги цогидалги суалал дандразе. Гьединал гIадамазулгун кинал гьоркьорлъаби рукIарал инсул?**



**ХI. ХIамзатов РФялъул президент В. Путингун**

– Дица дирго макъалаялдаги хъван букIана, Даниялов вукIана гIумруги динги литературараги кинабго бичIчIулев, ярагьунев чи. Анкьалда жаниб цо-кIиго нухалъниги вачIунаан гьев инсухъе. Эмен унтараб мехалда щибаб къойил гIадин вачIунаан.

Даниялловго гIадин, хъулухъ-ишазда ругелги, динияб гIелму цIаларалги чагIи гIемер рачIунаан инсухъе. ХIамзат Дагъистаналдаго рикIкIунев чи вукIана фикъгьиялъул гIелму лъикI лъалев чи хIисабалда. ШаригIаталъул судалъул председательлъунги вукIана гьев. ГIадамал жалго гурелги, гIемерал кагъталги рачIунаан инсухъе диниял суалазда тIасан. Гьес фатвабиги кьолаан. Гьел данде ракIарун дихъ рукIана. Цоги тIаде щварал жиндихъги ругилан ГьаракIуниса НурмухIамадил МухIамадица ун рукIана гьел, хасаб тIехь гьабизе кколиланги абун. ГIемер мехго гьелдаса инелде МухIамадги хвана, тIадруссун дихъе гьел фатвабиги щвечIо. Лъаларо кире ккаралали.

**– Дур хIакъалъулъ бицен ккедал, Расулица абулаан, ХIажияв вугила дир кIудияв вац гIадав гьитIинав вацилан. Дуца щиб абилебан?**

– Расулилги дирги рукIана вацасулги вацасулги гIадал гьоркьорлъаби. Гьесул творчествоялда тIасан нижер гIемер хабар кколароан. Цо-цо мехалда гьесул диего цIакъго рокьарал асаразул бициндал, Расул дир пикруялда разилъулаан. ГIаммаб къагIидаялъ абуни, Расулидасаги гьесул гьунаралдасаги дун чIухIулааан, вохулаан. МагIарухъ дун ХIамзатил вас хIисабалда лъалев ватани, Москваялда дун Расулил вац гIадан лъала.

Ххвелал гьаризе дида лъаларо. Инсулги вацасулги цIараздасаги даражаялдасаги чIухIичIеб къо дир букIинчIо. Амма бищун дие хирияб гьеб кIиябго цIаралъул дица киданиги, кибниги учучу гьабичIо ва гьебги дахIаялъе ккун, лъиданиги цеве я чIунчIундичIо, я чухIдаричIо, я гогьдаричIо.

Цо мисал рехсон телин: Дун вукIана Дагъистаналдаса тIоцевесев Россиялъул ГIелбамазул Академиялъул член-корреспондент. Нижер академик-секретарь вукIана цIар рагIарав гIалимчи Храпченко. Гьес абунилан бицана дида, живги Расулги Ленинил премиялъул комитеталда аскIор гIодор чIун



**ХI. ХIамзатов, эмен ХIамзатгун, эбел Хъандулайгун ва вац Расулгун**

рукӀунин кидаго, гьесда лъалаанила ХӀажияв жиндир нухмалъиялда гьоркь хӀалтӀулев вукӀин. Цо нухалъгӀаги Расулица абичӀила, жиндир вацасул тӀалаб гьабейилан, гьесие кумек гьабейилан. ХӀажиясул, вацасдасагицин жиндир хӀалтӀуда гьоркьоб кумек тӀалаб гьабулареб хасияталда гӀажаиблъанила живан бицун буго гьес.

Храпченкоца кьуна дие киналъего нух. Дир тӀоцебесеб тӀехь бихьарабго абуна гьес, гьаб тӀехьалъ рагьулила дуе нухилан.

**– Дуца лъугӀизабун букӀана Дагъпединституталъул физикаялъулгун математикаялъул факультет. Филологиялъул, адабияталъул гӀелмуялде вачӀиналъе гӀилла кинаб ккараб?**

– БагӀараб дипломалда гьеб факультетги лъугӀизабун, гьебго гӀелмуялде вуссине нигатгун дун, конкурсалда гӀахьаллъана аспирантураялде лъугьине. Дагъистаналдаса цо дун бергьана гьеб конкурсалда. Лъабго лъикӀа-лъикӀав математикги вукӀана гьебго конкурсалда гӀахьаллъулев. Москваялъул Стекловасул цӀаралда бугеб институталъул аспирантураялде цӀализе дие щвана Дагъистаналъе бихьизабураб цого цо бакӀ. Дун витӀулев вукӀана гьеб институталъул Ленинградалда бугеб отделениялде. Доб мехалда аспирантураялде лъугьин бигьаяб иш букӀинчӀо. СССРалъул ГӀелмабазул Академиялъул президентасул гъулбас букӀине кколилан гьеб хӀукму тасдикъ гьабураб. Москваялда Литературияб институталда Расул цӀалулеб заманги букӀана гьеб. Гьес абуна, живги гьанив вугила, Москваялдаго хутӀизавун лъикӀ букӀинила дун. Доб мехалда Москваялда вукӀарав Дагъистаналъул вакил Хашаев ХӀажимурадил кумекалдалъун, Москваялда аспирантураялда хутӀизавун вукӀана дун. Гьеб соналъго эменги унтун вукӀун, гьесул тӀалаб-агъаз гьабизе, академичискияб отпускги босун, дун МахӀачхъалаялде тӀадвуссана.

Гьаниве щведал Шигьабудин МикагӀиловасги МухӀамадсагӀид СагӀидовасги дида абуна дуе математика щайилан, жидеца институталде хӀалтӀизеги восилилан, инсуе хӀажатаб кумекги гьабун, гьанивго чӀайилан. Гьедин, экстерно экзаменалги кьун, филологиялъул лъайцин гьечӀев дун лъугьана хӀалтӀизе Тарихалъул, мацӀалъул ва адабияталъул институталде кӀудияв лаборантлъун. ЦӀарал цогиязул рукӀаниги, къаси-къад чӀечӀого хӀалтӀун дица хӀадур гьабураб буго тӀоцебе къватӀибе биччараб гӀурус-авар словарь.

Хадуб гьанив лъугьана филологиялъул аспирантураялде фольклоралъул темаги босун. КПССалъул ЦКялда цебе букӀараб Марксизм-Ленинизмалъул институталъул филиал МахӀачхъалаялда рагьараб мехалда, гьениве кӀудияв гӀелмияв хӀалтӀухъанлъун вачана дун. Гьеніб Дагъистаналъул щибаб миллаталъул вакилзабаз жиде-жидер мацӀазде руссинаризе кколаан партиялъул бицарал хӀалтӀаби, тӀахьал. ГӀемераб кколаребщинаб жоялъул таржама гьабуна нижеца. Амма гьеб рахъалъ лъикӀаб хӀалбихьи щвана.

Хадуб дун вукӀана «МагӀарул большевик» газеталъул редакторасул заместительлъун. Газеталъул дубляж хвезабиялъе МухӀамад Шамхаловас хӀаракат бахъулеб заманалда дунги вукӀана гьеб ишалъул активист.

ВПШ лъугӀун тӀадвуссиндал тӀамуна МахӀачхъалаялъул телевидениялъул директорлъун. Гьеб дица рагьана, тӀоцебесеб передачаги дицаго гьабуна. Хадуб вукӀана республикаялъул радиоялъулгун телевидениялъул комитеталъул председательлъун. Чанго соналъ хӀалтӀана Дагъистаналъул культураялъул министрлъунги. Министрлъун тӀамулеб мехалъ, партиялъул обкомалъул тӀоцевесев секретарьлъун вукӀарав ГӀумахановасда дица абуна, дие цоги кинаб-

гоги тун, гӀелмуялде тӀадвуссине бокьун бугилан. Гьес рагӀи кьуна санагӀалъи ккарабго дир гьеб мурад тӀубазе. 1972 соналда тӀамуна СССРалъул ГӀелмабазул Академиялъул Дагъистаналъул филиалалъул Тарихалъул, мацӀалъул ва адабияталъул институталъул директорлъун. Директорлъун вукӀунилан, дица дирго гӀелмияб хӀалтӀуе квалквал ккезе течӀо. Цоги ишалдаса, рекӀелгъеялъул жалаздасаги, хутӀанщиналдасаги инкарги гьабун, хӀалтӀана гӀелмуялда тӀад. Гьелъул дунго разияб хӀасилги ккана.

**– Математикаялъул гӀелмуялде ун вукӀаравани, филологиялда гӀадин мунгоги цогиялги разил чӀахӀиял хӀасилал ккелаандай дур?**

– Ккелароан, рукӀинароан. Математикаялъул гӀелмуялда академиклъун дун вахъинаанин абиларо дица. Математика цӀакъ гӀажаибаб, захӀматаб гӀелму буго.

**– Цоги жоялъул бицинчӀониги, ЦӀадаса ХӀамзатил творчествоялъул киналго рахъалниги рагьана дуца. Гьабуна гьеб киналъулго гӀелмияб анализги. Гьеб кинабго цӀакъго лъикӀ бихьулеб буго ХӀамзатилги гьес руссинарурал асаразулги щуябго томалдасан гуребги, хасго анлъабилеб томалдасанги баяназул тӀехьалдасанги…**

– Бищунго гӀажаиблъи гьабизе ккараб жо, батӀияв чи гьоркьове къачӀого, дир кверальъ гьабуна гьеб кинабго. Чанго нухалъ хъвана батӀи-батӀиял вариантал дандеккун. ТӀубараб гӀелмияб хӀалтӀи гьабизе ккезе буго ХӀамзатил творчество лъазабиялда, гьелъул анализ гьабиялда ва баянал кьеялда тӀад дун кин хӀалтӀаравали лъазе.

**– ГӀезегӀан бечедаб, гъваридаб, гӀатӀидаб буго дур гӀелмияб ирс. Гьеб киналъулго бицине рес рекъеларо. Рекъанигицин, нилъер цӀалдолезда бичӀчӀулеб къагӀидаялъ гьелъул бицун бажариларо. Гьединлъидал, дуца гӀелмуялда гьабураб аслияб, бищунго кӀвар бугеб хӀалтӀилъун щиб дуца рикӀкӀунеб?**

– Дун гӀелмуялде вачӀараб мех букӀана, Совет хӀукумат ккезегӀан Дагъистаналда щибгӀаги культура букӀинчӀин абулеб мех. Гьединаб букӀана доб идеологиялъул бихьизаби. Инсул тӀахьаздасанги, инсул архивалдасанги дида бихьана щиб нилъер букӀарабали. Инсул творчествоялда тӀасан филологиял гӀелмабазул кандидатлъиялъе дица диссертация цӀунана 1970 соналда.

Кодобе босизе литератураги гьечӀого, халкъалъул цебесеб гӀумру, рухӀияб рахъ лъазабизе дица хӀалбихьана батӀи-батӀиял гӀадамазда цӀехон. Дие лъикӀаб кумек щвана ГьаракӀуниса НурмухӀамадил МухӀамадидасанги цоги-цоги нилъер умумузул тарихги культураги, литератураги лъалел гӀадамаздасанги. Хадуб дица цӀалана цӀакъ чӀахӀи-чӀахӀиял гӀадамазул тӀахьал, тарихалъулги литератураялъулги, культураялъулги хӀакъалъулъ. Къаси-къад чӀечӀого хӀалтӀана. Гьедин дида чӀезабизе кӀвана Дагъистаналда кӀудияб литератураги культураги, кӀуди-кӀудияб гьунаралъул гӀадамалги рукӀараблъи ва гьединго щиб заманалда щиб ва щал рукӀаралали.

Анлъго соналъ тӀадги хӀалтӀун хъвана дица гьеб киналъулго мухӀакнго бицараб тӀехь. Гьеб букӀана дир докторлъиялъе диссертацияги. Гьеб хӀалтӀи къватӀибе бачӀарабго Северияб Кавказалъул республикабаздаса дихъе рачӀана цӀакъ гӀемерал кагътал. Гьезул гӀалимзабаз абулеб букӀана, гьанже жидееги




**ХI. ХIамзатовги М. ПатахIовги**

рес щванила жидерго халкъазул культураялъулги литератураялъулги тарих лъазабизе ва гьелъул рагьун бицинеян.

Дица чIезабуна нилъер гьанибе хъвай-хъвагIай бачIанин анцIабилеб гIасруялдаго. Гьеб букIана гIараб ва парс мацIазда. ГIарабалъ хъван букIаниги, гьеб букIана Дагъистаналъул литература. Гьеб букIана Дагъистаналъул, Дагъистаналъул гIумруялъул хIакъалъулъ, Дагъистаналъул гIадамаз хъвараб литература. Хадуб нилъерго мацIалда хъвай-хъвагIай, тIоцересел ишараби раккана XVII-XVIII гIасрабазда. Лъабнусго сон буго магIарул мацIалда литература баккаралдаса. Гьеб лъицаниги къабул гьабулеб жо букIинчIо. ГьабсагIат гьеб нахъчIвалев чиги щивниги гьечIо.

Россиялда хъвай–хъвагIайги анцIабилеб гIасруялда баккараблъун рикIкIуна, литератураги Россиялда лъабнусго соналъ цебе бижараблъун тола. Россиялъул хъвай–хъвагIаялъулги литератураялъулги даража, гIатIилъи, кIодолъи нилъералде данде кквезе бегьуларо. ЧIезабуна дица нилъер гьанибги Возрождение Ренесанс букIараблъиги. Гьеб рикIкIуна дирго хIалтIул аслияб хIасиллъун.

**– Гьадинаб мехалъ, хасго нахъа тараб нухлухъ тIадруссун балагьулеб, юбилей кIодо гьабулеб заманалда кьолеб, киназего ругьунаб суалги кьелин ахиралда. Дуца мунго гIумруялда битIккарав, талихIав чилъун рикIкIунищ?**

– Дирго агьлуялъулги дирго сверухълъиялъулги къимат лъаларев чи дун гуро. Дир эменги щив вукIарав, вац Расулги щив вукIарав, рагъда тIагIарав кIиявго вацги, эбелги, цо йикIарай кIудияй яцги щал рукIаралали дида лъикI лъала. Дица гьезул хIурматги гьабула, къиматги гьабула, гьел кIочонги толаро, дидаго жанисан рехсезеги рехсола гьел. Цоги, лъицаниги абуларо дун инсуца

гогьдаризавун, гьес тIамун, гьес лъугьинавурав чи вугилан. Эбел-инсул кумек гьечIого лъимал лъугьунаро. Расулги вукIана Дагъистанги бохарав, дунги вохарав, дидасаги вохарав дир кIудияв вац. Гьесулги дие баракат щвечIин абураб, гIантаб пикру дир ботIролъе киданиги бачIинчIо. Дун гьезие наку чIван баркалаялда вуго. Дир лъималги гьебго къагIидаялъ, гьебго мурадалда гIун рачIунел руго.

Дие гьеб щайин, юбилей къваригIун гьечIин гаргадулел чагIи рукIуна. Дица гьедин абиларо. Гьереси щай, бокьула лъикIал гIадамаз дир хIакъалъулъ лъикIаб рагIи абулеб мехалъ. Амма дун вохуларо яги чIухIуларо дилъ гьечIеб гьунар бугилан бицун чи кIалъалеб мехалъ. Бугеб жоги гIун буго дие гIадамазда гьоркьове вахъине. Гьеб киналъухъгоги, 85 сон базегIан чIаго-гIатIго, гIодов ккечIого, гIакълуялдаса ватIалъичIого дун таралъухъги дица кIудияб рецц гьабула БетIергьанасе.

Дир мурад буго магIарулазе сахлъи. МагIарулал дие кутакалда хириял руго. Дун магIарулав вукIиналъ гуро гьедин абулеб бугеб. МагIарулал руго цIакъ сабурал, гIодоре риччарал, кIудияб бахIарчилъи чорхолъ бессарал гIадамал. Цогидал миллатал квешал ругин абулеб мех гуро, амма магIарулазулъ буго цIакъ берцинаб гIамал-тIабигIат. Гьездаса дун чIухIула.

***Гара-чIвари гьабуна МухIамад ПАТАХIОВАС.***

# Бакъагьечӏиса Чӏанкӏа гьавуралдаса – 150 сон

## ГӀЕЛМУГИ ГӀАКЪЛУГИ ЦОЛЪУН ГӀАМАЛ КУЦАРАВ ШАГӀИР

І50 сон тӀубана магӀарул халкъалъе хирияв шагӀир, гӀараб гӀелму тӀокӀкӀарав, исламалъул нухдаса таричӀев гӀалимчи, бергьараб гьунаралъул инсан вукӀаниги, чилъи, гӀаданлъи, гӀадатлъиялъул рахъалъ гӀумруялъго киназего мисаллъун вукӀарав гӀакъил Бакьагьечӏиса ЧӀанкӀа (Тажудин) гьавуралдаса.

І50 соналъ цебе Бакьагьечӏиса гӀадатияв векьарухъан МухӀамадгӀалил хъизамалда вас гьавураб мехалъ, лъицаго пикру гьабичӀо гьеб къоялъ тӀалъиялда цойги тӀерхьунареб цӀва бакканилан, Дагъистан цойги бергьарав шагӀирасдалъун бечелъанилан.

І886 соналъ гӀурус пачаясул чиновникӀаз гьабураб "БакьагӀечӀиб жамагӀаталъул хъизамазул сияхӀалда" хъвалеб буго "Магома Чунки Магома оглы – 75 лет, сыновья его – Чунки – 20 лет, Нуръ Магома – 8 лет". Гьелдасан босун абизе бегьула, хӀакъикъаталдаги ЧӀанкӀа (Тажудин) І866 соналъ гьавунилан.

Гьеб пикру тасдикъ гьабулеб буго. ЧӀанкӀал гӀумру лъазабиялда тӀад хӀалтӀарал цогидал гӀалимзабазги. Амма кинго разилъизе кӀоларо гӀемераз хъваялъ уяблъун кколеб бугеб, ЧӀанкӀа абураб цӀар, ращалъи гьечӀеб ригьиналдасан лъугьараб лъимер ЧӀанкӀа вукӀиналъ, кьураб цӀар бугин гьеб гьесиян абураб пикруялда. Жибго гӀаммгьабун, гьеб цӀаралъул магӀна гьединаб букӀинеги бегьула, амма гьев бергьарав гӀалимчиясеги шагӀирасеги гьеб цӀар кьун букӀана кӀудаинсул хӀурматалда, магӀарулаз абухъе "ЧӀанкӀа МухӀама вахъинавизе". Амма "ЧӀанкӀа" абураб цӀарги хисун, гьесда "Тажудин" абураб цӀар лъеялъе букӀана гьадинаб гӀилла: БакъагьечӀиб росулъа кӀиго пикру бегӀерал, малъаралъе гӀедерал, гӀелмуялъе гьунар бугел мутагӀилзаби, ТӀинчӀавги, ЧӀанкӀаги росулъ мадрасаялда лъайги босун, гӀелму камил гьабизе уна, доб заманаялъ цӀакъ машгьурав ва бергьарав гӀалимчи, БуцӀраса ИсхӀакъил МухӀамадиде аскӀоре. ИсхӀакъил МухӀамад цӀакъ рази вукӀунаан БакъагьечӀиса гьел гьунар бугел мутагӀилзабаздаса. Цо нухалъ аскӀореги ахӀун гьев кӀиясдаго МухӀамадица абула: "Дир пикруялда гьединал гӀелмуялъе гьунар бугел, малъаралъе гӀедерал лъикӀал лъималазда гьединал сурукъал цӀарал ахӀизе дие бокъулеб гьечӀо. РачӀа гьел цӀарал хисизе. Жакъа къоялдаса нахъе ТӀинчӀасда абизе буго Жамалудин (диналъул берцинлъи) абун, ЧӀанкӀаца босизе буго Тажудин (диналъул таж) абураб цӀар. Гьедин лъикӀ гурищ, нуж рази руго гури?" – ян. Тажудин Жамалудинидаса щуго соналъ кӀудияв вукӀана ва гьес абуна: "Гьайгьай, разиял руго, жакъаялдаса нижеда батӀияб цӀар абугеян абе" – ян. Жамалудинги гьимана ва разилъун бетӀер гьанкӀана. Гьеб заманаялдего ЧӀанкӀаца хъварал кучӀдул ХъахӀабросулъа МахӀмудица ва цогидалги кочӀохъабаз ахӀулел рукӀиндал ва ЧӀанкӀа абураб цӀарги магӀарулазда гьоркъоб машгьур-

лъун букIиндал, гьеб хисизе захIмалъаниги, я жинцаго Тажудиница яги гьесул гIагарлъиялъ “Тажудинан” абун гурого, ЧIанкIа абураб цIар хIалтIизабичIо. ЛъечIо гьеб цIар хадусеб гIелалъги. Гьесул цIар лъурав, гьесул яцалъул ясалъул васги Тажудин вукIана.

ИчIго-анцIго сон балелде эменги хун хутIарав бесдалав доб заманалъул гIадаталда рекъон Къуръан, хадув мутагIиллъун цIализе кьедал, гьесул мугIалимзабазда БуцIраса ИсхIакъил МухIамадида, ГIашилтIаса КъурбангIалида, МестIерухъа НурмухIамадида, ЧIикIаса ХIамзахIажиясда ва цогидаздаги бихьулеб букIана гьесул гIадатIияб гуреб гьунарги пагьмуги. ЧIанкIал халкъиял кIалзул асаразде ва гIелмуялде бугеб рокьиги. ЧIанкIал тIабигIияб гьунар, шигIру-кечI гьабизе бугеб махщел камиллъиялъулъ гьезги жиде-жидер бутIа лъуна.

Исламалъул гIелму лъазаби ва гьеб нухда халкъ тIобитIиялда цадахъго. ЧIанкIал рекIелъ цIакъ хехго бессана магIарул халкъиял кучIдузде, кицибиценалде рокьи.

ГIараб гIелму лъазабиялъ, гIараб мацIалда кучIдул гьарулеб къагIида, мацIалъул гIуцIи, пасихIлъи лъазабулаго, гъварилъана ва гIатIилъана магIарул мацIалъул пасихIлъиялъул ва бечелъиялъул рахъалъ шагIирасул гьунар. Гьеб гьунаргун жубана унго-унгояв магIаруласул ракIбацIцIадаб рокьул асар ва пикруялъул гьарзаяб роржен (фантазия).

ЧIанкIада бергьун лъикI лъалаан гIараб мацIалъул нахIв (грамматика), ссарф (морфология), ва лугъат (лексика) гIелмаби. Лъалаан логика (мантIикъ), риязат (математика), балагъа ва гIаруз (шигIру, назму пасихIго гIуцIиялъул гIелму, ритмика и риторика стихосложения), фикъгь (шаргIиял законал), исламияб тарих ва гIемерал цогидалги доб заманаялъ тIалибзабазда малъулел рукIарал гIелмаби. ЧIанкIае цIакъго бокьулаан астрономия. Камилго, щвалде щун лъалаан гIараб мацI. Гьеб бихьула Тажудиница магIарул мацIалда гурелги, гIараб мацIалда кучIдул гьарулел рукIиналъги.

Щвараб гIелмуялдасан пайдаги босун Тажудин дибирлъун хIалтIана КIахъ, Рихьуниб ва цогидалги росабалъ. Кидаго хIалтIулаан жиндирго гIелмияб лъай борхизабиялда тIад. Тажудиние цIакъ бокьулаан магIарул мацIги, халкъияб фольклорги. БакьагьечIиса ГIалибахIарчица ва Малла МухIамадовас ва цогидалги Тажудин лъикI лъалез бицунаан гьесухъ кидаго халкъиял кучIдул, кицаби, биценал хъвараб даптар букIунаанилан.

Тажудин (ЧIанкIа) вукIана магIарул поэзиялъул классик. Гьев хун хадуб, Совет хIукуматалъул заманалда гьесул кучIдузул чанго тIехь бахъана магIарул ва гIурус мацIазда: “Соперница звезд”, “Чанка, (стихи)”, (Предисловие Назаревича.), М. С. СагIидов. “ЧIанкIа, кучIдул” (I963), Гъ. ГъалбацIов. “БакьагьечIиса ЧIанкIа», кучIдул (I99I), ГIабдула Дагановас ва ЗулхIижат ХIажиевалъ данде гьарурал тIахьал «Рокьул нур» Баху ва Шамил МухIидиноваз данде гьабураб. Тажудинил гIумруялъул ва асаразул хIакъалъулъ хъвана БакьагьечIиса гIелмабазул кандидат Бадави МухIамадовас, ГIободаса профессор Сиражудин ХIайбулаевас, гIелмабазул кандидатал Башат Испагиевалъ, ЗулхIижат ХIажиевалъ ва гIемерал цогидазги. Хъвана Тажудинил асаразда тIасан курсоваялги, рефераталги, макъалабиги, монографиялги, цIунана гIелмиял цIаралги.

Бищун цеве Тажудин вукIана ТIадегIанав Аллагьасда ракI чIчIун божарав

муъминчи. Гъединлъидал, цо-цояз хъвавухъе, апараглъун гуро Тажудиница мукъадисаб КагIбаялде сапар бухьараб. Гьев вахъана Аллагьас тIад лъураб фарз тIубазе, ракI бацIцIадго, Аллагьасе гIоло. Гьеб сапаралда нухда хвейгицин Тажудиница бацIцIадаб Аллагьасул къадарлъун, хирияб хвеллъун, разилъун къабул гьабиялда щаклъизе бакI гьечIо. КъватIиб къадар щвезе рес букIин гьесда бичIчIулеб букIиналъул магIна ккола, Тажудиница сапаралъ вахъиналде жиндирго гIумруялъул гьудул, хъизан ПатIастанида, жив тIад вуссинчIони лъабго соналдасан россасе ине изну бугин дуран абураб. Тажудин хвана I909 соналъ Турциялда. Бицен буго гьесда цадахъ вукIарав БакьагьечIиса ШайихгIали-хIажиги гьесда цадахъ хванилан ва гьел хвараб бакIалдаго ралъдал рагIалда танилан. Бихьараз, ай цадахъ рукIараз биценила, гьел рукъизегIан чIаралани жал гамидеги кватIун лъагIелалъ, хадусеб соналъ бачIинегIан гъора хутIулаанин, гьел турказул бусурбабаз рукъун ратизе кколилан.

Цадахъ рукIарал хIажизабаз турказул росулъ вукъанилан хъвалеб буго ГIумархIажи Шахтамановас жиндирго "МугIалимги мутагIилги" абураб тIехьалада. ХIакъикъат лъалев Аллагь вуго. ПатIастан, Тажудиница бихьизабураб заман ун хадуб, росасе ана Гьолокъ росулъе. Гьенив гьелъие гьавурав вас кколаан машгьурав хирург, Дагмединститутальул ректор, профессор Макъсудов МухIаммад. Тажудиние лъимал гьаричIо.

Гьесул кучIдул, хIикматалда нахъгIунтIизе бокьараз цIалула тIатIа руссун, цIалулел, лъазарулел, ахIулел руго гьале тIубараб гIасруялдаса цIикIкIараб заманаялъ.

Тажудин вукIана Дагъистаналъул мугIрузда гIурав бергьарав гIакъил. Гьеб бихьула гьесул кучIдуздасан, гIелмуялда гIамал рекъарав гIалим гьев вукIиналдасанги. Гьесул кучIдул гIурус мацIалде руссинарурав машгьурав поэт ва таржамачи Яков Козловскияс ЧIанкIал I25 сон тIубаялъул юбилей тIобитIулеб мехалъ бачIараб телеграммаялда хъвалеб буго: "Урхъула КIудияв ЧIанкIал юбилей кIодо гьабулел бекьечIдерида ва гьалбадерида. Гьес жиндирго кучIдуз бихьизабуна гьитIинаб росулъги дунялалда цIар рагIарав гIакъил вахъине рес букIин. Нужеда киназдаго къвал бала. Нужер Яков Козловский".

ГIакълуги гIелмуги Тажудиние щвана батIи-батIиял росабалъ цIалулаго, гIакъилал мугIалимзабаздасан, гIадатияб халкъалдасан гуребги, гIараб мацI гьоркьоб ккун, дунялалъулго поэзия лъалевлъун вукIиналъги. ГIараб мацIалдаса магIарул мацIалде Тажудиница буссинабураб, дунялалдаго машгьурав ингилисазул шагIир ва драматург Шекспирил назмуялъул нилъехъе щвараб гьаб куплеталъги гIемераб жо бицуна.

**Дарай гIатIласаца чилъиги мерхьун,**
**Чиго гуревщинав тахида вуго.**
**ГIакълу гьардухъ араб гьаб дунялалда**
**Дица хвалил амру ахIулеб буго.**

Шекспирица гIумру гьабулеб букIараб, азарго соналъ цебе букIараб хIал, жинда сверухъ букIун гуребдай, Тажудиние рекIее гIурал гьал мухъал! Тажудинил заманалдаги, ай I00-I20 соналъ цебеги гьединго букIине ккола. Амма гьал мухъал жакъа нилъер гIумруялъухъ балагьун хъвараллъун нилъедаги рихьулел руго. Бергьарав шагIирасул гьунар букIуна, жинда сверухъ бугеб

гIумруялъул ахIвал-хIал берцинго, сурат бахъараб гIадин бихьизабизе. Тажудинил кинаб кечI босаниги, гьелъ цебе чIезабула гьес гIумру гьабулеб заман, гьелъул кIвар бугел рахъал. Гьесул ракI унтула цогидазде бачIараб къварилъиялъ, вохула гьезул рохелалъ, рес букIун маслигIаталъул, вагIза-насихIаталъул рагIиялъ, хIатта гIищкъуялъ вухIулесул мурад тIубан кечI гьабунги, хIаракат бахъула халкъалъе хъулухъ гьабизе, гьезда тIаса захIмалъи борхизе.

БатIи-батIиял росабалъ цIалулаго, гIакъилал мугIалимзабаздасанги, гIадатаб халкъалдасанги, гьезулгун тIей гьечIеб хурхен бикIиналъги бижана ЧIанкIалъ инсаналъулъ, хасго чIужугIаданалъулъ рукIунел мукъадисел асарал ричIчIи, гьезул рекIел, асарал угьараб накъищ гIадин кочIол мухъаздалъун загьир гьаризе кIвей.

Рокъи ккаразе ЧIанкIал кечI лъугьана къечалъ вухIулесе мугIрул иццул лъимлъун, цIорон холесе черх хинлъизабулеб цIалъун.

Цо нухалъ дихъе гьоболлъухъ вачIун вукIана, жиндир мунагьал чураяв ТIанусиса Инусилов ГIалиасхIаб. Гьев районалъул захIматчагIазе вокьулев лъикIав лектор вукIана.

Столалда нахъе гIодов чIолаго, гьес жиндирго къагIидаялъ щибаб рагIул махражги бахъун рикIкIана:

**Бадиб балагьани,**
**ГьецIо биуна,**
**Гьимун мун кIалъани,**
**Лъим бакъван ккола,**
**Дуда къвал банани,**
**Къабру биххила,**
**Къадани чIанани,**
**Хварал рахъина,**
**КIалзул жавабазул**
**Жугьа рагIани,**
**Ургьиб бугеб лъимер**
**Данде кIалъанла.**

Ва хадубги абуна:

“Балагьеха цо, унго балагье! Кинав шагIирасда кIолеб гьедин абизе? Цо пикруялъул камиллъи! Цо мацIалъул пасихIлъи. Дие ЧIанкIаде щварав поэт гьечIо” – ян.

Гьанже ригь арал гIадамал, БакьагьечIиса ГIабдулаева ПатIиматидаги, ГIабдулпатахIов Тажудинидаги ва цогидаздаги ЧIанкIал халатал кучIдул, хIарп гьоркьоб течIого, рекIехъе лъалел ратараб мехалъ, дида бичIчIана халкъалъул рекIелъ, хасго доб заманаялъ, кинаб бакI ЧIанкIал шигIрабаз ккун букIарабали.

Щайха гьев бергьараб гьунаралъул, цоги лъидаго релълъинчIев, жиндасан мисал босун гурони, цере ругел такрар гьаричIев поэт, цо нахъе ккеялъул, мукъсанлъиялъул мугьруги чIван, цогидазул рагIдукъ чIезавун вукIарав? Дир пикруялда, гьеб лъугьинабун букIана, кинабго жо цо коцонибе тIезе хIаракат бахъулеб, щибаб миллаталъе цо-цо тIадегIанавги, хутIарал гIиси-бикъинал, цо цере рачине мустахIикъал гьечIелги рукIине кколин рикIкIунеб заманаялъ.

Гьедин гIемераб тIекъаб рагIул “гулла-ххер” тIаде бана ЧIанкIал поэзиялъе тIадегIанаб къимат кьунилан БакьагьечIиса филологиялъул гIелмабазул кандидат, мунагьал чураяв МухIамадов Бадави МухIамадовичасде.

Гьесул нхтияр букIана лъидасаго ЧIанкIа вокьизе ва гьесие бищун тIадегIанаб къимат кьезеги, гьеб букIана гьесул хасаб пикру.

ЧIанкIал кечIалъе букIине кколеб къимат кьезе ккани, хIаракат бахъизе ккола гьесул щибаб рагIиялъулъ живго поэтас лъолеб букIараб гIадаб магIна лъезе. Гьеб абуни, кинавго чиясда кIвечIого букIинеги бегьула. Гьеб бихьулеб буго цо-цояз ЧIанкIаде "чини", "файтон", «цIудул берал" гIадал рагIаби кочIолъ рехсонилан гIайиб гьабулеб букIиналъги. Доб заманаялъ гьел рагIабазул букIараб цIилъиги, тIадегIанлъиги, гьез щивасул ракIалъе гьабулеб букIараб асарги хадусеб гIелалда, хасго гьанжесеб гIелалда бичIчIизе рес гьечIо.

Гьединлъидал, цересел шагIиразул асаразе жакъасеб бичIчIиялдалъун кьимат кьеялъ хIакъикъат рагьиялдеги рачунаро.

БакьагьечIиса ЧIанкIа нилъее хирияв вуго, вугеб къагIидаялъ, хисичIого, жиндирго хасаб гьунаргун, бичIчIигун, поэзиялъул цIураб бусурбанчиясул ракIгун. Гьединавлъунги вукIаго, гьесул шигIрабаз магIарул халкьалъе хъулухъ гьабуна тIубараб гIасруялъ ва нахъеги гьабизеги буго:

**Рогьалилъ баккараб бакъ, маркIачIуде тIерхьуна,**
**Унтун, цIилъун, лъилъула каранда ругел ругънал.**
**Харил кутак хванани, гIалхул чанги чучула,**
**Чорхол ияхI хун буго, дой ясалъухъ рокьи ккун.**

РагIулеб гьечIищ, гIундузда жаниб багъулеб гьечIищ, Даку Асадулаевасул роцIараб ва борхатаб гьаракьалъ ахIулеб кечI.

**Гьороца гIурччинхер бакъвазабула,**
**Мех банагIан буго гIишкъу цIикIкIунеб.**
**Бергьараб хIасраталъ вухIулев дун тун,**
**ХIайваналде юссун биччаге гIумру.**

МагIарул кепаб берталъе кканин кколеб гьечIищ ракIалде?

ЧIанкIал хIайранал кучIдул рукIинчIелани, мискинлъилаан Дагъисталъул кочIол дунял, бокIон камураб букIинаан бертабазулги, байрамазулги, сухIматазулги копол къвачIа. ШагIирасул гьунар ккола жинца гIумру гьабулеб заманалъул хасият, гIумруялъул хаслъаби кочIодалъун кьезе кIвей. ЧIанкIал кучIдузул щибаб мухъалдасан нилъеда чIвалеб буго гьесул заманалъул махI, загьирлъулеб буго доб заманалъул магIарулазул, гIолил васазулги ясазулги ракIазул кIутIи, гьезул къварилъи, рохел, бихьизабулеб буго доб бахIарчияб заманаялъ сундул гьез къимат гьабулеб букIараб, сунца хIайран гьарулел рукIаралали. Росизин: "Сайгидул БатIалиде" абураб кочIолъа мухъал:

**РакIалъул чаранлъи чи тIагIаясул,**
**Чорхол яхI хваниги, хIал лъазе течIо.**

**Тавбудул щулалъи ШапигIиласул,**
**Щвараб къадаралде сабру гьабизе.**

**Аллагьасул  къадар къабул бугилан,**
**Къулараб борхана эхеде бетIер.**
**ТIаде щвараб хIукму хIехьелин абун,**
**ИяхI кьун, черхги ккун, чи гIадин чIана.**

Гьаниб шигIруялъул куркьбазда зобалазде бахинабулеб буго магIаруласул чилъи, яхI ва бахIарчилъи.

**ТIад ханжар борчине мехго щвелалде,**
**Меседалъулъ ччураб ярагъ борчана.**
**Чи гIун балугьлъуде вахиналдего,**
**Щонщо бан, ццулъараб айгьир рекIана.**

***Шамил МухIидинов,***
***РФялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член***

**БакьагьечIиса**
**ЧIАНКIА**



## ИНКВАЧИЛАВ ХВЕЯЛДЕ

**Жаниб керен ссудулеб**
**Дардалъул агьлуялъе,**
**Угьун керенги чучун,**
**Кагътида мухъал хъвазин.**
**Курмузда цIа бакараб**
**Балагь щвараб къавмалъе**
**Къварилъарал чучизе**
**ЧотIролъ жавгьарал ххезин.**
**Дагъистаналде щвараб**
**Балагьалъул карачел,**
**Керемалде гьулчараз**
**Хиял гьабун цIализе.**
**Халкъалде тIобитIараб**

**ТIупаналъул гьороца**
**Гьинал ракI бухIаразе**
**ХIисаб гьабун ахIизе.**
**Законалъ каву рагьун,**
**Капурлъи бергьаниги,**
**ГьанжелъагIан Дагъистан**
**Диналдаса гIицIлъичIо.**
**ГIелмуялъул усудул**
**Сараялде аниги,**
**Сордо-къоялъ магIирукъ**
**ЖакъалъизегIан лъечIо.**
**Дуниял ккезе чIарал**
**ЧIахIиял мугIрул щущан,**

Щоб-къоноцин хутIичIо
ТIупан тIурав кIанцIизе.
Гуми жанир лъедолел
БухIуразул лъимги къун,
Къадар щварав чуризе
Чабхил иццин хутIичIо.
Инна лиллагь, патихIа,
Гьанже Дагъистаналда.
Дибирасул хвалчада
Печать чIвараб батани.
Рахъа тIаде, тIун анин
ТIалъиялъул мажлисал.
ТIарамагъалъи гьабун,
Гьанже лъезин магIирукъ.
ЛъугIаралин гIалимзай,
ГIоде агьлу, хIакъикъат,
Къо ккани, яхI баччизе
Чи тIагIаравин гьанже.
Пасалъанин замана,
Зигарде, муъминзаби,
Залим басра гьавулел
Васал къаница ккунин.
Гьанже гIоде бесдалал,
Сверанин рузил рагIад,
БоцIул закат лъугIанин,
ГIарцул сурсат къотIанин.
ТалихI къанин, къоролзай,
Къан рорче рачалаби,
Къойилго бикьулеб харж
Хабалалъе буссанин.
Гьанже хванин къагIида,
Къед бихханин хундерил,
Дур хъирмица магIида
МагIу лъураб батани.
Рукъ-рукъалъуб лъе магIу,
ГIадлудул кьучI бихханин,
Тадбир бергьарав игит
Ун вугин лахIтуялде.
Пачаяс чIегIер ретIе
ЧIунтарабин Дагъистан,
Халкъ цIунараб аздагьо.
Ун бугин сараялде.
Округалъ тагьзият лъе
ТалихI къарабин абун,
Бода цIар лъураб бугъа
Бегун бугин ракьалда.
БачIун бугин буюрухъ
ЦIияв падишагьасул,
ГьечIевин кIалъазе чи,
Лачен, вахъа эхеде.
Хундериде къо ккараб
КъваригIел бачIун бугин,
Рорхиларищ къанаби,
Къварилъун бугин улка.
Вас вуго дунял чIалгIун,
ЧIезе бакIго гьечIого.
ГIакълу бергьарав эмен
Анин кодосайилан.
Халун йиго терелей,
Ватуларилан абун,
Мун гьечIеб дунялалда
ЧIезе чара гьечIилан.
Росу бугин гIадлу хун,
ГIолохъабиги гъурун,
ГIадлу, тадбир гьабизе
Мун кодоса анилан.
Мун тIад рекIун чIухIулеб
ЧIегIераб аргъумихъалъ
Авлахъ тирулеб буго
БухIаралъуб чIоларо.
ЧIухIдай дуца рорчунел
Чараналъул хвалчаби
Рагъабазда ран руго
Рикьизе дурцабаца.
Дур жураял рищулеб
ТIадлъагIри майданалда
ТIутIун руго рехъаби,
Вахъа хIисаб гьабизе.
Хаслихъе гIиял къалел
ЧIахIиял дур хурзабахъ
ЧIухIарал дурцал рачIун
Кварица тIолел руго.
Хвалченалъул цIаги гIун,
Чанги бецIаб къалулъан
Борлъун аскар бачана.
Чорхол рухI сонгрое лъун,
ГIолохъабиги цIунун,
ЦIа рекIараб рагъулъан
Гъорлъан боял рахъана.
Чанги лебалав лачен
Чухьарлъарал къояца
Чармил галамахъ гIадин,

ГIолохъаби хьихьана.
ГIалимзабазда кIалдиб
МацI кIочон тараб къоялъ,
Къуръаналъул вагIзаялъ
Рагъ бокьун, кьвагьи лъуна.
ГIажаиблъи дур чIухIи,
ЧIел босун хьвадарав куц,
ЧIохъдерил наибзабалъ
Билълъунеб куц дур рагIи.
Кивехун вуссаниги,
Сверун данде бачIине.
Чанги чIухIарав наиб
Иргадул гIеллъун тана,
ГIарасалда гьабеги
Гьелъул жаза Аллагьас.
ГIурус аставкачагIи
Бачазде ритIаралин,
ТIад гIаршалъул гьогьмада
Гьареги бичас данде.
Сонгролъ наиблъи кьурав
Имамасул мухIакъикъ,
ХIалхьа чIухIухъабазул,
ЧIегIер ракьде вуссанин.

## ГУЛИШАТИДЕ

Забру варакъалъул хIежалъул къуран,
ХIалгьабулеб буго гьанже гьаваялъ.
ХIанил жисму бугеб зобалъул тIавус,
Зулму буго дие гьаб рокьиялъул.

Рукьбал меседилаб, сан маргъалулаб,
Самаияб хIанчIил хIал буго дие.
Куркьбазда варакъул накъищ угьараб,
Гьаваялъул лочнохъ чара хун буго.

Беразул нур сунеб сипат бихьидал,
Сабруяб ракIалъул гIадлу хисана.
Халкъ гIажиз гьаюрай гIадан ятидал,
ГIаданул беразул низам биххана.

Унго инсандай мун, сипат гуродай,
Дир сабру лъугIараб гIажаибаб рухI.

ВахIай хIурулгIиндай, малаикциндай,
Дир хIалал рихьизе цее тIамурай.

Вабабай асиллъи, унго чIурканлъи,
ЧIегIерлъи беразул, берцинлъи гьурмал.
Гьай гIужбу карамат, камиллъи чорхол,
Чергеслъи, хIадурлъи, хIатIил тIадагьлъи.

Унго логол битIи, ратIлил тIад рекъей,
Къвалзукьа чергеслъи, чорхол къагIида.
Лугбал инсанияй, сан маргъалулай,
Сан рикIкIун чапана мун дир чорхолъе.

Сипат хIавраияй, хIетI тулпарилай,
ХIайванги херлъила, дур хIисаб гьабун.

ГIурусазул пургон, гьорол машина,
Машааллагь бечед, чорхол чIурканлъи!
Меседил карапин, кибритул ахIмар,
Кинанха йокьулей, йокьилей цойги.

Берцинлъи-тIадагьлъи, тIасан борчIарай,
ЧIурканлъи, камиллъи бергьун босарай,
Ал ясазул сайгид, мусудузул хан,
Хиялго бугодай, унго, ракIалда?

Ихтияр кодоб кьун, кверщел духьго тун,
Дуего бокьухъе йижун ятила.
Нахъе анищазул асар течIого,
Эбел тIаде тIамун, чIаран ятила.

ЧIухIарал, рекъарал къагIидабазул
Къажру ассилияб сурат течIого,
Сси бугел рещулел тIабигIатазул
ТIокIай камилльизе кинан рес бугеб?

Гъурмада бугеб сси, сверухъ бугеб нур –
Нахъе анищалъул асар тун гьечIо.
Ал ясазда гьоркьой мун чIараб мехалъ,
Хьухьикьан баккулеб бакъилан ккола.

ЯчIун гьезда бакьулъ мун гIодой чIедал,
Дир гIакълудал асар босун лъугIула.

Дудехун гаргазе гIащикъаб дир мацI
Цабзазда бухьуна, мун йихьарайго.

Йихьизе урхъараб ургьиб гьинал ракI
Жаниб гьалаглъула гьаракь рагIигун.

Дунял берцинлъана, заман чIухIана,
Мун йижаралдаса ракь пахрулъана.
Боялда нур барай, улка гвангъарай,
Губерня къалъарай къутIпудул хIуби.

Юссунеб руссада сверун нур балеб
Лайлатул къадирдай дур къвалакь бугеб?
КъватIий яккулаго дунял гвангъулин,
Бакъ-моцIалъул нурдай дур гьурмалъ бугеб?

**ТIокIай гьариларо, гьадинай гIела,**
**Дур гIамал босарай яс йижиларо.**
**Жавгьаралъул хIара хIанил гъажаби,**
**Луълуъалъул килщал, каржинул гьумер.**

**Гьуинал рагIаби, гIисинал цаби,**
**Цо кIалъай кIалалъул – кIарчанаб калам.**
**КIиябго бералъул берцинаб балай –**
**Батиларо хIикмат дуде бахараб.**

**Гьанже дунялалда, Дагъистаналда**
**Дур гуреб сси гьечIо гьаб улкаялда,**
**Цинги росабазул сверухъльиялда**
**Сси дуде буссана тIолго ясазул.**

**Яхси, Чачаналда, Чергес ракьалда**
**Дуда чин бащадай яс ятиларо.**
**Шураб хъалаялда, губерниялда**
**Дуде сси бахараб сурат бахъичIо.**

**Сси бугел ясазул округ командир,**
**Дуе час кколарев гIадан ватичIо.**
**ГIараб басмаялда меседил аят,**
**Ясазул сси хола мун цее чIани.**

**ЧIурканаб черхалде чергес хъабало,**
**Чанги махлукъ буго дуца гвангъараб.**
**Чергесал лугбазул лъарагIаб ретIел,**
**Лъаларо дур къимат – къватIул хабарал.**

**Бохда цIумур бараб цIар берцинаб хIинчI,**
**ХIалада лъаларищ дий бугеб балагь.**
**ХIираъ мегIералде магIдинаб гIанса,**
**ГIайибан кколарищ, дун гьадин тезе?**

**ГIиракъ, Мисриялда сардил явакъит,**
**Саламниги битIе, ракI гIатIилъизе.**
**Сидратуллагьалде ахIдолеб гагу,**
**ГурхIа, гьудул, дида, дун холев вугин.**

**ГIадамал хIайранаб, хIайван гIодулеб**
**ГIазаб буго дие мун лъаралдаса.**
**ГIищкъуялъул купи карандеги къан,**
**Капураб гьаваялъ гьаглъулев вуго.**

**Гьаб хIалалъ мунилан холев дунги тун,**
**Хиял лъиде бугеб, дур хIал бохаяй?**
**ХIайванал гIажизаб гIумру дийги кьун,**
**Лъиде юссинедай къасд лъолеб бугеб?**

**Унго, гIайиб чIвалищ гIищкъу ккунилан,**
**Гьагъаб гьумералъухъ, гъоб лагаялъухъ.**
**Гьаха, чIвазин хатIа, хал гьабе гьелъухъ,**
**Нусабго саналъухъ, сипат-куцалъухъ.**

**Кинха гIайиб чIвалеб гIамал-тIабгIалда,**
**ТIаде жийго йиччан, рищун ругелъул.**
**Дур рагIул гьуинлъи, гьурмал берцинлъи,**
**Бицунеб каламалъ кеп гьабулеб куц!**

**Курмузул гургинлъи, горбол халалъи,**
**ХъахIаб щвемещалъухъ шавкъ бергьунеб куц!**
**Мунгун калам бицун, керен чучизе,**
**Киса, эб даража дие щвеларо.**

**Черхалда квер хъвайни киб гурин дие,**
**Квер битIун баизе мун лъихъе щолей?**
**Гьекъон унеб шараб щокъроса гъоркье**
**Щибаб къатIра-тIири тIасан бихьула.**

**ТIад ретIунеб ратIлил пардав гьечIого,**
**Гьурмахъ балагьизе барахщула ракI.**
**Гьаналъ бугеб ракьа, гьоркьоб бугеб нах –**
**Нусабго логолъан гвангъун бихьула.**

**ГIадан-инсанилан яти гурони,**
**Ракьда хIетIе гуро, хIурда лъалкI гуро.**
**Гьурмадул нур буго, бакъул нур гIадаб,**
**Бакъуде рехарал хьухьал риунеб.**

**Чорхол санги буго, сардилъ моцI гIадаб,**
**Дагъистан гвангъарай Гулишат-бикал.**

**Зодил тIавус бачIун тIавап гьабурай,**
**ТIогьилаб явлухъалъ ракI бахъун ана.**
**ТIадчIараб тахбакIалъ тасбихI гьабурай,**
**Дуде хIасрат бергьун гьаглъулев вуго.**

МагIарда чанилги чара бухIарай,
Чиновникасул яс йосана гIадахъ.
ГIурус падишагьас алапа хъварай
Апцерасул ясалъ сагьвил гьавуна.

Вакъарав гIорцIила гIищкъуялдалъун,
ГIалам хIайранлъулей дуда бер чIвани.
Беццлъарал беразда канлъи бихьила,
Камилаб гьурмаде валагьанани.

Бакараб кан гIадаб, канаб моцI гIадаб,
БечIчIараб рахь гIадаб, бахьинаб гьумер.
Я мун лъаралдаса лъарагIай бика,
Лъавудаса ана, гIакълу босана.

ГIиприт хIайранлъулеб хIатIил росада
Дур свери бихьидал, дир сабру хвана.
ЩIулал киниялда, кварил рущада
Кеп чIван чIурканлъараб лага дур гуро.

Алжан баркун пирказ кодобе къеяй,
КидаллъагIан телев дун гьаб хIалалда?
ГIаршул рахIманасги сужда гьабеяй,
Сабаб гьабиларищ гьаб рокьиялъе.

**ГЪАЗИЗАБАЗУЛ ИРСИЛАЛ**

**МагIаруллъиялда росу ккуразул**
**ТIоцебесеб кьерда рукIана гIарал,**
**Азарил соназул тIад тIалъел лъурал**
**Балъголъаби руго рахчун хутIарал.**

**Росу рагIалалда гIасияб кьуру,**
**Тушман вачIунелъул гъоркьчIел гьабизе,**
**Гьаб цояб рахъалда гIурччинал мучIдул,**
**Гьалбал рачIунелъул дандчIвай гьабизе.**

**Рилълъа балагьизе Ахидунире, –**
**Гьениб умумузул гIетIул махI чIвала;**
**Рилълъа хал гьабизе ТIаде магьилъе –**
**Доба умумузул захIмат бихьула.**

**ЛъабцIулго бухIараб, лъабцIул гIуцIараб,**
**ГIажаибаб буго дир росдал къисмат;**
**Къварилъи хIехьарал, зулму баччичIел**
**БахIарчиял рукIун руго умумул.**

**Росулъ ханзабаца питна бекьана,**
**Цо тухум цоялде тIаде гьусана.**
**Росулъ доб заманалъ бидул тушманлъи**
**Бокьулел гIадамал гIемер рукIана.**

**Бицуна, росуги кIийиде бикьун,**
**КIиго къоялъ рагъул кор боркьанилан.**
**Бицуна цо къоялъ ункъго гIолилав,**
**Цоцаца чIван, ракьулъ рукъун ругила.**

**ИчIавго васасде мугъчIвайги гьабун,**
**Росулъ иш билълъарав Ачак вукIарав.**
**Жиндиего гучаб, халкъалъе кьогIаб**
**Гьес ургъун бахъараб гIадлу букIараб.**

**Росулъго чIухIарал Ачакил васал**
**Цо къоялъ рукъарал хасаб хабзалалъ;**
**Росулъе вачIине хIинкъарав эмен**
**Колода хутIарав тIолго гIумруялъ.**

**Хъван буго ханасул гIасилъиялъул,**
**Гъесул буйрухъазул пасалъиялъул.**
**Бицуна ханасул бодул цевехъан**
**ХIашдихил вас ГIисал гIаданлъиялъул.**

**Росу бухIаниги, хIал дагьлъаниги,**
**БетIер къулун гьечIо гьаз тIадчагIазе,**
**ЧIвинкаялда хабзал кIодолъаниги**
**Магъало кьун гьечIо гьаз ханзабаз.**

**Рагъана умумул имамгун цадахъ**
**Гендерил къварилъухъ, гIешдерил гохIда;**
**Къеркьана умумул Шамилгун цадахъ**
**Чаназул рохьалъ, Гъуниб магIарда.**

**Даргъиб хъала бахъун Павлов хъамурав**
**ЧIухIарал солдатал сорозавурав,**
**Бусада хьибиллъун рахIат бихьичIев**
**СакIол ХIадис чIвана гIешдерил лъарахъ.**

**Шамил имамасул божарав мудир,**
**Гьесул хазиначи, лъикIав гIакълучи.**
**Жив имам хваралъув хвезе вугилан**
**Маккаялда хвана нижер ХIажияв.**

Хунзахъ районалда гурониги, тIадмагIарухъ росабазда гьоркьобги, ГIоротIа росу ва гIарал рикIкIуна бищунго исламияб дин ккуразул цояллъун, гьеб цIунараллъун ва гьелъие гIоло жал къеркьарал, къо баччараллъун.

Гъазигъумекиса Жамалудинасул вас, Шамил имамасул дурц ГIабдурахIманица жиндирго «Китаб тазкъиираталда» (ракIалде щвеязул тIехьалда) хъвалеб буго:



**ГIусманил МухIамад**

«Шамил имамасул хазинаялъул «министр» ва гьесул лъималазул рахьдал эмен ХIажиясул росу – ГIоротIа буго лъикIаб ва берцинаб хьиндалазул гIодоблъиялда. Гьезул ахикь руго гIемерал батIи-батIиял пихъил гъутIби, хасго гIечул ва цIулакьодул. БацIцIадаб найил гьоцIоги беццула гьезул. Дагъистаналда имамзаби рахъинегIанги гIарал кидаго рукIана ханзабазулгун данде ккунгутIиялда ва кьалда.

Имаматалъул хазиначи ХIажиясул херав инсуца ГIарифица бицана дие, ханзабазда данде рагъулеб заманалда, гIарадерил ракьалда ва росу сверун букIанила чIахIияб ганчIил гьабураб 10 щулалъул сиял. Хьиндалазулги ханзабазулги аслияб дагIба ва данде ккунгутIи бижулеб букIуна ракьал хIалтIизариялда ва магъалоялда тIасан. Амма, ватIаналде къо ккараб мехалъ, гьел, сундухъго балагьичIого, цадахъ рекъон рагъулелги рукIана гIаммав тушманасда данде.

Росдал бихьиназул гІемерисел руго гулла алхунарел кьвагьдохъабиги бодул церехъабиги.

Бихьиназ рачел къала гурдеялда тІасан, бараб ярагъ бешметалда гъоркьан риидал бихьулаpедухъ, тІажал хІатІи хинкІихъе щварал гІатІидал руго, магІихьвацІадул хьитал хІатІида гІицІго ретІуна. Амма, рагъде унелъул, гІолохъабаз гъоркь махх кьабурал чакмаби рукІуна ретІун.


ХІасанил МухІамад

Руччабаз ретІуна накабахъе щвараб гурде, гъоркьан хІетІе бахчарал тІажал ва къокъал кафтаналги. РатІлида тІасан къала ххамил рачел, рас бахчараб чохтІо ва тІасан кІаз. Ахикь хІалтІи бихьиназдаго бащад гьабула руччабацаги.

Гьединго руччабаца дургъула Дагъистаналъул сукно ва гьарула гьелъул давагьинал, тІанса-салмагал ва туртал. БагІарараб бакъукь, чІарадолъ заманалда, хІатІидаги гІицІго ругел ясаз, магъилъ ахІулел рокьулгун кьалул ва махсародул кучІдул рагІидал, ракІалдаса унареб асар гьабула гІенеккаразе»

Имаматалъул квакІарав наиб Харахьиса МухІамадаминил рокъов, Харахьи росулъ, Шамилил вас МухІамадшапи Гъазигъумекиса МухІамадида цеве гІелму цІалулеб заманалда ГІабдурахІманги щолев вукІуна Харахьиве ва ГІоротІе гьоболлъухъ.

ДодигІан камилав гІалимчиясул хъвай-хъвагІаялде тІаде жубазе щибха букІинеб дун гІадав жагьиласул, битІухъ гьабула гьес хъвараб.

ХІакъикъаталдаги ГІарадерил буго магІаруллъиги хьиндаллъиги рекъараб гьайбатаб тІабигІатги, ракІ гъолеб сверухълъиги, Дагъистаналда кибниги гьечІеб гІадаб тІагІамаб гІеч-гени жаниб бижулеб «Ахидуниб» кІкІалги – гьеб киналъего мустахІикъал ракІ, аваданал, гьобол-гьудул хириял, сахаватал гІадамалги. ГІун бачІунеб гІелалъе гІелму-лъай, цебетІей, гьоркьоса къотІичІого кьун бажарарал, нахъе къай гьечІел гІалимзабиги, гІужда туманкІ речІиялъе сверухълъиялда цІар бугел чанахъабиги, хьиндалазул кІкІалахъ бищун най гІемерал гьоцІо даруял найихъабиги.


МухІамадтІагьир

ГІарадерида кидаго бичІчІулаан умумузул тарихалъул тІей гьечІеб бутІалъунги халкъалъул рухІиябги рукІарахъиналъулги тІокІлъи бихьизабулеб хІужалъунги, исламияб дин кколеблъи. Ва гьединго бусурбанчи жив вижарасукьа гурого хІинкъулаpевлъиги, гьев гуресе къуркьулаpевлъиги.

Гъазаваталъул гІурччинаб байрахъ имам ГъазимухІамадица борхараб мехалдаса, СССРалъул багІараб байрахъ тІутІун базегІан, «гъазаваталда» рукІана дир росуцоял гІарал.

ТІоцебесеб имаматалъул дибирлъун ГъазимухІамад имамас вачун вукІана жиндирго мугІалим ва І5 соналъ цадахъ гІелму цІаларав фикъфиялъул гІалим, ГІоротІаса Къурашдибирасул вас ХІажияв.

ГъазимухІамадил божарав гьудул вукІана Грозныялда вугев гІурус пачаясул вакиласул ва хундерил ханалъул балъгояб бухьен-кагъат босун хьвадулев базарган ГІалил вас Абубакар. Абубакарица Унсоколоб жамгІияб данделъиялда гъазаваталъе квербакъараб кІалъай гьабичІелъул, гІолохъанав Шамил



**МухIамадил МухIума**

гьесдехун хъачIго кIалъала ва ГъазимухIамадиде щвезабула гьесул ханзабаздехун бугеб мутIигIлъи. Къаси Шамилги аскIов вукIадго, богол какдаса хадув ахIун вачIарав Абубакарица гьесухъе кьола балъгояб кагъат. Цинги бичIчIула Шамилида щив чи кколев гьев гIоротIесевали.

Гендерил къварилъухъ Дагъистаналъул кIудияв имам накълулъараб I832 соналъул октябрь моцIалъул талат къоялъ КIудияв МусахIажияв кIиявго цадахъ вукIарав вацгIалги чIван, кваранаб берги бахъун гьениса нахъе ворчIула, хадув, Шамил имасул рагъазулъ щварал ругънал сахлъичIого, гIажизлъун росулъе тIад буссуна ва гьенив хола.

ХIамзат имам ГIоротIе вачIиндал, гьес хьиндалазул жамагIатазул данделъиялда, ГъазимухIамадгун рукIарал гIарадерил мюридзабазда тIад къала, сверун ругел росабалъ имамасул амру, гIадлу-низам тIад кIалъачIого билълъанхъизабиялда хадуб хал ккевян.

ТIолго дунялалда цебе, якъинго дагъистаниял, хасго магIарулал, бахIарчиял гIадамал рукIиналъеги, эркенлъялъе мустахIикъал рукIиналъеги – нугIлъун кколеб АхIулгохIил рагъулъ, гIарадерил 35-40 цIаракиялъул нусидаса цIикIкIарав чияс гIахьаллъи гьабуна.

I837 соналъул 26 августалда гIурус пачаясул генерал Фезил бетIерлъиялда гъоркь Доналъул хъазахъазги, гьезие кумекалъе рахъарал Таркиялдаса Шамхаласул рекIаразги сверун ккола Харахьи ва ГIоротIа росаби. ТIубанго росдал мулк чIваданазде сверизабизехьин букIин бичIчIарал херехьдерил вакилзаби мутIигIлъи загьир гьабун, рачIуна генераласухъе.



**ГIазимухIамадил МухIамад**

ТIаса бищун 22 муридасул мина-картги бухIун, Харахьи росу бухIичIого хутIула. Амма капурлъиялъе мутIигIлъичIеб ГIоротIа росу бухIунцин толаро, гьенир рукIарал щулалъул сиялцин риххизарула, гIицIго цо Хъарачоласул мина хутIула бухIичIого. Наязукьа нахъе къанищ, яги гьоцIо бокьунищали, солдатаз мина жибго тола гьев найихъанасул.

ГIарадерил муридзабазе кумекалъе дагьав кватIарав имамас, росулъ яшав гьечIолъи бихьидал, жиндирго мюридзаби хъизан-лъималгун АхIулгохIде рачуна. Росулъе тIадруссарал малъичIого, жидерго ракь-мулкги вакъфуялъе кьун, гIарадерил 35 гIанасеб хъизан ГIаликIул ХIосенил бетIерлъиялда гъоркь, гохIил щулалъул хIалтIабазда чIола.

Гьел кIигогIан соналъ имамасда хадур жамагIаталда чIарал гъазизабазда лъалаан, имам сундуе хIадурлъулев вугевалиги ва хIакълъунго гохIдаса къватIибе шагьидасул нух, цо гIилийюналде гурого гьечIеблъиги.

Гьединлъидал, гIешдерил АхIулгохI ккола гIарадерил кIиабилеб росулъунги, росдал хабзаллъунги. Гьеб баракаталдаса ниж гIарал рохаралги руго.

Шамилил бетIерлъиялда гъоркь, чияр ракьал рахъулел хъамалчагIазда данде гьабураб рагъулъ гIарадерица бихьизабураб бахIарчилъиялъул бицунаго, хасаб адаб-хIурматгун ракIалде щвезаризе рекъарал руго, тIаде ккараб



**МухIамаев МухIамадрасул**

къварилъиги баччарал, хIинкъи-къайги лъачIел гьел гъазизабазул гьанжисел ирсилалги. Гьел ккола АхIулгохIдаса Гъуниб магIарде щвезегIан рагъулел рукIарал шагьидазул цIарал лъурал бихьинал ва руччаби, васал ва ясал.

Шамил имамасул рагъазулъ гIарадерил вахъана цо мудир ГIарипил (КIудияв) ХIажияв ва кIиго наиб – ЧудахIил МуртазагIали ва Жамалудинасул Ислам. Бодул церехъаби рукIана ГIаликIул ХIосен, СакIо ХIадис, Къадил МуртазагIали, ГIабдухIалимил СагIадула. Гулла алхунарев Дарбищилав АхIулгохIда имамасдаса рикIкIад чIолароан. Мазал НурухIумаги ХIосенил МухIамадги (СахIибилав) рукIана гохIил тохтурзаби-местIерал.

Гьакица солдатазе бежараб чед баччулев ХIасбулат вукIана къватIиб гIурусазул бугеб ахIвал-хIал бицунев, имасда гурого лъаларев бальгояв мухтасиб.

Шамалияб Кавказалда рагъ лъугIунилан ва имам Шамил асирлъунилан дагьлъичIо тIарикъаталъ Дагъистаналъул бусурбабазе гьабулеб асар. Рагъул заманаялъ Накъщубандияб тIарикъаталъ магIарулал пачаясда ва бакIалъулал ханзабазда данде гьабулеб къеркьеялъулъ гъункизарулел рукIана, гъазаваталде ахIулел рукIана. Рагъ лъугIидал гьелъ кIвар кьолаан инсанасул рухIияб ва рухIанияб цебетIеялде.

Гьеб баракатаб цебетIеялъул бетIерлъуда рехсезе бегьула, гIелмуялъул ралъадин абураб цIар бугев, Накъщубандияб тIарикъаталъул къутIбу, Дагъистаналъул ункъабилев имам МухIамадхIажил эмен, ГIабдурахIманхIажи Сугъури, ГIабдурахIманхIажица мужадид абураб цIарги, тIарикъаталъул устарлъиги, анлъабго тIарикъат бачине изнуги жиндие кьурав ГIободаса МухIамадхIажияв.

Амма гIурус пачаясул чукъбиги кьижун рукIинчIо, гьез рагьунги бахчунги байбихьана Дагъистаналда имаматалъул байрахъулаллъун рукIарал гIалимзаби тIагIинаризе ва гьелдалъун диналъул кьучIги бакъвазабизе. Хасго гьеб иш хIалуцана I877 соналъул къокъаб шаригIаталдаса хадуб. Гьел гIалимзабазул цоял ккола, ГIабдурахIманхIажи гуревги, гьесул гьалмагъ, имамлъун вищарав МухIамадилхIажил гьудул, тIарикъаталъул устар ва рухIияв цевехъан ГIободиявги.

I878 соналъ ГIободияс жиндирго руччаби ПатIимат ва Маймунатгун цадахъ Дагъистан тола...

ГIободияв вукъун вуго МугIалаялда машгьурал гIалимзаби рукъараб къиматаб хабзалалъ.

**Маймунат ПатIимат кIиязегоги,**
**Дун хвараб мехалда диеги жоги,**
**ХIалимат юкъараб хобалда аскIоб,**
**«ХIоржала» хабзалалъ, ГIоротIа росулъ,**
**Гьабе нижееги хобалъул сурат.**
**Къаданиб зани чIвай, зиярат гьабе,**
**ДугIа гIаммаб гьабе ниж киназего.**

ГIободиясул лъади ГъинкIкIвалитIаса ГIабдулагьил яс ХIалимат юкъун хадуб, гьелъул заниялда аскIоб цойги заниги чIван, ГIободияс гьадин абунила: «Гьаб бакIалда дирги зиярат букIина, Макка-хIарамалда дие ракь насиблъун батаниги», – ян.

Аллагь разилъаяв Аргъваниса МухIамадхIажи, I932 соналда жиндирго лъадигун Гьарадерихъ вукIарав чи, ЧКаялъ ккун вачун уна ва Мах1ачкъалаялда цIар хъвачIеб хабзалалъ вукъула. ХIинкъи гьечIел муридзаби хадурги ун, вукъараб бакIги балагьун, хабалъаги вахъун, балъго Гергенталаялдаса Нуричол МухIамадил азбаралъув вукъула. Лъабго моцI иналде МухIамадида макьилъ вихьарав Аллагьасул валияс абула, гьанже заман щванин, жив абадияб хабзалалъе ГIоротIе вачун вукъеян.

ЦIакъ балъгого – сардилъ нухда рахъун, къад рахчун чIун, муридзабаз ГIоротIа вукъула гьев къад кIал ккун, къаси сордо борчIун Аллагьасе тIагIаталда гIумру арав устарасул халипа. БецIаб сардилъ, «ХIоржала хабзалалъ», ракIалдаса тIалкъен лъаларел муридзаби гIажамалдаса гьеб цIализе хIедул чирахъалда квалквадилаго, аскIойго чIун цIалделей йикIарай ХIажил лъади, Гьарадерихъа ПатIиматица МочIохъа АхIмад цевехун цула, дуца тIубайиланги абун... РекIехъе жеги тIалкъен цIаличIев АхIмадица кинабго иш тартибалда дурусго тIубайдал, аскIов вукIарав кIиявгоги мурид гIажаиблъула. Хадуб АхIмадица бицуна, цеве вахъиндал, жинда цеве цойги чи вукIанила хъахIаб ратIлилъ, кутакалда берцинаб гьаракьалъул, гьесда хадуб кинабго такрар жиндицаги гьабунила...

ГIободиясулги Аргъваниса МухIамадхIажилги, гьезул руччабазулги зиярат буго ГIоротIа «ХIоржала хабзалалъ», гьединлъидал, рабигIул авалалъул I2 къоялъ, гьениб ахIула Авараг (с.т.гI.в.) вецщун мавлидал ва гьарула исламияб бичIчIикьеялда хурхарал вагIзаби. ТIоцебе зияраталда мавлид гьабун буго живго ГIободияс, сверухълъиялдасаго гIалимзабиги данде гьарун. Гьелдаса нахъе цониги сон инчIо, доб коммунистазул заманалдацин гьениб мавлид ахIичIеб.

Нажмудин имамгун цадахъги рукIана гIарадерил муридзаби. Гьезул гIемерисел Гиничукь ккараб рагъда шагьидлъанин бицуна умумуз. Нажмудинил заманго лъикIаб букIанин, гьанже ракъол заманалдасайилан абурав Батирил ГIертилав, мацIихъабазул жигаралдалъун 7 сонги кьун жанив тIамула.

Дол цIаларал гIалимзаби ккун унел лъеберабилел соназ гIарадерил цониги чи ккун инчIо. ГIарадерил бегавулльун вукIарав МахIутIил ХIасаница, цIакъго тIадчагIаз рахIат течIелъул, жиндирго гьитIинав вац МахIмуд витIула гьадаса цIаларав чи жидер ГIоротIа гьечIинги абун районалде. ХIасанил рокъор чанги квана-гьекъарал рортачагIаз щив ва щай жидехъе витIун вачIаравали бичIчIидал МахIмуд рокъове виччала.

I957 сональул 9 августалда ГIоротIаса МухIумил вас МухIамадрасул хIинкъигьечIольиялъул гIуцIабаз ккола ва туснахъ гьавун жанив тIамула машгьураб Москваялъул Лубянкаялда. Гьениб 11 моцIги бан, судалъ 7 сонги кьун, гьев витIула Мордовиялъул Явас росулъ бугеб «хIалхьиялъул» лагералде.

Бухара шагьаралъул исламияб мадраса «Мир ГIарабалда» цIаларав, 25 сон гурого гIумруялъул бачIев МухIамадрасул хIалтIулев вукIуна Дагъистаналъул динияб идараялда ва цадахъго Буйнакск шагьаралъул имамасул кумекчилъунги.

«Туснахъалда» ругел бусурбабазул рахъалдаса тIолго дунялалъул бусурбанал диналъул вацазде цебеккунго хIадурун букIараб хитIаб МухIамадрасулица кьола I957 соналъул августалда Москваялда букIараб ТIоцебесеб халкъазда гьоркьосеб гIолилазул ва студентазул тIолго дунялалъул Фестивалалде рачIарал ГIиракъалъул вакилзабазул нухмалъулев ГIумар Абу Раадухъе. Гьев гIиракъас Каиралъул «АЛ-АЗхар» университеталъул ректорасухъе кьезе кколеб гьеб хитIабги, гьесиего сайгъаталъе битIулеб букIараб кагъат жаниб лъураб  ансадерил берцинаб гIансаги кьола СССРалъул хIинкъи гьечIолъиялъул гIуцIабазухъе.

Чи хвараб тазияталда, «Амин» абулелъул кверал цере кквезе хIинкъараб заманалда, гьев жеги магжида нус хъвачIев гIолохъанчияс, Москваялде щвезегIанги ун гьабураб рухIияб  бахIарчилъиялъул, цойги пачалихъалда вукIаравани, тIехь хъван кино бахъилаан. Мунагьал чураяс хвелалде цебеги абулаан жиндида хадуб халкквейни къотIизе течIин азилан.

МухIамадрасулица гIарабалдаса гIурусалде таржама гьабуна гIелмиялгун тарихиял тIахьал: «Кавказалъул тарихалда пачазабиги ва бахIарзалги», «Кунта хIажил суфиязул трактат», «КIикIуниса Шарапудин устарасул трактат», Аллагь тIадегIанав ва гIорхъи гьечIев» абураб Саид Хавал гIелмияб хIалтIи. Жиндицаго гьес хъварал гIелмиял хIалтIабазда гъорлъ руго «Бусурбабазул шаригIаталда гIадамасул ихтиярал», «Исламалда Суфизм», «Малик ва гьесул школа», «Ислам ва рикъзи». ЦIакъго кIвар цIикIкIараблъун букIана гьес хIадурун букIараб, жеги болжалалде бахъинчIеб 55 азаргогIан калима жанибе бачараб  ГIараб-магIарул лугъаталъе лъураб байбихьи ва гьелда сверухъ гьабураб захIматаб гIелмияб хIалтIи.

МухIамадрасул вукIана нахъе къай гьечIев, ритIухъав, гIадан хирияв, бихьинчияб гIамалалъул, исламияб шаригIаталъул кьучIалда гурого рагIи бицунарев дол АхIулгохIда накълулъарал шагьидзабазул рухIияб цIадул хIенехI рекIелъ кунчIарав унго-унгояв магIарулав. ГIаишат, МухIамалдрасулил эбел кколаан Шамил имамасул наиб Исламил тухумалъул гIадан ва ГъазимухIамад имамасул мурид МусахIажиясул ирсилай.

Хунзахъ районалъул халкъияб судалъул хIукмуялдаса: «Пачалихъалдаса ва школалдаса диниял идараби ратIа гьариялъул хIакъалъулъ законги хъачIго хвезабун, халкъалда гьоркьоб дин тIибитIизаби мурадалда ХIусенов МухIамадица жиндирго рокъоб лъималазда Къуръан малъулеб мадраса рагьула. Гьенире хьвадизарула гIумруялде рахинчIел лъимал.

I970 соналда хIинкъигьечIолъиялъул гIуцIабаз М. ХIусенов лъималазе дарс кьолев тIадккола.

Судалъ гьев лъабго соналъ туснахъ гьавула, гIумру гьабизе витIула Ростов областалъул Аксарайск районалъул цо гIалхуда бугеб гIаммаб режималъул лагералде...

МахIачхъалаялдаса ХIусенил МухIамад этапалъ витIилалде бакI-бакIалъа муридзаби рачIуна гьесда цо бер чIвазе ва шапагIат гьарун къо мех лъикI гьабизе. Аллагьасул къуваталдалъун ва Хунзахъа Гичибегил Жамалил бажариялдалъун МухIамад къватIиве виччала диналъул вацазулгун хабаралъе. МухIумахIажияс бицана, эменцин лъаларел ГIободиясул гIемерал муридзаби рукIанила Гергенталаялдасаги рачIун МахIачхъалаялде гьев нухда регIизе.

Хабар букIана, ХIамзатил Расул гьоркьов лъугьуниланги, амма тIаса хъвараб гIарзаялъул хIасилалда, Дагъистаналъул ТIадегIанаб судалъ Хунзахъ

районалъул халкъияб судалъул жанив тӀамизе гъабураб хӀукму мекъаблъун рикӀкӀуна.

Цо гӀажаибаб мугӀжизатги бихьизабула БетӀергьанас Харахьиб росдал клубалда ахираб суд гъабулеб гьеб базаркъоялда. КӀанцӀун бачӀуна кӀиго гӀалхул болъон ва рачӀарал «гьалбадерица» гӀодор чӀезе бакӀ гьечӀого гӀадамазул цӀун букӀараб базар цоцахъ бан, пана гъабула. Цоял лъукъун, цоял хӀарире рехун, цойгидазул гурдил къвалал рихъун, накалда ккаразул тӀаждал хвахал тӀун, тӀурун унел рорчӀуларого, хӀалкъаялда гӀодор ккун, мерхьун, тӀабигӀияб балагь рештӀараб гӀадаб бихха-хочи лъугьуна. Аллагьасул калам мутагӀилзабазда малъи тун батӀияб «такъсир» гьабичӀев херав чи цӀунун рукӀарал милиционерал, вукӀаралъувго гьевги тун, тунчулги рахъун хъабаназдаса гӀадамал хвасар гьаризе рортула. Цо хъабан тӀомода лъола, кӀиабилеб тӀурун борчӀула.

ХӀосенил МухӀамад жанив тӀамиялъе букӀана гӀицӀго цо гӀила- цӀалудаса эркенаб, каникулалъул заманалда ва гӀодор къояз, росдал лъималазда иман-ислам, Къуръан, росдал тарих малъи. Дунги хьвадана мунагьал чураяв кӀудадахъе Къуръан цӀализе цо лъагӀалица, 7 абилеб классалда вугев чи, эбел-инсудацин цӀехечӀого. МутагӀилзабазда, жиндир хӀал алжаналъуб батаяс, малъулаан хур бекьизе, ах бухъизе. Лъараб жоялъул зарал гьечӀила, школалда лъикӀ цӀаларазда цойги гӀелмуги бигьаго лъалилан абулаан гьев валияс.

ГӀадамасе зарар гьабиялдаса квешаб мунагьги гьечӀила, зарал гьабурасе лъикӀлъи гьабиялдаса кӀудияб даражаги щибилаха букӀинебиланги абун, гьал Аварагасул (с.т.гӀ.в.) рагӀабиги такрар гьарулаан киданго «ХӀакълъунго ТӀадегӀанав Алагьас ва гьесул малаикзабаз ва зоб ракьалъул агьлуялъ, хӀатта цӀунцӀраялъ, жиндир босноб, хӀатта ралъдалъ ччугӀаялъ салат битӀулила гӀадамасда лъикӀлъи малъулев чиясде».

ГӀемераб назму ракӀалдаса лъалев кӀудияс, магӀуги бацӀунаго, ахӀулаан АхӀулгохӀда шагьидлъаразде шигӀраби ва гьесда лъалаан ГӀоротӀаса гьенир шагьидлъарал гъазизабазул тухумал ва цӀарал. Нижер щивасда бицунаан лъида лъил цӀар бугеб ва ирсилал гьеб умумузул цӀаруе ритӀухъал рукӀине ккеялъул. Гьев вукӀана нижер росдал чӀагояб ва рагьараб тарихияб тӀехьлъун. ГьабсагӀат гьединаб тӀехьалъул тӀамачцин лъикӀ цӀунун, кагътиде босун хутӀун гьечӀо.

ЦӀалулъ бажари бугел мутагӀилзабиги рачун, щибаб соналъ кӀудияс зиярат гьабулаан АхӀулгохӀде. Ниж гохӀде тӀаде рахунароан, гӀещдерил ахикьги чӀун кӀудадаца цин дугӀа цӀалун, шагьидзабазул рухӀазе кьолаан, щивас Къуръаналъул суратал цӀалулаан. Хадуб цо панаяб бакъаналда, чвахулаго магӀугун, АхӀулгохӀда шагьидлъаразул назму ахӀулаан. Цинги гьес БетӀергьанасда гьарулаан, гъазизабазул гӀадаб хвалихъ урхъарав жиндир гьари нахъчӀвагеян. Гьале цо-цо мухъал доб назмуялъул:

**Эбел дун хахеян лъимер тӀад хурхун,**
**ТӀаде яхъайилан зигардулаан.**
**ТӀаде щолел ругел тушбаби рихьун,**
**Дадаян гӀодулел гӀемер рукӀана.**

**Жеги цIорочIого, цIан йитIун лъурай,**
**Эбелалда къвал бан къочардулаан;**
**«Аллагьан» – ахIулеб гьаркьил кутакалъ**
**Солдат, ярагъ гъоркь тун, лъутун унаан.**

**ЧIужу-лъимал гурел, лъукъарал гурел,**
**Хвалчен борхизе чи гохIда хутIичIо.**
**Бихьинал лъугIидал, кверде гьел инчIо –**
**Киналго кьурулъан гъоркье кIанцIана.**

**КIазал бадир жемун, лъимал къвалакь ккун,**
**Шагьадатги битIун, тIолалго хвана.**
**Лъукъун мажгиталъур, хвечIого ругел**
**КIинусго бахIарзаз васигат хьвана:**

**Мажгит тIаде биччан, тIолалго цадахъ**
**Тушман вихьилалде хвезе гьареян.**
**Гьезул гьари тIубан, киналго цадахъ,**
**ТIаде мажгит биччан, хобалъур лъуна.**

**Молоца росичIо, росонир лъечIо,**
**Мусру тIад жемичIо, зани - хоб щвечIо.**
**РухI бахъаралъубго, тIаде ракьги хьван,**
**Жидерго ратIлилъго тIерхьинаруна.**

Гьеб I970 соналъул багIарараб июнь моцIалъул боголил какда цебе, ХIусенил МухIамадил букIана сверун ккун хIукуматалъул хIинкъигьечIолъиялъул хIалтIухъабаз. Росдал къватIахъ чIезарун рукIана партиялъулгун советиял хIалтIухъаби. Сардилъ байбихьана ярагъ кьвагьичIеб балъгояб гьужум. Кверде росана гIелму цIалулел гIисинлъималги, хабалъе бох бортарав гьезул мугIалимги, рокъоса рахъана Къуръанал ва как тIад балел цIаха-турутги. КIиабилеб сордоялъ росдал Советалда, рахъарал Къуръаназул ва хириял тIахьазул сияхI гьабун, уголовнияб делоялъе гьел хIадурулаго, ракь багъарула ва чирахъал ссуна. Гьеб иш гьабулел, хIинкъиялъ гордухъан къватIире кIанцIула. Хадусеб къоялъ гьез, цоцадаса балъго, какие чурун гурого Къуръан-жузалда квер хъваларо. Жакъа къоялъги гьел ХIусенил МухIамадил рокъоса рахъарал Къуръан тIехь ГIараниб бугеб тарихиябгун-тIабигIат лъазабиялъул музеялда цIунун ругилан бицана, гьеб мухIканго лъалев мугIалимас.

Гьелдаса хадуб бахъана тIолго Дагъистаналда рагIараб ахIи-хIур.

Республикаялда рагьана цойги ккечIеб гIадаб «захIматаб» такъсир, жанив тIамуна гугьундалде вачIине ригь щварав херав Аллагьасул вали. Бахъана газеталда иргадулаб макъала «ГIемер лъадахъани гIеретI бекула» абураб ахIдолеб цIаралда гъоркь. ХIусенил МухIамад жанив тIамунилан ГIоротIа росулъ гIун бачIунеб гIелалда дин исламги, Аллагьасул каламги малъичIого хутIичIо. Дида лъалезда гъорлъ рукIана жиндир хIалчIахъаяв ГIусманил

МухIамад ва гьесул вас МухIамад ТIагьир, ГIаммал Сулайман ва Сулайманил МухIамад, Гургинав МухIумил ХIамзат, ХIако ХIасанил МухIамад ва КъурахIума, ТIайгимил МухIамадил МухIума, (гьев вукIана гьаракь берцинав, махражги битIарав, хиси гьечIев росдал будунги, дир мугIалимги), ГIакIвал МухIамадрасул, ХIасанхIосенил КъурахIума, Батирил ГIертилав, Юсупил ХIасан, КъурахIумил МухIамад ТIинчIав, ТIадколоса ГIоротIе гочинарун рачIун рукIарал ГIалисканди, Даминил МухIума, Балал МухIамад, Хъайтмазил МухIамад ва гьел гурел дида лъачIелги.

Гьел дица рехсарал гIарадерил АхIулгохIда шагьидлъарал гъазизабазул ирсилазда бичIчIулаан Аллагьасул цIадирабазда шагьидасул биялдаса, гIалимчиясул щакъидал къатIра бакIаб букIин. Гьединлъидал, жидеда цере рукIарал гIалимзаби жанир тIамунали щиб гурин, гьел чIваниги, хIинкъун нахъе къан чIолел гIадамал гьел рукIинчIо.

Доб коммунист партияги совет хIукуматги къуваталда бугел, рухIаниязе хIинкъи бугел 60-80 соназ Дагъистаналда цIар рагIарав гIалимчи ГIусманил МухIамадил рокъоре щведал, гьенир ратулаан муридзабиги, къватIиса рачIарал гIелму цIалулел мутагIилзабиги. Гьесухъе дугIа-даруялда хадур щваразул машинабиги камулароан росдал годекIаниса.

Дагъистаналда доб заманалда ГIусманил МухIамад гIадав диналъе ритIухъав гIалимчи гIемер вукIун вати щакаб жо буго. ГIемер буго гьесул дару-сабабалъе букIараб Аллагьас кьураб бажариялъул. ГIоротIе щун ГIусманил МухIамадги, гьесул хъизан Жапарат кIодоги тIоцере рихьарав чиясда гьел кидаго кIочонароан. Гьединаб берцинаб букIана гьезул сипат-сурат.

Больницаялдаса хьул къотIун къватIире кьурал нус-нус чи сах гьавунин гьев хIал алжаналъуб батаяс. ВукIинчIо гьесулъе вахарав гIалимчи жундузул гIелму-дугIаялъеги.

Дагъистаналда рукIарал киналго мажгиталго гIадин, лъеберабилел соназул байбихьуда ГIоротIаги къана кIиябго мажгитги мадрасаги. Росдал мажгитал къазе хIукмуги гьабун, районалдаса хIакимзаби жеги тIадруссиналде, тIасияб мажгиталъул тIохдасан, росдал будун Дарбишиласул как ахIулеб гьаракь рагIула. Росдал доб мехалъ вукIарав бегавул ЧIегIерасул МухIамад, хIакимзабигун цадахъ мажгиталде щведал, чIахIиял магIал кьабун рахараб мажгиталъул нуцIида къвалги бан гIодилев ватула гьезда будун.

Бегавул щиб гIиллаялъ вачIаравали бичIчIарав Дарбищилас гьесда абула: «ГIурусазул бо гьанибеги бачIинаро, бачIаниги къаммат гьабун гьаб ахирисеб как мажгит бихьулеб бакIалда бачIого дунги гьез вачинаро». ТIасан ретIун букIараб рукъалабаз бацараб гужгатги какикьжоялъе рехун будунас как бан лъугIизабула. Саламги кьун тIаде вахъиндал бегавуласдехун абула, гьанже ваче дуца ЧIегIерав дун, дуего бокьаралъуве, бокьани жужахIалъул цIадавегиян. ТIаде рачIараздехун, щибго хIалги хисичIого, абула цIодорав бегавулас, гьав пакъир, ботIролъа камурав, щайтIабаца ккурав чи вугин, мажгит рагьун букIараб мехалъги гьав гъаримас как кидаго жиндицаго ахIун мажгиталъул къватIисеб рахъалда балаанин, жундул Аллагьасул рокъоре риччаларин абун.

Бегавулас бицараб гьалбадерида уябин ккола ва тIокIаб тохлъи такрарлъизе тогеян амруги гьабун гьез нух босула. ЦIодорав бегавулас бахIарчияв будун Сибиралъул квачалдасаги, лагеразул нацIидасаги хвасар гьавула. Дарбищилав

кколаан КIудияв Дарбищиласул цIарлъурав, АхIулгохIил бахIарчи СакIол ХIадисил ирсилавги.

ХIукуматалъул рахъалдаса кигIанго тIадецуй бугониги, гIарадерица гъоркьоб къотIизе течIого бана, жамагIат гьабун какги, ахIана мавлидалги, бикьана садакъаги, рачана зикрабиги.

Дагъистаниял, доб лъабкъоялда анцIабилел-ункъоабилел соназда дунялалъул рикъзиялда хадур Москва-Таллиналде хьвадулеб мехалъ, кIудияб бальголъиялда, кIиго нухалъ ана гIарадерил вакилзаби Москвалде, росулъ мажгит рагьизе изнуялда хадур.

Мажгит рагьиялъе жигарчилъи гьабичIого тезе бегьунгутIи жамагIаталъул церехъабазда бичIчIизабуна ГIусманил МухIамадил МухIамадтIагьирица. Гьеб хIинкъи цIикIкIараб иш тIаде босана КIудияв ГъазимухIамадил МухIамадица. Квербакъиялъул хIалтIаби, цадахъ рекъон, гьаруна Сулайманил МухIамадица, Дарбищиласул ГIабдулбасирица, МухIамадзагьидица, ГIабдулатIипил МухIамадица, ХIасанхIосенил КъурахIумица, ХIако ХIасанил КъурахIумица, СагIадул Асадулагьица ва гIемерал цойгидазги.

Къого росуцоясул гъулбас гьабураб кагъатги босун Москваялде кIиго нухалъ хIинкъараб сапар бухьана Сулайманил МухIамадица, ГIабдулатIипил МухIамадица, МухIамадил МухIамадзагьидица ва Дарбищиласул ГIабдулбасирица.

Мажгит рагьизе изну кьун хадуб вачIана дихъе росдал дибир ХIасанил МухIамад, ва абуна: «Ле дир вас АхIмад, мун вуго хIукуматалъул къанунал лъалев чи, бегьиладай гьанже дун, рагьун исламияб нухмалъи гьабизе цеве вахъине». Гьев I7 соналъ бищун захIматаб заманалда росдае дибирлъи гьабурав гIалимчиясухъа 3 нухалъ босун букIун буго, рагьун диниял ишал гьарун цеве вахъани жанив тIамизе разияв вугилан абураб расписка.

Гьанжеги ратила хIукуматалъул батIи-батIиял гIуцIабазул архивазда гIарадерил рухIаниязухъа росарал распискабиги, объяснительниялги гьезда сверухъ гьабураб «хасаб» хIалтIул рицщатал папкабиги.

Гьел рухIаниял рукIана колхозалда ракIбацIцIадго хIалтIарал гIухьбиги, хIукуматалъе I94I соналъ I000 тонна гIечул кьурал ахихъабиги, ВДНХаялде щун рачIарал хурухъабиги, Сталинградалда ва Севастополалда рагъулел рукIарал БагIараб армиялъул солдаталги. Гьел кидаго хIадурал рукIана ВатIаналъе гIоло гIумру кьезе.

Москваялдеги щун, гьениса ГIоротIа мажгит рагьизе изнуги босун, МахIачхъалаялде гIолохъаби щведал, Дагъистаналъул хIакимзабаз цIакъ яхI бахъулеб букIана гьеб изнуялъул кагъат районалде биччачIого тезе. Ахир - къадги ГIабдулатIипил МухIамадица, тIадруссун Москвалде ине росарал поездалъул белтал рихьидал, вокзаладе щвезегIан хадувги вачIун, кьола витIунчияс гьеб къимат тIадегIанаб кагъат гьесухъе кодобе.

Иргадулаб 28 абилеб мажгит Дагъистаналда рагьана тIоцебе ГIоротIа, I987 соналъул I8 декабралда. Гьебги букIана, гъазизабазул ирсилазул, рухIаниял церехъабазул 20 гIасруялъул гъазаваталда босараб ахирисеб бергьенлъиги.

*ГIоротIа росу,*
*АхIмад ХIАСАНОВ.*



ГIайшат
ИБРАГЬИМОВА

## ДУН АХIУЛГОХIАЛДА

Щибаб къойил дица къулула бетIер,
Къан рачел борчарал мюридзабазе.
Накалда ккола дун АхIулгохIалда,
Гьелъул тарихалъул кьогIлъи лъанагIан.

Квералги цере ккун, дугIа гьабизе
Дун нечолей йиго жакъасей чIужу.
Рагъул кьогIлъи лъачIей, ракъул хIал лъачIей,
Мусрудулъ рахчичIел, хабалъ рукъичIей.

Бабул би хахулел лъимал рихьичIей,
Шамилил яцалъе кумек гьабичIей,
Ясалги къвалакь ккун, гъоркье кIанцIичIей,
Цо рагъухъанасул ругъун бухьинчIей.

Муридал холелъул къаданий чIечIей,
Къадар батаразда хадуй гIодичIей,
Кьурулъан кIанцIулез цадахъ ячинчIей,
Тушманасул гуллил цIадакь хутIичIей.

Дагъистан цIунизе квер багъаричIей,
Килищ унтаниги, дару гьекъолей,
Кабинетахъ кIусун, рагъулги бицун,
Рагъда бергьаразул кьерда бокьарай.

Дун нечолей йиго, АхIулгохIалда
Асирлъаразукьа ва хваразукьа,
Хинал рукъзабазухъ хьизан, къисматгун
Хъвадарун биччалеб заманалдаса.

Нуж тIасалъугьуницщ миллаталдаса,
Тарих нужер кIочон, дунял гIуцIулел.
Нуж кин ралагьулел гьаб гIумруялъухъ,
ГIала-гъважаялда хадур унезухъ.

ГIенеккун йиго дун гьаб дунялалъухъ,
Думаялда бугеб дагIба-къецалъухъ,
Рагъ хIажат гьечIилан хIалел чагIазухъ,
ХIабургъин бокьарал гьезул ххвелазухъ.

Дие бокьун буго АхIулгохIалда,
ЦIадирабазда тIад Дагъистан лъезе.
Доб цебе букIараб бакIаб Дагъистан,
Жакъаги цIайидулъ гIодобе цIазе.

* * *

Асирлъуда буго ургьиб гьинал ракI,
Черх хIалтIизе кIетIон, жаниб рокьул цIун.
Хъаравуллъун буго дир кIиябго бер,
Канлъуе ралагьун, гIищкъуе рахчун.

* * *

Дие нуж рокьула, дир магIарулал,
Гьалун лъадарараб чаран гIадинал.
Дун нужер яс йиго, дир магIарулал,
Нужер кьурабалъе кьибил биччарай.

ГIадатал цIунулей, цIаруй ритIухъай,
ЦIадулъги, лъадалъги намус бечедай.
Нужер гIакълуялъе бетIер къулулей,
Нужер тарихалъе накаби чIвалей.

## ДАГЪИСТАН

Дагъистан, дур унтиялъ
Унтун буго ургьиб ракI,
Дагъистан, дур угьдиялъ
Уна цIунцIрахун дир черх.

ЦIар бацIцIадго цIунараб,
ГIалимзаби гIемераб,
Улка чIухIараз цIураб
Дур ракьалъул бечелъи.

Дур кьурабазул къвакIи,
Дур кIкIалазул гъварилъи,
Дур мугIрузул борхалъи,
ГIадамазул лебаллъи.

Дур ракI унтун бугеб куц,
Дур черх свакан бугеб куц,
Дуца хIехьезе ккарал
ХIалихьатал гIадамал.

Къадруялъ кьучI цIунараб,
Кьолболъ ияхI цIикIкIараб,
ЦIар холареб Дагъистан,
Дур бухIун бугеб чара.

Чияраб босулареб,
Дурго чидай кьолареб,
ЧарангІан къвакІараб мун
Къварилъизе ккараб куц.

КъвакІун чІа, Шамилил ракь,
ЦІоралда керен цураб,
Кор боркьарал рагъазулъ,
РухІ кьун, васаз цІунараб.

ЦІар кІочонге, хунзахъел,
ХІамзатица кьун тараб,
Расулихъан ирсалъе
Абадиялъ хутІараб.

Бакълъулаз къадру цІуне,
Къимат хвезе биччаге,
Къисматалъ нужей кьурав
ГІалихІажи кІочонге.

ЛъаратІисел, щулиял
ТІогьолал мугІрул ругел,
ТІад гьава ккурал васал
Нужер рукІин кІочонге.

Казбекалъул гІадамал,
ГІаданлъи бергьараб халкъ,
Къо ккаралъур роржунел
ЦІумал рукІин кІочонге.

ЦІумадисел, цІунтІисел,
Хьаргаби, чІарадисел,
Дагъистаналда сверухъ
Сангар гІадин эхете.

Болъихъ, Гъуниб букІараб
Боркьараб рагъ кІочонге,
Рагъалъ вас гьавуларин
Абулезухъ гІенекке.

Нилъер Дагъистаналде
ГІемераз квер борхана,
Квер къотІун, ярагъ бортун,
Нахъе лъутизе ккана.

Нилъ къуркьизе бокьарал
Боял чанги рукІана,
Къалъул как ахІилалде
Аниса ине ккана.

Щив витІарав? Щив тІекъав? –
ТІаделъун бугин балагь,
ТІадегІанал мугІруца
КъулчІилебдай гьанже ццин.

Киб ритІухълъи? Киб тІекълъи?
Кьер тІун ругин кьураби.
Цо гьез бетІер хьвагІани,
ЛъугІилародай зулму.

Дагъистан – Шамилил ракь,
Дагъистан – Расулил бакІ,
Дур бацІцІалъи, дурго цІар,
ЦІвабзалъ цІуне дир ВатІан.

* * *

Дуниял кьуралги кьодасан риччан,
Дун карачелазулъ квачІ балей йиго.
Хъизан-рукъ битІарал гамиде рахун,
Гаван балагьулей дун хутІун йиго.

* * *

Зодоб моцІ цо буго, цІвабзазда гьоркьоб,
ЦІар чІвазе лъарасе дун гІажаибай?
Кибго харидаса тІегьги берцинаб,
ТІабигІат дир чорхол гьелда релълъараб.

* * *

**Дидагоги бихьана, бицунебги рагIана,**
**ГIакъилзаби рахунеб хасаб мегIер бугилан.**
**Гучаб гьеб борхалъуде шагьра гIадаб нух буго,**
**Щаялиго гIадамал сухъмахъалъ унел руго.**

* * *

**Дир кIалзул пагьмуги рекIел кIутIиги**
**Мунгун цадахъ буго бакълъуласул ракь.**
**Бидул щибаб къатIра махщелгун гьунар**
**Гьабула дуй сайгъат дир инсул тIалъи.**

* * *

**Чиясул тIабгIгун гIамал –**
**ГIакълуялъулъ рекъани,**
**ГIадамас киданиги**
**Квешлъи гьабилароан.**

* * *

**Квегъизе кIвелилан тIаде восана,**
**Саяхълъи чIалгIинин сабру гьабуна,**
**Рохелгун, чIаголъи чIван дуцаги лъун,**
**Дида гор сверухъе чIалгIен рещтIана.**

* * *

**ГIужие ишанлъун цее чIелаан,**
**Чанахъанлъи гьабун хадув лъугьани.**
**Дирго чIегIер берал чIвазе кьелаан,**
**ЧIор речIчIизе лъалев гIужихъанлъани.**

* * *

**Дунялалъул рокъоб бетIер борхун ккве,**
**КъотIуй хисуларей гьудулгун вугес.**
**КъотIнов вачIунаго, бухариги лъе,**
**Бодулъ тезе кIолел яцал ругеца.**

**Бохалда бохги лъун чIа годекIанив,**
**Намус басралъичIей эбел йигони.**
**Росдал агьлуялъулъ къимат букIина,**
**Къадругун рекъарай яс дур ятани.**

* * *

**Дица рарал гьундухъ хъаравул гьечIо,**
**ГьечIодай ханлъуде хиял лъурав чи.**
**Бараб кIалгIаялъул кIул дихъго буго,**
**КIутIун мун вачIани, ричIила дуе.**

* * *

**Йиго дун гIумруялъ хадуй ялагьун,**
**Дуй нух битIагиян ракIалъги щурун.**
**Щущазе роргулел магIил гаралъан**
**ТIад вуссинарищан гьари балаго.**

* * *

**Унгеян гьарана дица соназда,**
**Дуе йокьизегIан, мун регIизегIан.**
**Цебе нуцIаги къан, гьукъана херлъи,**
**Гьудулилан дуца цо абизегIан.**

* * *

**Я Аллагьги ккайги чIалгIен къориниб,**
**Къан тIаде тIалъелгун жибго хутIизе.**
**ХIилла-рекIкIги айги хъамун гIуруца,**
**Ралъадгун жубайдал жибго гъанкъизе.**

* * *

**Рокьи, бахче дурго лъалкI,**
**Лъазе тоге балъголъи.**
**Балай цIуне дурго къартI,**
**Къосунге унеб нухда.**

* * *

**РачIа гьаб гIурулъе кIанцIун риччалин,**
**ТалихIалъул гIурулъ гъанкъун холарин.**
**Цинги доб кьурулъе цадахъ харилин,**
**Икъбалалъул нухда хоб букIунарин.**

* * *

**Жубаге мун гIоргун, дир иццухъа лъим,**
**Дица гIадин гIащикъ гьекъоларин мун.**
**Унге мун ралъдалъе мугIруздаса гIор,**
**ГIищкъу дир гIадинаб щоларин духъе.**

* * *

**Рогьалил макьилъа заманги бикьун,
Макьид восарав дуй хъвала цо шигIру.
Сардил тIаралъуда лъалхъиги гьабун,
Гьадаб моцI мун вугин цIаюцIина дун.**

**ГIисинккун гIодула хIинкъарал берал,
Ургьибго гьалдолеб магIуги чвахун.
МагIил гIоралда тIад, кьода вахъун чIун,
Ургъел гьечIев духъан кумек къваригIун.**

* * *

**Муил хабадеги дун яхинаро,
Рокьи мурадалде щвеларин хIинкъун.
МахIмудил зонохъги дун лъалхъиларо,
Хъирул къаникь анищ букъилилан ккун.**

* * *

**ГIиял чолонибе чан хьвадуларо,
ЧанцIул ахIани щиб гьабичIеб рогьо.
Гьабзазул тIелалъулъ гъалбацI чIоларо,
ЧIухIарай дун какун, лъуни щиб бугьтан.**

**ЦIорода речIчIулел цIадал къатIраби,
Рокъой йигей дида регьел хъваларел.
НуцIида квалулеб цIорораб гьури,
ЦIадул гьанситохъе къазе кIолареб**

## АХIМАД СУЛТIАНАХIМАДОВ



*АхIмад СултIанахIмадов гьавуна 1970 соналда. ЛъаратIа районалъул Мазада росулъ гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, АхIмад цIализе лъугьана Дагъистаналъул Педогогикияб институталде. КучIдул хъвазе байбихьана жеги школалдаго. Амма гьел къватIире рахъизе гIедегIичIо. Аллагьас кьураб гьунарги, гьединго жиндирго чилъиги цIунун, киве щваниги, кив хIалтIаниги, къалам кодоса камулароан гьесул.*

*1993 абилеб соналъ, рахъана тIоцересел кучIдул: «Дир рокьи», «Шамил имам», «Дир росу» ва цогидалги. 2014 соналъ къватIибе биччана кучIдузул тIоцебесеб тIехь, хадубго «ГIумруги гIищкъуги» абурабги.*

*КватIичIого къватIибе бачIине хIадур гьабулеб буго цIияб тIехь.*

### БАЛЪГОЛЪАБАЗУЛ ГIАСРУ

**Къоло цоабилеб гIасрудалъ ругел,**
**Балъголъаби руго дида цере чIун.**
**Бигьаял гьечIо гьел гьаб дир халкъалъе,**
**Хиянатлъи буго гьезулъ гIемераб.**

**Бусурбан халкъ цоцалъ багъилеб буго,**
**Ракълилги хинлъиго хутIулеб гьечIо.**
**Хинлъиги вацлъиги цIунун рукIарал,**
**ЦIар жидер ахIигун рахчулел руго.**

**Ракьалда тIагIамаб тIабигIаталъухъ,**
**Хисун дие жакъа рокьукълъи щвана.**
**Рокьуецин гIечIел гIолилазулъцин**
**ГIамал бижун буго жакъа батIияб.**

**Бицине лъикIабги хутIунго гьечIо,**
**АхIизе кучIдузулъ чIухIи хутIичIо,**
**Хирияб халкъалъул кIудиял ишал**
**КIодо гьарун жакъа лъие рицинел?**

**Беццаб букIун буго дие щвараб век,**
**Берцинлъиялъулцин къимат лъалареб.**
**БукIинеселъулцин къадру гьабизе**
**БачIунеб гIелалъул гIакълу гIолареб.**

*** * ***

**РакIалъ рокьул хIасрат дуе кьуниги,**
**Гьаб ракьалда хинлъи дуца дий кьечIо.**
**Берцинаб балай духъ бергьананиги,**
**Бергьенлъи мун еццун дие бачIинчIо.**

**БачIанщинаб къоялъ дур бицаниги,**
**Къвал бан вокьулилан дуца абичIо.**
**Угьдулеб гьинал ракI дир бугониги,**
**Бигьалъи щвезе мун аскIой ячIинчIо.**

**Дир хIасратаб ахIи гIундулъги багъун,**
**ГIамал кIудияй мун кьурун юссана.**
**Юссине бакI гьечIеб бокIонги батун,**
**РакI битIизабизе кватIун ккана мун.**

*** * ***

**Бицеха, хирияй, дур хиялазулъ,**
**Хасалил цо сардилъ дунги ватичIищ?**
**Дунялалда толел гьел дур къоязулъ,**
**Къасд дунгун дандчIвазе гьабичIищ дуца?**

**Бицеха, хIасратай, хIалимаб рокьи,**
**РагIун дун вокьулин дуда кIалъачIищ?**
**КIутIбуца щурулеб гьеб лъабго рагIи,**
**ЛъалкIлъун нилъер рокьул дуе хутIичIищ?**

**Дидани кколаан гьаб ракьалда тIад,**
**Рокьи щивасухъе бащад щолилан.**
**Барщун гIемер мехалъ мун йихьарайго,**
**ГIунун дирго рекIелъ бугеб цIунана.**

*** * ***

**МагIида пандурги аскIоб хвалченги,**
**Хилиплъи бокьараз гуро гьеб балеб.**
**Гьелъул магIна жакъа батIияб буго,**
**БатIайиса буго бачунеб наку.**

Къадарасе руго кучIдул ахIулел,
АхIмакъзабаз буго хвалчен бахъулеб.
Бихьинчи веццулеб сарин дагь буго,
Сахаватлъи лъутун лъугIулеб буго.

## РЕКIЕЛ КIУЛАЛ

Къоги ун, сордо щола,
Щола дихъе пикраби,
Дургун дица рикьичIел
Ратула суалаби.

Сухъмахъ тIеренлъанагIан,
Лъана дида гIадамал,
ГIумру бекеранагIан,
Керен унтун буго дир.

Дару гьекъон сахлъичIел
СогIал гьал дир къоязе,
Къисмат дургун батани,
БукIинаан бигьалъи.

Цо бугеб гьаб гIумрудул
МагIнаги босулаго,
БитIараб кIул балагьун,
Рагьизе ккола ракIал.

Ругеб ахIвал-хIалалъул
ХIал лъазе бокьанани,
ХIакъаб жо кIиязулго
БукIине ккола божи.

## ГЬУДУЛАСДЕ

Дир гьудул Давудгун дандчIвана жакъа,
ЧIаголъи бугоан батIияб гьесул.
Гьурмал кьер берцинаб балагьи буго,
Балъголъи рагьулеб цо гьими буго.

Гьереси кидаго кIалдисан инчIеб,
КIал гьас зикруялъе буго рагьулеб.
Бугеб хIал ракIалъул лъазе течIого,
РекIелъ иманги ккун, Аллагьгун вуго.

Аллагь БетIергьанас кьун бугеб сабру,
Сапаралъ вахъингун дир гьудуласе.
Гьинал рекIелъ бугеб жиндирго асар,
АскIор ругелазда жиб бичIчIулареб.

Берцинаб гIамалги, гIадлу-низамги,
Назмуялъ хъван кьураб батила гьесий.
Гьудуллъи бокьулев, кьалуй бахилав,
Вихьизе вокьула жиб-жиб къоялъ мун.

ЖамагIат бохизе, мурад тIубазе,
ТIадтарасго вижун ватилин ккола.
Веццун хъвалеб гуро – къваригIинаро,
Къарнуялъ бицина дур жеги гIемер.

## ДИХЪЕ ГЬОБОЛЛЪУХЪ ЩОЛА

**Къоял гIемер анин угьдула гьанже,**
**Ургъелал цIикIкIуна, цIадлъун чвахула.**
**Чи аскIов камидал, кIалъала дунго,**
**Дирго рекIел бухIи диего бикьун.**

**Дунялги хисидал, хвелги гIунтIидал,**
**ГIумруялъул хIасил буго къваригIун.**
**Къарнуялъ цевехун квер кьун цIалелъул,**
**ЦIехолебго гьечIо хIадур вугищан.**

**ХIиллаби гIемерлъун гIорхъоде щведал,**
**Щиб тараб нахъехун, валагьула дун.**
**Век хисун цойгидаб тIаде щолелъул,**
**Щвараб къисматалда рази ватула.**

**Риидал хинлъиги, хаслихъ цIоройги,**
**ЦIер чIвараб дунялги цебе тIамула.**
**ЦIорораб дир ракIги, рукъалъул къедги,**
**Къоял гIемер ингун гьоболлъухъ щола.**

## ЭБЕЛАЛДЕ

**Къирараб нуцIихъан валагьана дун,**
**Дур гьумер бихьизе, хирияй эбел.**
**Хасалил цIороялъ дихъе квач щведал,**
**Щвана дир ракIалде дур хинал кверал.**

**Кие арай эбел, кие арай мун?**
**Кибе араб хIасрат диде букIараб?**
**Дуниялго дие чIегIерлъун ана,**
**ЧIегIераб ракьалде мун араб къоялъ.**

**Дир къирараб нуцIа додин хутIана,**
**Хабалъе мун индал Аллагьас ячун.**
**Дилъ хасалил сардил цIорой рещтIана,**
**РещтIине бакI тIагIун вуго дун, эбел.**

**Унел руго дирги додинго къоял,**
**Къварилъиялъ дида къвал баралдаса.**
**Къасиги макьилъ мун йихьула дида**
**Дун кьижараб гIужалъ дихъе ячIуней.**

**Хинлъиларо дие хасалил сардал,**
**Соназ мун ячарал дидаса рикIкIад.**
**Рагьиларо тIокIалъ дица дур нуцIа,**
**РакIалда хутIана цохIо дур сурат.**

## КАЛАМ

Жакъа бокьилаан, магIарде вахун,
МагIарул мацIалда цо кечI ахIизе.
АхIдолеб гагуги кьотIизе гьабун,
Къварилъи дир бугеб нужей чучизе.

Чилъиялъул бицун, яхIалъул цIехон,
ЩIализе анищ цин нужее къиса.
Къосаразул рикIкIун, ракI унтаразухъ,
Абизе щвелебдай кIал рагьун рагIи.

РагIа-ракьан гьечIеб гьаб Каспий ралъад,
Ругънал чан веказул дуца къулчIарал?
КъвакIарал васазул цIар рехсолаго,
ЩIамхIалаб лъугьанин ккола дида мун.

Керен унтиледухъ зар кьабанани,
КьватIун ине ресцин буго ракIалъул.
РакIалда бугелъул бицинчIонани,
ЧIваралгун бокьила чIаго тезегIан.

* * *

Дун талихIав вугин рикIкIуна дица,
Расулил кучIдузулъ лъимерлъи индал.
Лъалеблъун рикIкIуна дица гьаб гIумру,
Мусал къисабаца куцан ватидал.

Дие мисаллъун нуж руго жакъаги,
РикIкIада росабалъ гIурал поэтал.
Росабазе гIоло къеркьана чанги
Къалам-кагъатгун нуж къасиги къадги.

Цояс дий беццана дирго Дагъистан,
Дунялалда гьелъул цIар рагIизегIан.
КIиабилес кьуна кIочонареб дарс,
Нилъер росабазул берцинлъиялъул.

Беццана нужеца гIагараб тIалъи,
ТIалаб гьелъул даим хвезе течIого.
ХутIана пикрабалъ нуж кIиялго дий,
Даимаб цIар бугел цIвабзазда релълъун.

ЦIорола гьинал ракI нуж гьечIел лъайдал,
ЧIунтула росаби нужеца тарал.
Тана нужеца лъалкI гьаб улкаялда,
Лъидаго кIочене жиндир рес гьечIеб.

## УМУМУЗУЛ ЦО-ЦО ТIАГIАЛАБАЗДА ВА РОЦАБАЗДА ЦIАРАЛ

**Къвалу** – гъанже гIадин гъарзаго кьер-кьерал маххул ва макърал *(пластикалъул)* ведрабиги рукIинчIелъул, умумуз цебе хур бекьулаго хьон хьазе (жанибе тIощел базе) хIалтIизабулаан, хъураб хIайваналъул ботIрол ччукIиги букъун, жанибе квер бегьизе кIалтIуги тун, гъажалда базе чIоло-кварги бухьун, бакъвазабураб, жанибе 5-8 кг унеб гIадаб къвалу.

**Лолен** – лал бокъинабизе оцазда хадуб кIирекъон *(лулби)* балеб, гъоркь магIуги бугеб хъарщимахIаб бакIаб алат.

Балугьен *(балавлен)* – лал тIамулаго лулбиги, лалда рарал оцазул рукьги цоцада щула гьабулеб, ахадаса кIичIараб цIулал гIер.

**ХьицIцIай** – лал бокъиндал, тIощел *(мугь)* хъублъиялдаса бацIцIад гьабизе, лал рехун батIа гьабураб тIощалил гъуни (хьицIцIай рехизе).

**ЧIвагъ** – лал тIамун хадуса лулбуз мугь батIа гьабичIони, ай чIучIинчIого хутIарал тIоразул гохI. Гьеб умумуз хадуб тIилица бухун (чIвагъ бухи), мугь батIа гьабулаан. *(Огь жидер мунагьал чураял умумул рукIарал, бихьулеб захIматалде рачIинчIого магIишат гьабулел чагIи!)*

**РугIун** – бокъараб  лал данде гьабизе, тIохдаса, гьоцIиса гIазу нахъе хъвазе хIалтIизабулеб букIараб, 90-100 см халалъиги, 25-30 см гIеблъиги бугеб хъарщиялда цIулал 1,5-2 метр халалъиялъул, гIоркьги чIван гьабураб алат.

**Раххан** – бугьнадаса гьитIинаб, белалдаса цIикIкIараб, ракь, рак ва гь.ц. рехизе хIалтIизабулеб букIараб, умумуз цIулал гьабулеб букIараб алат.

**Гужгат** – сугърал яги цогидаб хамил жаниб самараб квасги лъун гьабураб, накабазде щолеб, цебесен гъармахъазги рахалеб, тIасан ретIунеб букIараб *(бихьиназ)*, чунтбиги ругеб ретIел.

**Къолден** – некIо рагъде ретIунеб букIараб гуллица яги хочоца борлъулареб материалалъул «гурде».

**Михир** – цебе умумузул гьанже гIадин я махх, я шифер тIохда ккурал рукъзал рукIинчIо. ТIох ракьул гъаталъ бацараб, битIараб букIиндал, цIад-гIазу байгун ракь гьогьлъун, рукъзал гIеккечIого рукIине тIохда ракь гъункизабизе, къазабизе, (гонгихъе лъим бекеруледухъ) тIохда бачунаан, ганчIил бекIкIун гьабураб гургинаб михир. Нагагь гьеб хъулухъ гьабичIого тани, рукъзал гIеккон, рахи-цIул, чIалу-хъарщи турун, тIох цIидасан бзе кколаан.

**Мохрочалаби** – михир тIохда бачине, тIипало, хьон гьоцIиб тIамун, мугь батIа гьабизе хIалтIизабулеб добго михир бачине гьелда ралаан мохрочалаби. Гьел гьарулаан гIемерисеб махил цIулал. Михиралъул кIиябго рахъалда гьарурал картIахъе жанире мохрочалабазул кIичIарал цIулал лълъурдулги ккезарулаан. Гьанже гIолеб гIелалда мохрочалаби щибалицин лъаларо. Араб гIасруялъул 70-абилел соназдаса байбихьун тIохал маххуца ва шифералъ рацизаризе лъугьаралдаса михирги мохрочалабиги тIагIана ана.

**БатIаргьин** – микьида  хьухьараб квасул гIарщ.

Умумузул ххамазда рукIарал цIарал:

Сугъур, исхъали *(чухъаби гьарулаан гьелъул)* измур, махмар, чит, кIаланчIад, маркIули, патисахъ, дарай-зарбал, финтах.

Роцаби:

**Журай** – жамагIаталъул данде бараб гIиял рехъен.

«Журавулъа бачун кьегIерги хъвечIо,
Вокьуларо, эбе, дун гIадамазе».

*(Умумуз аби-бицен).*

**Тавухан** – гъансито – тIала, сверухъ бакI.

**ЖанахI** – гIумру гьабулеб рукъалда цебесеб рукъ (коридор).

Цебе умумузул заманаялъ гьанже гIадин гьарзаго бакIлъи, халалъи борцунел, жанибе жо балел алатал-тIагIалаби рукIинчIелъул, гIадамаз пайда босулел рукIарал жидецаго ургъарал, гьарурал тIагIалабаздасан ва цогидалги ресаздасан цо-цоял руго гьал.

Масала, халалъи борцине хIалтIизарулаан:

**Цедер** – кверзул кIудияб ва чIикIарулеб килищалда гьоркьоб манзил.

**Рокьо** – кIудияб ва гьитIинаб килщазда гьоркьоб манзил.

**Гъвалач** – кIиябго гIебеде битIараб квералда гьоркьоб манзил.

**НатI** – халалъи борцунеб некIсияб роцен *(52, 8см).*

**Гали** – хурзал, харибакIал, гIодоб чIараб *(ракьул)* ва гь.ц. борцунеб букIана галабаз. «Чанго галул манзилалдасан (къадарги абун) батула ицц бугеб бакI».

Цо-цо мехалъ халалъи борцине хIалтIизарулел рукIун руго руччабаз харил магъал цIолел гIаршалги.

ТIорщел ва гь.ц. жанибе базе хIалтIизарулел рукIана цIулал жидецаго гьарурал тIагIалаби:

**Ченгел** – гIага-шагарго консервабазул банкаялда бащадаб роцен.

**СахI** – къолонибе 5 балеб роцен.

**Къолонилъаб** – къолонибе 3 балеб роцен.

**Рикьи** – къолол бащадаб.

**Къали** – гIага-шагарго 12-13 кг цIай бугеб тIорщел жанибе балеб роцен.

**Гереги** – хьаг, гIоркь гьечIеб шагIил хъаба.

БакIлъи борцунел роцаби рукIун руго:

ИштIил, якъи – цIакъго дагьаб гьоцIо, нах борцине хIалтIизарулел.

**Гилавка** – 600 грамм.

**РатIал** – некIсияб цIайи *(2,4 кг)*

**Щигат** – ратIалалъул бащалъи *(1,2 кг.)*

РакIалда руго, щар чIвалеб мехалъ умумуз абулел рукIарал, дандекквеялъул рагIаби:

- «Щар-щар, щигат нахул, ратIал хIанил, хIерч родол».

Гьанже, гьанир рехсаралги цогидалги тIагIалаби музеялда гурони, гIадамазул рокъор рати щакаб буго.

*Рицана рагъул ва захIматалъул ветеран*
*Хунзахъа Гъиматил МухIамадрасулица.*



*Хунзахъа Малачиева Каримат цIалулей йиго Дагъмедакадемиялда. Малачиевалъул кучIдул рахъана гьеб районалъул «Росдал захIматчи» ва республикаялъул «ХIакъикъат» газетазда. «Гъудуллъи» журнал цIалулезулгун Кариматил тIоцебесеб дандчIвай буго гьаб.*

**НИЛЪ ЦIАКЪ ГIЕДЕГIУЛА КIУДИЯЛ ГIЕЗЕ**

**Нилъей кьураб гIумру гIемераб гьечIин,**
**ГIемераб бицунеб рагIана дида.**
**Ралел сонал чияс дагьал рукIунин,**
**КIудиязул хабар толаро кIочон.**

**ГIолиллъи хисула гIолохъанлъиялъ,**
**Хадуб херлъи щола расги лъачIого.**
**Амма гIедегIула кIудиял гIезе,**
**Даимлъи чиясе кьун бугеб гIадин.**

**Даимаб цого цо дуниял буго,**
**Дагьабго заманалъ нилъее кьолеб.**
**Бокьанщинаб гьабун, кепалъе гуреб,**
**Бажарараб лъикIлъи ракьалда тезе.**

**Эбелалъ кинидахъ ахIарал кучIдул**
**Кинабго гIумруялъ цадахъ росизе,**
**ГIаданлъи, намус, яхI умумуз тараб**
**Нилъедаса хадуб ирсалъе кьезе.**

**Росдал гIадатазе хисунгутIизе,**
**Хириялщиназул адаб гьабизе,**
**Инсанасда тIадаб хIалтIи - пишаялъ**
**Берцинго, бацIцIадго дунял гIуцIизе.**

**Хадусел гIелазул биценазда гъорлъ**
**ЛъикIаб ракIалдещвей нахъе хутIизе,**
**Инсаниятalъул таварихалда**
**Баркала хIалалаб лъалкI нахъе тезе.**

*** * ***

**Адабияталъул устарлъиялъул**
**Таварих бечедаб магIарулазул.**
**Маргьабаз, биценаз, халкъиял кучIдуз**
**Куцана намус-яхI анцI-анцI гIелазулъ.**
**Исламияб бичIчIи щулалъиялъе**

**ШаргIиял назмабаз гьабуна кумек.**
**Мавлидал, туркаби, вагIзаби рагIун,**
**ГIолилазулъгицин бижана иман.**

**КигIан кIудиябги халкъ рухIдаллъилел**
**РагIул устарзаби рахъарал нилъер:**
**ГIалихIажи, ЧIанкIа, МахIмудгун ХIамзат**
**ХIикматал шагIирал магIарулазул.**

**Дунял жиндир кучIдуз хIайран гьабурав**
**ХIамзатил Расулил цIар даимлъана.**
**Фазул асараца Дагъистаналъул**
**ГIорхъаби рахъана, халкъаз цIалана.**

**ГIабасил МахIамад, Муса, АхIмадов –**
**Аваразул калам камил гьабурал.**
**Сулейманов, Залму, Заид ХIажиев –**
**Махщалил камиллъи кибго рагIарал.**

**Киназулго цIарал кинан рехселел,**
**Руго нилъер гIемер хъвадарухъаби.**
**РагIиги бегIерал, магIна гъваридал**
**КучIдузги харбазги борхалъи ккурал.**

**ТIАДЕГIАНАЛ ЦIАРАЛ ЦIАКЪ ГIЕМЕР РУГО**

**ЦIар арал гIадамаз, магIнаял ишаз**
**Кибего рагIараб хунздерил тIалъи.**
**ТIабигIат берцинаб, бицен рекъараб,**
**Дур яслъун йикIиналъ ракI чIухIула дир.**

**Суракъат ханасул заманалдаса**
**Дур таварихалъул рехсей бечедаб.**
**Аваразнадиршагь щущазавураб,**
**Рагъулъ дур васазул къеркьей кутакаб.**

**КIудияв ГIумахан – гIакълудал ралъад –**
**Къисабалъ хутIана досул бажари.**
**Шамил имамасул мудирзабазулъ**
**Ахъбердил МухIамад – хIакъав багьадур.**

**ЧIанкIа, ХIамзат, Расул, Фазу, ГIабасил –**
**Гьезул асаразе асирлъана халкъ.**
**РагIул цIайи бугел, гьунар камилал**
**ШагIирзаби гьанир жеги гIемерал.**

**ХIакимлъм аниги, хIурмат хутIана,**
**ТIануси росулъа ГIалиев МухIул.**
**ХIамзатил ХIажияв Дагъистаналда**
**ТIоцеве вахъана академиклъун.**

**Дир хунздерил тIалъи, Дагъистаналда**
**Дур къадруял цIумаз борхалъи ккуна.**
**Хадусел гIелазе мисал хутIарал,**
**ТIадегIанал цIарал цIакъ гIемер руго.**

**ЦIадаса ХIАМЗАТ**

## КЪАДАКОГИ РОСГИ

*(басня)*

**Цо къоялъ къадако, къватIив росги тун,
Къадал картIинисан балагьун чIана.
Къудкузда гьоркьосан цо гьудулги ккун,
Пуланаб гонгида рещтIун бихьана.**

**Гъоркьгоги къваридаб къадкил каранда
Гьезул рагъариялъ ругънал гьаруна.
Росасда бахъараб жиндаго бецIун,
ЦIадай кIанцIун, хвезе хиял гьабуна.**

**Гьединаб хIалалда хIайран букIаго,
ХIулиги кIалдиб ккун, рос тIаде щвана.
«Нилъерго бусаде босанин» абун,
Берцинаб мацI бицун, сверухъ лъугьана.**

**- Дие дур хIулидул хIажалъи гьечIо,
Дурго йокьулелъул кьунсрузда чIван те.
ЧIахIил бугониги, бусенги гIела,
Босе гьудулалъе. Дун жахIайго те.**

**- Йокьулей мун гурищ, кьер берцинаб тIегь,
ТIадагьал рагIаби щайзе рицунел?
ТIокIай мун гурони гьудулги ккечIин,
Щай турарал харбал тенкезарулел?**

**- Россал гIоларезда сверухъги лъугьун,
Дур свер-сверди буго гьанже къваригIун!
Саяхъалщиназул гьудуллъиги ккун,
Мун кIечIезе гьави букIана камун!**

**- Вай, дир берзул канлъи, каранзул дарман,
Кида дун чучарав чидар ясазе?
Чорхол рухIалдаса хирияй дуда
Данде лъолеб жого лъаларо дида.**

- Гьедин ватила мун, радалго вахъун,
Михъ-мегежги къачIан, къватIив лъугьарав;
Къуншбал халатилгун хабар-кIалалда
Хочбарил гонгида рещтIун вукIарав.

- ГьацIулъе цIам балел мацIихъабаца
ЩIалкIулеб рагIуде гIин щай тIамулеб?
ТIасан кIал бахьинал борхьаз ричалел
Чарал хабаразул хал щай гьабулеб?

- Дуца балеб къвалги, къалел бералги
БихьичIезда бице гьединаб рагIи.
Къвалакь гьудулги ккун гочардулелъул,
Гордухъан раккичIел ккве махсароде.

- Ралъдал тIиналдаса гозоялъ босун,
Балищ дур гарбида гургинаб жавгьар!
Жаниб тIавап гьабун, тIад басандизе,
Босун лъелищ аскIоб Истамбул шагьар!

- Месед-гIарцул дунял дуца баниги,
Гьанже нилъер бакъан рекъон ккеларо.
Билкъисил тахида тун хьихьаниги,
Цогидай йокьарав мун вакьан гуро.

- Дица чияр къудкул къвалакь ккунилан,
Къварилъизе ккани, дуй камураб щиб?
КъватIул хIанчIаздасан кеп босунилан,
Мун барщизе ккани, щиб жо эб кколеб?

- ЛъикI буго, дудаго кинан бихьилеб,
Бихьинкъадкида дун къвалакь ятани?
КъварилъичIого ракI букIинадай дур,
Дандиялъ гьелдаса пайда босани?

Бицине мацI бакъван, къварилъиялда,
Къулун гIодойгун аб гIенеккун чIана.
ЧIужуялъул рагIул магIнаги бичIчIун,
БачIун, гьелда цебе гьурмада ккана.



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*Бац1ц1адаб маг1арул мац1,*
*Маг1наяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе «Гьудуллъи».*

*Нилъерго г1адат, г1амал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве «Гьудуллъи».*

